

PANGANGGENIPUN DIKSI INDRIA ING ANTOLOGI CERKAK
***SENTHIR* ANGGITANIPUN SUWARDI ENDRASWARA**

SKRIPSI

Dipunaturaken Dhateng Fakultas Bahasa dan Seni
Universitas Negeri Yogyakarta
Minangka Jejangkeping Pandadaran
Kangge Nggayuh *Gelar Sarjana Pendidikan*



Dening:

Mei Indah Widyaningrum

09205244079

PROGRAM STUDI PENDIDIKAN BAHASA JAWA
JURUSAN PENDIDIKAN BAHASA DAERAH
FAKULTAS BAHASA DAN SENI
UNIVERSITAS NEGERI YOGYAKARTA

2013

PASARUJUKAN

Skripsi kanthi irah-irahan *Panganggenipun Diksi Indria Ing Antologi Cerkak Senthir Anggitanipun Suwardi Endraswara* menika sampun pikantuk palilah dening *pembimbing* kangge dipunandharaken ing salebeting pandhadharan.



Yogyakarta, 17 Desember 2013

Dosen Pembimbing I,

Dra. Siti Mulyani, M.Hum.

NIP. 19620729 198703 2 002

Yogyakarta, 17 Desember 2013

Dosen Pembimbing II,



Avi Meilawati, S.Pd. M.A.

NIP. 19830502 200912 2 003

PANGESAHAN

Skripsi kanthi irah-irahan *Panganggenipun Diksi Indria Ing Antologi Cerkak Senthir Anggitanipun Suwardi Endraswara* menika sampun dipunandharaken ing pandadaran wonten sangajenging *dewan penguji* ing tanggal 31 Desember 2013 saha dipuntetepaken lulus.

DEWAN PENGUJI


Asma	Jabatan	Tapak asma	Tanggal
Dr. Suwardi, M.Hum.	Ketua Penguji		13 Januari 2014
Avi Meilawati, S.Pd., M.A.	Sekretaris Penguji		13 Januari 2014
Drs. Mulyana, M.Hum.	Penguji I		13 Januari 2014
Dra. Siti Mulyani, M.Hum.	Penguji II		13 Januari 2014

Yogyakarta, 13 Januari 2014

Fakultas Bahasa Dan Seni

Universitas Negeri Yogyakarta

Dekan,



Prof. Dr. Zamzani, M.Pd.

NIP. 19550505 198011 1 001

WEDHARAN

Ingang tapak asma wonten ngandhap menika, kula:

Nama : **Mei Indah Widyaningrum**

NIM : 09205244079

Prog. Studi : Pendidikan Bahasa Jawa

Fakultas : Fakultas Bahasa dan Seni

Ngandharaken bilih skripsi menika ingkang damel kula piyambak. Samangertos kula wosing skripsi menika boten dipunserat dening tiyang sanes, kejawi perangan-perangan tartamtu ingkang kula pendhet minangka *acuan* kanthi adhedhasar tata cara etika panyeratan skripsi umumipun sarta dipunserat wonten kapustakan. Wedharan menika dipunserat kanthi saestu. Menawi samangke wonten kasunyatanipun wedharan menika boten leres, sedayanipun dados tanggul jawab kula.

Yogyakarta, 17 Desember 2013

Panyerat



Mei Indah Widyaningrum

SESANTI

- Memayu hayuning pribadi, memayu hayuning kulawarga, memayu hayuning sesama, memayu hayuning bawana.
 - Kebat kliwat gancang pincang.
 - Kawula mung saderma, mobah mosik kersaning Hyang sukmo.

PISUNGSUNG

Kanthi raos syukur dhumateng Allah SWT, skripsi menika kula aturaken dhateng tiyang sepuh kula, Bapak Dasto lan Ibu Jumiyanthi ingkang sampun paring panjurung, tresna saha asihipun.

PRAWACANA

Panyerat munjukaken puji syukur dhumateng Allah SWT ingkang sampun paring kasarasan, kanikmatan saha kabagyan dhateng panyerat satemah skripsi kanthi irah-irahan *Panganggenipun Diksi Indria Ing Antologi Cerkak Anggitanipun Suwardi Endraswara*, sampun pungkasan anggenipun nyerat. Skripsi menika kaserat minangka jejangkeping sarat kangge nggayuh *gelar sarjana pendidikan* wonten ing Universitas Negeri Yogyakarta.

Panyerat ngaturaken agunging panuwun dhumateng sedaya pihak ingkang sampun mbiyantu saha nyengkuyung anggenipun damel saha ngrampungaken skripsi menika. Awit saking menika panyerat ngaturaken gunging panuwun dhateng:

1. Bapak Prof. Dr. Rochmat Wahab, M.Pd. M.A. minangka Rektor Universitas Negeri Yogyakarta.
2. Bapak Prof. Dr. Zamzani minangka Dekan Fakultas Bahasa dan Seni, Universitas Negeri Yogyakarta ingkang sampun paring idin kangge nyusun skripsi menika.
3. Bapak Dr. Suwardi, M.Hum minangka Pangarsa Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah ingkang sampun paring palilah kangge nindakaken panaliten menika.
4. Ibu Siti Mulyani, M.Hum minangka dosen pembimbing I saha Ibu Avi Meilawati, S.Pd. M.A. minangka dosen pembimbing II ingkang sampun paring panjurung, pamrayogi lan ngelmu kanthi lila legawaning manah, satemah skripsi menika saged paripurna kanthi sae.
5. Bapak lan Ibu dosen, saha staf jurusan Pendidikan Bahasa Daerah awit sedaya ngelmu ingkang sampun dipunparingaken.
6. Bapak Dasto lan Ibu Jumiyanti ingkang sampun nyengkuyung saha paring panjurung, *motivasi* lan *materiil*, saha adik Muhammad Abdellah Azis Luthfi lan Muhammad Abdellah Azis Basthin ingkang sampun paring donga, tresna saha ashipun satemah skripsi menika saged dipunpungkasi kanthi sae.

7. Kanca-kanca kelas H/2009 saha kanca-kanca jurusan Pendidikan Bahasa Daerah ingkang sampun paring panjurung satemah anggenipun nyerat skripsi saged kaimpun kanthi sae.
8. Kanca-kanca Karangmalang A25 ingkang sampun paring donga, tresna saha semangat anggenipun ngrampungaken skripsi saged kaimpun kanthi sae.

Skripsi menika dereng saged kawastan sae lan jangkep, menapa malih sampurna. Pramila saking menika menapa dene wonten panyaruwe ingkang tumuju murih langkung sae, jangkep, saha sampurnaning panaliten menika, tansah katampi kanthi bingahing manah saha atur agunging panuwun. Panyerat angajeng-ajeng mugu-mugu panaliten menika sageda murakabi, Amin.

Yogyakarta, 17 Desember 2013

Panyerat,



Mei Indah Widyaningrum

WOSING ISI

	Kaca
IRAH-IRAHAN	i
PASARUJUKAN	ii
PANGESAHAN	iii
WEDHARAN	iv
SESANTI	v
PISUNGSUNG	vi
PRAWACANA	vii
WOSING ISI	ix
DHAFTAR CEKAKAN	xi
DHAFTAR TABEL	xii
SARINING PANALITEN	xiv

BAB I PURWAKA

A. Dhasaring Panaliten.....	1
B. Underaning Perkawis.....	5
C. Watesaning Perkawis.....	6
D. Wosing Perkawis.....	6
E. Ancasing Panaliten.....	7
F. Paedahing Panaliten.....	7
G. Tembung-tembung Mirunggan.....	8

BAB II GEGARAN TEORI

A. Semantik.....	10
B. Hakikat Diksi.....	11
1. Pangertosan Diksi.....	11
2. Kualitas Diksi.....	13
3. Wujud <i>Satuan Lingual</i> Diksi Indria.....	18
4. Jinising Diksi.....	20

C. Diksi Indria.....	22
D. Ewahing Makna.....	26
E. Panganggenipun Diksi Ing Cerkak.....	37
F. Fungsi Panganggening Diksi Ing Salebeting Karya Sastra.....	39
G. Cerita Cerkak.....	42
H. Panaliten Inggang Jumbuh.....	44
I. Nalaring Panaliten.....	46
BAB III CARA PANALITEN	
A. Jinising Panaliten.....	48
B. Dhata Lan Sumber Dhata Panaliten.....	49
C. Cara Ngempalaken Dhata.....	49
D. Instrumen Panaliten.....	51
E. Cara Nganalisis Dhata.....	52
F. Keabsahan Dhata.....	54
BAB IV ASILING PANALITEN SAHA PIREMBAGAN	
A. Asiling Panaliten.....	57
B. Pirembagan.....	67
1. Tembung.....	67
2. <i>Frasa</i>	79
BAB V PANUTUP	
A. Dudutan.....	96
B. Pamrayogi.....	97
C. Implikasi.....	97
KAPUSTAKAN	99
LAMPIRAN	101

DHAFTAR CEKAKAN

AK	= Anggara Kasih
BK	= Bathara Kala
Blk	= Blangkon
Btg	= Bathang
Dln	= Dalan
Dsm	= Dasamuka
Frh	= Fitroh
<i>Frs</i>	= <i>Frasa</i>
Gln	= Gelungan
Grs	= Garis
Ils	= Ilusi
JW	= Jaran Wadon
Kpg	= Kuping
LK	= Lawang Kaca
Llr	= Laler
MK	= Menara Kristal
MKK	= Mujudaken Kesan Kasar
MKKM	= Mujudaken Kesan saha Kawontenan Mirunggan
MME	= Mujudaken Makna Enggal
NGU	= Nggesangaken Gambaran Ukara
NK	= Nggambaraken Kawontenan
NRE	= Nggambaraken Raos Emosi
Pgc	= Pangep
Pgg	= Pangganda
Pgs	= Pangusap
Pmr	= Pamireng
Png	= Paningal
RA	= Ratu Adil
Sbh	= Sembah

SDPK	= Suka Daya Pangaribawa Kaendahan
Skr	= Sukerta
Smr	= Semar
SP	= Satriya Piningit
Str	= Senthir
TDR	= Togog Dadi Ratu
TE	= Tawon Endhas
Tmb	=Tembung
UE	= Untu Emas
XY	= X____Y

DHAFTAR TABEL

	Kaca
<i>Tabel 1</i> : Format Analisis Dhata.....	53
<i>Tabel 2</i> :Wujud <i>Satuan Lingual</i> , Jinis saha Fungsi Panganggenipun Diksi Indria Ingkang Wonten ing Antologi Cerkak <i>Senthir</i> Anggitanipun Suwardi Endraswara.....	58
<i>Tabel 3</i> : Analisis Wujud <i>Satuan Lingual</i> , Jinis saha Fungsi Diksi Indria ing Antologi Cerkak <i>Senthir</i> Anggitanipun Suwardi Endraswara.....	101

**PANGANGGENIPUN DIKSI INDRIA ING ANTOLOGI CERKAK
SENTHIR ANGGITANIPUN SUWARDI ENDRASWARA**

**Dening Mei Indah Widyaningrum
NIM. 09205244079**

SARINING PANALITEN

Panaliten menika gadhah ancas kangge ngandharaken panganggenipun diksi indria ingkang wonten ing antologi cerkak *Senthir* anggitanipun Suwardi Endraswara. Panganggenipun diksi indria menika dipunandharaken bab wujud *satuan lingual*, jinis saha fungsipun diksi indria ing antologi cerkak kasebat.

Metode panaliten ingkang dipunginakaken inggih menika metode panaliten deskriptif. Dhata ing panaliten menika awujud tembung saha frasa ingkang dipuntingali miturut jinis lan fungsi panganggenipun diksi indria. Sumber dhatanipun inggih menika antologi cerkak *Senthir* anggitanipun Suwardi Endraswara. Cara ingkang dipunginakaken kangge ngempalaken dhata inggih menika kanthi cara maos lan nyerat. Dhata dipunanalisis kanthi ngginakaken cara deskriptif. *Validitas* dhata kapanggihaken kanthi *validitas* semantik lan triangulasi teori saha *reliabilitas* dhata ingkang dipunginakaken inggih menika *reliabilitas* stabilitas.

Asiling panaliten inggih menika, wujud *satuan lingual* ingkang kapanggihaken inggih menika awujud tembung lan frasa, jinis diksi indria ingkang kapanggihaken inggih menika diksi indria paningal, diksi indria pamireng, diksi indria pangganda, diksi indria pangecap, saha diksi indria pangusap, jinis diksi indria ingkang asring dipunginakaken ing antologi cerkak *Senthir* inggih menika diksi indria paningal. Fungsi diksi indria ingkang kapanggihaken inggih menika kangge suka daya pangaribawa kaendahan, mujudaken kesan saha kawontenan mirunggan, mujudaken makna enggal, nggambaraken kawontenan (kadadosan saha kahanan), nggambaraken raos emosi, nggesangaken gambaran ukara, saha mujudaken kesan kasar, fungsi diksi indria ingkang asring dipunginakaken ing antologi cerkak *Senthir* inggih menika kangge nggambaraken kawontenan (kadadosan saha kahanan).

BAB I PURWAKA

A. Dhasaring Panaliten

Basa Jawa minangka basa ingkang kathah dipunginakaken dening suku bangsa Jawa inggih menika ing Jawa Tengah, Yogyakarta lan Jawa Timur. Basa Jawa ugi kathah dipunginakaken ing papan sanesipun nalikanipun tumut program transmigrasi ingkang sampun wonten wiwit jaman penjajahan Belanda. Program transmigrasi lan kathahipun masarakat Jawa ingkang ngumbara ndadosaken basa Jawa saged ngrembaka wonten ing maneka warna daerah.

Kanthi pangrembakanipun basa Jawa ingkang namung saking guneman menika ndadosaken kathahipun dialek basa Jawi ingkang wonten ing maneka warna papan. Salah satunggaling sebabipun inggih menika amargi tiyang ingkang ngendika ngginakaken basa Jawi kanthi logat ingkang beda saengga saged ndadosaken menapa ingkang dipunandharaken beda kaliyan menapa ingkang dipunmirengaken. Sinaosa kanthi logat ingkang beda ananging kanthi pamilihing tembung ingkang trep saged nggampilaken tiyang sanes anggenipun mangertosi menapa ingkang dipunkajengaken mliginipun wonten ing karya sastra.

Pamilihing tembung utawi diksi ingkang dipunginakaken ing salebeting karya sastra kathah jinisipun. Diksi indria minangka salah satunggaling diksi ingkang asring dipunginakaken wonten ing karya sastra. Diksi indria inggih menika minangka tembung ingkang dipunraosaken utawi dipuntampi dening saben panca indera. Jinising diksi indria ingkang wonten antawisipun gayut kaliyan indera paningal, indera pangusap, indera pangganda, indera pangecap saha indera

pamireng. Indera paningal inggih menika mripat (*organ visual*) ingkang *sensitive* dhumateng rangsang cahya, nampi kesan supados dipundeskrisikaken. Indera pangusap inggih menika kulit ingkang peka kaliyan *tekanan, suhu, sentuhan* lan *rabaan*. Indera pangganda inggih menika grana (*organ olfaktoius*), inggih menika ingkang nampi ganda kadosta ganda arum lan ganda banger. Indera pangecap inggih menika lidhah ingkang ngraosaken manis, pait, asin, lan sapanunggalipun. Lan indera pamireng inggih menika talingan (*organ auditorik*), inggih menika kesan swanten ingkang dipuntampi lan dipuntafsiraken.

Inkang sepisan inggih menika tetembungan ingkang kalebet jinis diksi indria paningal, umpaminipun tembung *‘sumunar kuning gadhing’* wonten ing ukara **‘Jaragan sing didhepke ing ngarepku mung barang sumunar kuning gadhing’** (SB/kaca 11). Tembung *‘sumunar kuning gadhing’* nedahaken jinis diksi indria paningal amargi wonten ukaranipun nedahaken bilih tiyang menika ningali samukawis ingkang rupanipun kuning gadhing. Samukawis menika namung saged dipuntampi dening indera paningal amargi gayut kaliyan warna ingkang boten saged dipuntampi dening indera sanesipun.

Inkang kaping kalih inggih menika tetembungan ingkang kalebet jinis diksi indria pangusap, umpaminipun tembung *‘panas’* wonten ing ukara **‘Ngerti-ngerti papan sing dak ambah krasa panas, nglothokake kulit’** (DL/kaca 46). Tembung *‘panas’* nedahaken jinis diksi indria pangusap, amargi *‘panas’* menika nggambaraken papan ingkang suhunipun langkung saking normal ingkang dipunraosaken dening kulit minangka indera pangusap. Tembung *‘panas’* ingkang wonten ing pethikan menika boten namung nedahaken papan, ananging kahanan

ingkang sampun dipunraosaken dening paraga, saengga dhata menika kalebet diksi indria pangusap amargi dipunraosaken dening kulit lan boten saged dipunraosaken dening indera sanesipun.

Ingang kaping tiga tetembungan ingkang kalebet jinis diksi indria pangganda, umpaminipun tembung '*ganda uleng-ulengan*' wonten ing ukara '**Ngumbar *ganda uleng-ulengan*, ngluwihi bathang**' (SKR/kaca 19). Tembung '*ganda uleng-ulengan*' inggih menika ganda ingkang uleng-ulengan (mambet sanget), langkung saking bathang. Tembung menika nedahaken jinis diksi indria pangganda amargi dipuntampi dening indera pangganda inggih menika grana. Ganda menika namung saged dipuntampi dening indera pangganda amargi ingkang sumebar menika awujud ganda ingkang boten saged dipuntingali utawi dipunraosaken dening indera sanesipun.

Ingang kaping sekawan tetembungan ingkang kalebet jinis diksi indria pangecap, umpaminipun tembung '*sepa*' wonten ing ukara '**Luwih-luwih nggon mangan. Yen kon nelab-neleb dhong tela kaspas, wis krasa *sepa***' (UE/kaca 183). Tembung '*sepa*' tegesipun inggih menika boten wonten raosipun. Tembung menika nedahaken jinis diksi indria pangecap amargi menika dipunraosaken dening indera *perasa* utawi lathi. Tembung '*sepa*' menika dipunraosaken nalika dipunkecap saengga namung dipuntampi dening indera pangecap lan boten saged dipunraosaken dening indera sanesipun.

Ingang kaping gangsal tetembungan ingkang kalebet jinis diksi indria pamireng, umpaminipun tembung '*bengoke*' wonten ing ukara '**Lagi nengah-nengahi jibeg, ngolak-alik nalar, golek cara nundhung tawon; seka dalan**

gedhe sisih kidul keprungu *bengoke* wong-wong enom' (TE/kaca 22).

Tembung '*bengoke*' nedahaken jinis diksi indria pamireng amargi menika gayutipun kaliyan talingan ingkang saged dipuntampi kanthi mirengaken. Tembung '*bengoke*' tegesipun nywanten kanthi sora sanget, saengga tembung '*bengoke*' namung saged dipuntampi dening indera pamireng lan boten saged dipuntampi dening indera sanesipun.

Wontenipun jinis diksi ingkang *variatif* saged narik kawigatosanipun tiyang ingkang maos anggenipun mangertosi karya sastra. Wonten ing panaliten menika samangke saged dipunmangertosi diksi indria menapa kemawon ingkang dipunginakaken panganggit kangge ngandharaken wosing cariyos saha fungsi utawi paedah panganggenipun diksi indria. Kanthi analisis diksi indria kita saged mangertos tembung mligi ingkang ngandharaken kadadosan ingkang dipunraosaken dening panca indera kanthi sae, saengga makna utawi wosing cariyos saged dipunpahami (*diimajinasi*) dening tiyang ingkang maos. Panganggenipun jinis diksi indria minangka wujud *variasi* diksi ingkang saged narik kawigatosan, saengga nilai saking karya sastra ingkang sinerat saged langkung inggil, lan saged narik minat tiyang ingkang maos kangge ngapresiasikaken wosing cariyos ingkang kathah maknaipun.

Panaliten menika kedah diputindakaken amargi panaliti ningali taksih sakedhik panaliten-panaliten ingkang ngrembag bab diksi mliginipun diksi indria. Kejawi menika, antologi cerkak menika dereng nate dipuntliti kanthi ngginakaken analisis wujud *satuan lingual*, jinis diksi indria saha fungsipun. Panganggenipun diksi indria ing antologi cerkak *Senthir* anggitanipun Suwardi Endraswara saged

narik kawigatosan panaliti supados ngrembag saha nлити ingkang gayut kaliyan wujud *satuan lingual*, jinising diksi indria saha fungsipun. Awit saking menika, panaliten menika dipunlampahi supados mangertos panganggening diksi indria ing antologi cerkak *Senthir*.

B. Underaning Perkawis

Sambetanipun kaliyan dhasaring panaliten ingkang sampun kaandharaken wonten nginggil, saengga wonten panaliten menika saged kapendhet underaning perkawisipun. Wondene underaning perkawis ingkang wonten ing panaliten kados wonten ngandhap menika.

1. Majas ingkang wonten ing antolog cerkak *Senthir* anggitanipun Suwardi Endraswara.
2. *Ragam bahasa* ingkang dipunginakaken ing antologi cerkak *Senthir* anggitanipun Suwardi Endraswara.
3. Diksi ingkang wonten ing antologi cerkak *Senthir* anggitanipun Suwardi Endraswara.
4. Wujud *satuan lingual* diksi indria ingkang wonten ing antologi cerkak *Senthir* anggitanipun Suwardi Endraswara.
5. Jinis diksi indria ingkang dipunginakaken ing antologi cerkak *Senthir* anggitanipun Suwardi Endraswara.
6. Panganggenipun diksi indria ing antologi cerkak *Senthir* anggitanipun Suwardi Endraswara.

7. Fungsi panganggenipun diksi indria ing antologi cerkak *Senthir* anggitanipun Suwardi Endraswara.

C. Watesaning Perkawis

Miturut underaning perkawis wonten nginggil, saha supados panaliten menika langkung fokus, saengga perkawis wonten panaliten menika prelu dipunwatesi. Panaliten menika dipunwatesi kanthi aspek-aspek perkawis kados wonten ngandhap menika.

1. Wujud *satuan lingual* diksi indria ingkang wonten ing antologi cerkak *Senthir* anggitanipun Suwardi Endraswara.
2. Jinis diksi indria ingkang dipunginakaken ing antologi cerkak *Senthir* anggitanipun Suwardi Endraswara.
3. Fungsi panganggenipun diksi indria ing antologi cerkak *Senthir* anggitanipun Suwardi Endraswara.

D. Wosing Perkawis

Miturut saking underaning lan watesaning perkawis wonten nginggil, saged kapendhet wosing perkawis. Wondene wosing perkawis ingkang wonten ing panaliten kados wonten ngandhap menika.

1. Kados pundi wujud *satuan lingual* diksi indria ingkang wonten ing antologi cerkak *Senthir* anggitanipun Suwardi Endraswara?
2. Menapa kemawon jinis diksi indria ingkang wonten ing antologi cerkak *Senthir* anggitanipun Suwardi Endraswara?

3. Menapa kemawon fungsi panganggenipun diksi indria ingkang wonten ing antologi cerkak *Senthir* anggitanipun Suwardi Endraswara?

E. Ancasing Panaliten

Katingal saking wosing perkawis ingkang wonten saengga saged kapendhet ancasipun panaliten. Wondene ancas saking panaliten kados wonten ngandhap menika.

1. Ngandharaken wujud *satuan lingual* diksi indria ingkang wonten ing antologi cerkak *Senthir* anggitanipun Suwardi Endraswara.
2. Ngandharaken jinis diksi indria ingkang wonten ing antologi cerkak *Senthir* anggitanipun Suwardi Endraswara.
3. Ngandharaken fungsi panganggenipun diksi indria ingkang wonten ing antologi cerkak *Senthir* anggitanipun Suwardi Endraswara.

F. Paedahing Panaliten

Paedah wonten ing panaliten menika wonten kalih inggih menika paedah panaliten kanthi teoritis lan paedah panaliten kanthi praktis. Panaliten menika dipunkajengaken saged gadhah paedah kados wonten ngandhap menika.

1. Paedah Teoritis
 - a. Panaliten menika kaangkah saged nambah kawruh kangge mindakaken kesagedan nganalisis diksi saha kajian panaliten ingkang sami.
 - b. Panaliten menika kaangkah saged nambah kajian dhumateng karya sastra, mliginipun cerkak.

2. Paedah Praktis

- a. Paedah kangge mahasiswa minangka sumber pasinaon basa Jawa lan nambah materi kangge mindakaken kesagedan minangka nganalisis diksi mliginipun jinis diksi indria kanthi sae.
- b. Paedah kangge lembaga minangka tambahan ilmu ing ranah pasinaon semantik mliginipun ingkang gayutipun kaliyan diksi.

G. Tembung-tembung Mirunggan

1. Diksi Indria

Diksi inggih menika pamilihing lan panganggenipun tembung ingkang dipunginakaken dening panganggit kanthi nggatosaken aspek makna tembung inggih menika makna kanthi denotatif lan makna kanthi konotatif, amargi tembung saged nuwuhaken langkung saking satunggal pangertosan. Diksi indria minangka salah satunggaling jinis diksi ingkang ngandharaken samukawis ingkang dipunraosaken dening panca indera, inggih menika indera paningal, pamireng, pangusap, pangecap, lan pangganda.

2. Antologi Cerkak

Cerkak utawi *cerpen* inggih menika cerita cekak, ananging ukuran panjang lan cekakipun menika boten wonten aturanipun, boten wonten aturan antawisipun panganggit lan para ahli. Antologi cerkak inggih menika kempalan cerkak ingkang sampun dipunkempalaken dados setunggal buku. Antologi cerkak *Senthir* anggitanipun Suwardi Endraswara minangka kempalan cerkak ingkang isinipun wonten 25 cerkak inggih menika Sembah, Sukerta, Tawon Endhas, Gelungan,

Kuping, Senthir, Dalan, Anggara Kasih, Bathara Kala, Bathang, Blangkon, Satriya Piningit, Lawang Kaca, Dasamuka, Laler, Menara Kristal, Garis, Ratu Adil, Jaran Wadon, Togog Dadi Ratu, X____Y, Semar, Ilusi, Fitroh, lan Untu Emas.

BAB II GEGARAN TEORI

A. Semantik

Semantik minangka salah satunggaling cabang ilmu *linguistik* ingkang madosi tegesing tembung utawi ukara. Semantik miturut Chaer (1990:2), minangka *istilah* ingkang dipunginakaken kangge bidhang tata basa ingkang gayutipun kaliyan tandha *linguistik* kaliyan bab ingkang dipunparingi tandha. Awit saking menika, semantik menika saged dipuntegesi minangka ilmu ingkang gayut kaliyan makna tembung.

Gayut kaliyan pangertosan wonten nginggil, Tarigan (1985:7) ngandharaken bilih semantik inggih menika *telaah makna*. Semantik *menelaah* lambang utawi tandha ingkang ngandharaken makna, gayutipun makna ingkang setunggal kaliyan sanesipun, lan pangaribawanipun dhumateng tiyang lan masarakat. Awit saking menika semantik ngemu makna tembung ingkang ngrembaka saha ewahipun. Dados semantik minangka cabang ilmu ingkang madosi makna saking lambang utawi tandha saha madosi makna saking tembung utawi ukara.

Jumbuh kaliyan pangertosan wonten nginggil, Pateda (1989:23) nyebataken bilih semantik minangka ilmu ingkang gayut kaliyan makna ing salebeting basa kadosdene menapa ingkang wonten lan winates ing pengalaman manungsa. Semantik ngandharaken makna tembung lan satuannya ingkang cetha langkung asipat *verbal*. Semantik gayut kaliyan makna tandha. Dados semantik minangka ilmu ingkang gayut kaliyan makna tandha ing salebeting basa.

Adhedhasar pangertosan wonten nginggil, saged dipunpendhet dudutanipun bilih semantik inggih menika ilmu ingkang nyinau *lambang-lambang* utawi tandha-tandha. *Lambang* utawi tandha menika ngandharaken *makna*, gayutipun *makna* satunggal lan sanesipun, saha gayutipun antawisipun *konsep* utawi *makna* saking tembung menika. Semantik saged nggampilaken nalika milih lan ngginakaken tembung kanthi makna ingkang trep kangge ngandharaken pamanggih kagem tiyang sanes.

B. Hakikat Diksi

1. Pangertosan Diksi

Diksi inggih menika pamilihing saha panganggenipun tembung kanthi trep kangge makili pamanggih saha raos ingkang badhe dipunandharaken wonten ing salebeting ukara. Miturut Enre (1988:101), pamilihing tembung utawi diksi ingkang trep menika saged nggampilaken tiyang nalika badhe ngandharaken ide utawi pamanggih menika.

Jumbuh kaliyan pangertosan wonten nginggil, Achmadi (1988:126) nyebataken bilih diksi (*diction*) inggih menika seleksi tetembungan kangge ngandharaken ide utawi pamanggih lan raos. Diksi ingkang sae inggih menika pamilihing tetembungan kanthi efektif lan trep ing salebeting makna, saha trep kangge pokok perkawis, *audien*, lan kedadayan. Diksi minangka *terminologi* utawi istilah ingkang wiyar, ingkang gadhah teges pamilihing tetembungan.

Gayut kaliyan pamanggih wonten nginggil, Keraf (2005:22) ngandharaken bilih pamilihing tembung utawi diksi boten namung dipunginakaken kangge

ngandharaken tembung pundi ingkang dipunginakaken kangge ngandharaken pamanggih utawi *gagasan*, ananging ugi dipunginakaken kangge ngandharaken samukawis ingkang gayut kaliyan bab *fraseologi*, *gaya bahasa*, lan *ungkapan*. *Fraseologi* gayut kaliyan bab tetembungan wonten ing kelompokipun utawi susunanipun, utawi ingkang gayut kaliyan cara ingkang mligi awujud ungkapan. Lelewaning basa minangka perangan saking diksi gayut kaliyan ungkapan ingkang *individual* utawi *karakteristik*, utawi ingkang gadhah *nilai artistik* ingkang langkung.

Wonten pagesangan ing padintenan kita asring kepanggih kaliyan tiyang ingkang awrat sanget anggenipun ngandharaken ancas pangandikanipun lan langkung sakedhik *variasi* basanipun. Ananging saged ugi kita kepanggih kaliyan tiyang ingkang asring ngendika lan kathah ugi *perbendaharaan* tembungipun, ananging boten wonten makna saking pangandikanipun. Supados boten mlebet wonten ing kalih *ekstrim* kalawau, masarakat kedah mangertos kados pundi wigatinipun tembung ing komunikasi padintenan.

Ingkang dipunkajengaken kaliyan *istilah* diksi inggih menika milih tembung lan caranipun ngginakaken tembung kanthi trep kangge nyenyulih penggalih saha raos ingkang badhe dipunserat wonten ing *pola* ukara. Kathah jinisipun konsep ingkang badhe dipunserat wonten ing ujaran, ananging cacahing tembung namung winates, saengga boten sedaya konsep menika saged dipunsulih dening satunggal tembung.

Priyantun ingkang nguwaosi tetembungan ingkang kathah gadhah kaprigelan ingkang langkung sae kangge milih tetembungan ingkang trep lan langkung

harmonis kangge ngandharaken ancas saking pamanggihipun. Wonten ugi ingkang nggatosaken trep menapa boten tembung menika saengga saged mbekta asil ingkang dipunkajengaken. Pamilihing tembung boten namung nggatosaken trep menapa boten anggenipun ngginakaken tembung, ananging ugi nggatosaken menapa tembung ingkang dipunginakaken menika saged dipuntampi menapa boten. Wonten masarakat ingkang kaiket dening norma ugi gadhah kekajengan bilih tetembungan ingkang dipunginakaken kedah trep kaliyan norma-norma masarakat lan kedah trep kaliyan kahanan ingkang wonten.

Saking andharan menika saged dipunpendhet dudutanipun babagan diksi. Pamilihing tembung utawi diksi gayut kaliyan pangertosan tetembungan ingkang dipunginakaken kangge ngandharaken pamanggih, kados pundi damel kelompok tetembungan ingkang trep utawi ngginakaken andharan-andharan ingkang trep kaliyan kahananipun. Pamilihing tembung ugi dipunginakaken kangge mbedakaken makna saking pamanggih ingkang badhe dipunandharaken, lan saged trep kaliyan kahanan lan nilai raos saking tiyang ingkang mirengaken. Ingkang dados pangaribawa inggih menika *perbendaharaan* tembung minangka salah satunggaling aspek ingkang dados pangaribawa dhumateng tiyang sanes, menapa tiyang menika saged ngginakaken diksi kanthi trep menapa boten.

2. Kualitas Diksi

Diksi ingkang sae inggih menika pamilihing tetembungan ingkang dipuntrepaken kaliyan kabetahanipun panganggit kanthi efektivitas ingkang *maksimum*. Miturut Achmadi (1988:136-141), tetembungan ingkang kados

menika minangka tetembungan ingkang trep kaliyan denotasipun, trep kaliyan konotasipun, lan ingkang spesifik saha kongkrit kaliyan konteksipun.

a. *Ketepatan ing Salebeting Denotasi*

Tuntutan utawi sarat ingkang sepisan supados tembung menika dados efektif inggih menika bilih denotasipun, makna spesifikipun, kedah trep saha leres kaliyan menapa ingkang dipunkajengaken dening panganggitipun wonten ing butir ekspresipun. Kanthi menika, panganggit kedah ngatos-atos kaliyan sinonim: tembung ingkang *similar* ananging sejatosipun boten sami maknanipun.

Ing salebeting proses komunikasi basa, wonten kathah cacahing sinonim ingkang dipunginakaken panganggit kangge ngandharaken menapa ingkang dipunkajengaken. Asring ugi namung setunggal ingkang ngandharaken kanthi trep. Panganggit boten kedah puas kaliyan sedaya makna menika, ananging kedah nggatosaken sinonim-sinonim menika kangge nemtokaken tembung pundi ingkang kedah dipunpilih lan dipunginakaken supados trep kaliyan ancasipun.

b. *Mengontrol Konotasi*

Sarat ingkang kaping kalih kangge ngaktifaken satunggaling tembung inggih menika bilih konotasipun kedah dipunkontrol kanthi cermat. Bab menika tegesipun bilih asosiasi dipunsugestikaken dening satunggaling tembung, wonten gayutipun kaliyan makna ingkang pokok lan utami, kedah trep kaliyan konteks saha *intense* panganggitipun.

Wonten ing seratan obyektif ingkang murni, *impredonal*, dan *faktual*, asosiasi-asosiasi sugestif lan boten ngginakaken andharan-andharan imajinatif ingkang ngayawara, wonten mriki diksi kedah dipunwatesi ing tetembungan ingkang sakedhik utawi boten wonten konotasipun. Seratan ilmiah ingkang objektivitasipun *esensial*, dipunparingi tandha kanthi ngginakaken istilah ingkang mligi lan gadhah denotasi ingkang trep ananging boten wonten konotasipun.

c. *Kekhususan* lan Kasunyatan

Sarat kaping tiga saking efektivitas tembung inggih menika biasanipun tembung gadhah makna spesifik trep kaliyan konteksipun. Gayutipun kaliyan sarat menika inggih menika nilai kongkrit ing salebeting diksi. Wonten ing panganggenipun ingkang umum, tetembungan ingkang spesifik saha kongkrit kekalihipun *dipertentangkan* kaliyan abstrak, sinaosa kalih *pertentangan* menika tembung abstrak gadhah kalih makna ingkang beda.

Menawi *dipertentangkan* kanthi *konkrit*, *abstrak* tegesipun “tumuju ing pamanggih ingkang boten saged dipunusap” utawi “samukawis kualitas ingkang boten saged dipunusap” (umpaminipun: leres, lepat, kaendahan, lan sapanunggalanipun). Ananging tembung *konkrit* tumuju ing samukawis ingkang saged dipuntingali kanthi langsung dening setunggal utawi langkung saking panca indera manungsa.

d. *Variasi*

Sarat ingkang kaping sekawan saking tetembungan inggih menika bilih tetembungan kedah dipertimbangkan kanthi alus saha wicaksana nalika damel

variasinipun supados boten wonten pengulangan ingkang *monotonus*. Sarat menika ingkang utami kathah dipunginakaken ing tetembungan tinimbang ing salebeting tembung tunggal, amargi variasi menika boten minangka kualitas tembung tunggal.

Bebayaning nalika ngambali tembung ingkang *monotonus* inggih menika bebaya bilih tiyang ingkang nyerat saged kirang wicaksana kanthi asring ngambali tetembungan kanthi boten nggatosaken kanthi sae, ing salebeting wekdal ingkang cekak. Awit saking wontenipun *kemungkinan* sanesipun: bilih panganggit saged ngginakaken ekspresi-ekspresi ingkang sampun asring dipunginakaken.

Gayut kaliyan pamanggih wonten nginggil, Keraf (2005:88-89) ngandharaken bilih tembung ingkang dipunginakaken menika sampun trep saged ketingal saking reaksi salajengipun, inggih menika aksi *verbal* lan saged ugi aksi *non-verbal* saking tiyang ingkang maos utawi tiyang ingkang mirengaken. Wonten bab ingkang kedah dipungatosaken saben tiyang supados saged trep anggenipun milih tembung ingkang badhe dipunginakaken. Bab menika badhe kaandharaken kados wonten ngandhap menika.

- a. Mbedakaken kanthi cermat denotasi saking konotasi. Saking kalih tembung ingkang gadhah makna sami, kedah nemtokaken pundi ingkang dipunginakaken kangge nggayuh ancasipun. Menawi namung pangertosan dhasar ingkang dipunkajengaken, kedah milih tembung ingkang denotatif, menawi ingkang dipunkajengaken *reaksi emosional* tartamtu, kedah ngginakaken tembung konotatif trep kaliyan ancas ingkang badhe dipungayuh.

- b. Mbedakaken kanthi cermat tetembungan ingkang ngginakaken sinonim. Tembung ingkang ngginakaken sinonim boten mesthi gadhah *distribusi* ingkang saged njangkepi. Awit saking menika, panganggit utawi tiyang ingkang maos kedah ngatos-atos anggenipun milih tembung saking sinonim ingkang wonten kangge ngandharaken menapa ingkang dipunkajengaken, saengga boten wonten *interpretasi* ingkang beda.
- c. Mbedakaken tetembungan ingkang sami ing ejaanipun. Menawi panganggit menika boten saged mbedakaken tetembungan ingkang sami ejaanipun, saengga saged tuwuh akibat ingkang boten dipunkajengaken, inggih menika *salah paham*. Tetembungan ingkang katingal sami antawisipun: *interferensi* – *inferensi*, *karton* – *kartun*, *preposisi* – *proposisi*, *korporasi* – *koperasi*, *maca* – *manca*, lan sapanunggalanipun.
- d. Boten ngginakaken tetembungan ingkang damel piyambak. Basa ngrembaka miturut kaliyan pangrembakanipun wonten ing masarakat. Pangrembakanipun basa menika katingal saking wuwuhipun tetembungan enggal. Ananging bab menika boten ateges saben tiyang saged damel tembung enggal sakepenakipun piyambak. Tembung enggal biasanipun katingal amargi dipunginakaken kaliyan tiyang ingkang kondhang utawi panganggit kondhang. Menawi masarakat sanesipun saged nampi tembung menika, saengga tembung menika saged dados kagunganipun masarakat.
- e. Waspada kaliyan pangangenipun panambang asing, ingkang utami tetembungan asing ingkang wonten panambang asing menika. Nggatosaken

panganggenipun: *favorable – favorit, idiom – idiomatik, progress – progresif, kultur – cultural*, lan sapanunggalanipun.

- f. Tembung kriya ingkang ngginakaken tembung ancer kedah dipunginakaken kanthi idiomatis.
- g. Kangge njamin trepipun diksi, panganggit kedah saged mbedakaken tembung *umum* lan tembung *khusus*. Tembung *khusus* langkung trep kangge ngandharaken samukawis tinimbang tembung *umum*.
- h. Ngginakaken tetembungan indria ingkang ngandharaken persepsi ingkang mligi.
- i. Nggatosaken ewahing makna ingkang wonten ing tetembungan ingkang sampun dipunpahami.
- j. Nggatosaken pamilihing tembung.

Beda antawisipun *ketepatan* lan *kecocokan* inggih menika gayutipun kaliyan tembung pundi ingkang badhe dipunginakaken wonten ing kahanan tartamtu. Sinaosa taksih wonten bedanipun wuwuhan ingkang arupi bedanipun tata basanipun, polanipun ukara, panjang utawi kompleksipun alinea, lan saking wujud sanesipun.

3. Wujud Satuan Lingual Diksi Indria

Wujud *satuan lingual* diksi indria ingkang wonten ing antologi cerkak *Senthir* anggitanipun Suwardi Endraswara dipunperang dados kalih inggih menika tembung saha *frasa*, ancasipun kangge mangertosi makna ingkang wonten ing salebeting ukara. Wujud *satuan lingual* ingkang kalih menika dipunandharaken kados ngandhap menika.

a. Tembung

Tembung minangka perangan ingkang langkung alit saking ukara. Miturut Mulyana (2009:32) tembung utawi *word* inggih menika *satuan* basa ingkang mandhiri, jumeneng piyambak, bebas saha ngemot makna ingkang wetah lan jangkep. Tembung saged kaperang dados setunggal *morfem* utawi langkung. Tembung ingkang boten kawuwuhan ater-ater utawi panambang dipunsebut tembung lingga, lan tembung ingkang sampun kawuwuhan ater-ater utawi panambang dipunsebut tembung andhahan.

Gayut kaliyan pangertosan wonten nginggil, Keraf (2005:21) ngandharaken bilih anggenipun nggambaraken basa ingkang kathah ing donya menika dipunbetahaken unit ingkang dipunsebut tembung. Tembung minangka unit ing salebeting basa ingkang gadhah *stabilitas intern* saha *mobilitas posisional*, ingkang tegesipun tembung menika gadhah komposisi tartamtu (saged *fonologis* utawi *morfologis*) lan *relatif* gadhah *distribusi* ingkang bebas.

Saking andharan wonten nginggil saged dipunpendhet dudutanipun inggih menika tembung minangka *satuan* basa ingkang mandhiri, jumeneng piyambak, bebas saha ngemot makna ingkang wetah lan jangkep. Pangertosan ingkang *tersirat* ing salebeting tembung menika ngemot makna bilih saben tembung ngandharaken pamanggih utawi *ide*. Pamilihing tembung ingkang trep ing salebeting ukara saged nggampilaken anggenipun ngandharaken pamanggih utawi *ide*.

b. *Frasa*

Frasa minangka gabungan saking kalih utawi langkung saking kalih tembung. Miturut Mulyana (2009:35), *frasa* inggih menika *konstruksi gramatikal* ingkang mujudaken gabungan kalih tembung utawi langkung ingkang sipatipun *non predikatif*. Tandha saking *frasa* inggih menika, drajatipun dumunung ing antawisipun tembung saha *klausa*, kadadosan saking kalih tembung utawi langkung, tetembungan ingkang kadhapak ing *frasa* urut-urutanipun boten pareng nglangkungi wasesa.

Gayut kaliyan pamanggih wonten nginggil, Nurhayati (2009:153) ngandharaken bilih *frasa* inggih menika *satuan linguistik* minangka gabungan saking kalih tembung utawi langkung ingkang boten ngemot wasesa kados dene wonten ing *klausa*. Saking pamanggih-pamanggih menika saged dipunpendhet dudutanipun bilih *frasa* inggih menika minangka gabungan saking kalih tembung utawi langkung ingkang dumunung ing antawisipun tembung saha *klausa* saha boten ngemot wasesa kados dene wonten ing *klausa*.

4. Jinising Diksi

Diksi minangka salah satunggaling cara ingkang dipunginakaken panganggit anggenipun damel karya sastra supados langkung gampang anggenipun dipunpahami dening tiyang ingkang maos. Pamilihing tembung saged dados pangaribawa tiyang ingkang maos dumateng wosing karya sastra menika. Jinis diksi miturut Keraf (2005:90-110) dipunandharaken kados wonten ing ngandhap menika.

- a. Tembung khusus inggih menika tetembungan ingkang nedahaken dhateng perkawis ingkang mligi saha *konkrit*.
- b. Tembung umum inggih menika tembung ingkang gadhah *ruang lingkup* ingkang wiyar. Tembung-tembung umum tinuju dhateng kathah bab, *himpunan*, lan sedayanipun.
- c. Tembung abstrak inggih menika ingkang gadhah *referen* awujud *konsep*, tembung abstrak awrat dipungambaraken amargi *referens*ipun boten namung dipuntampi dening panca inderanipun manungsa.
- d. Tembung indria, salah satunggaling pamilihing tembung ingkang trep inggih menika pangangenipun istilah ingkang saged dipuntampi dening panca indera.
- e. Tembung ilmiah inggih menika tembung ingkang dipunginakaken dening tiyang winasis, langkung kathah wonten ing seratan-seratan ilmiah.
- f. Tembung populer inggih menika tetembungan ingkang asipat umum ingkang dipunginakaken dening sadaya undha usuking masarakat dening tiyang ingkang winasis menapa dene tiyang kathah.
- g. *Jargon* inggih menika tetembungan *teknis* utawi *rahasia* wonten ing bidhang ngelmu tartamtu, wonten bidhang *seni*, *perdagangan*, *kumpulan rahasia*, utawi kelompok *khusus* sanesipun.
- h. Tembung *slang* inggih menika tembung-tembung *nonstandard* ingkang *informal*, ingkang dipunsusun kanthi khas, utawi tetembungan ingkang dipunewahi kanthi *arbitrer*, utawi tembung kiasan ingkang khas, gadhah daya ugi *jenaka* ingkang dipunginakaken wonten ing pacelathon.

Adhedhasar pamanggih wonten nginggil saged dipunpendhet dudutanipun inggih menika jinising diksi ingkang kathah menika ndadosaken panganggit langkung gampil anggenipun damel *variasi* tembung ing karya sastra. Wontenipun *variasi* tembung saged nuwuhaken kaendahan ing salebeting karya sastra.

C. Diksi Indria

Diksi indria inggih menika minangka tembung ingkang dipunraosaken utawi dipuntampi dening saben panca indera. Diksi inggih menika pamilihing tembung, miturut Poerwadarminta (1939:171) indria inggih menika ati utawi kekajengan. Miturut Keraf (2005:94), diksi ingkang trep inggih menika panganggenipun istilah ingkang ngandharaken samukawis ingkang dipunraosaken dening panca indera, inggih menika indera paningal, pangganda, pangecap, pangusap lan pamireng. Amargi tembung-tembung menika ngandharaken pengalaman manungsa kanthi panca indera ingkang mligi. Amargi tembung-tembung indria nggambaraken sipat ingkang khas saking asiling raos panca indera, saengga panganggenipun kedah trep. Kangge ngginakaken tetembungan menika kanthi trep, dipunbetahaken ngelmu ingkang langkung wiyar gayut kaliyan makna ingkang trep.

Gayut kaliyan pamanggih wonten nginggil, Pearce (1973:310-316) ngandharaken bilih panca indera inggih menika organ-organ pungkasan ingkang mligi kangge nampi jinis rangsangan tartamtu. *Serabut saraf* minangka pirantos perantara ingkang mbekta kesan raos (*sensory impression*) saking organ indera tumuju ing otak, lajeng raos menika dipuntafsiraken. Kesan ingkang tuwuh saking

njawi, kadosta pangusap, pangecap, paningal, pangganda, lan swanten. *Serabut saraf sensorik* dipunjangkepi kaliyan ujung-pungkasan-mligi ginanipun kangge ngempalaken rangsangan raos ingkang khas, amargi saben organ wonten gayutipun. Ananging kados ngecap kanthi ujung saraf ing lidhah, mirengaken kanthi saraf ing talingan, lan sapanunggalipun, ananging sejatosipun ingkang nilai sedaya raos inggih menika otak. Mripat inggih menika indera paningal. Mripat ginanipun kangge nampi rangsangan cahya ing retina, lajeng kanthi perantara serabut-serabut *nervus optikus*, rangsangan menika dipunlajengaken dhateng pusat paningal ing otak, kangge dipunafsiraken.

Salajengipun miturut Pearce (1973:325), talingan inggih menika organ pamireng. Saraf ingkang gayut kaliyan indera menika inggih menika saraf *kranial kedelapan* utawi *nervus auditorius*. Talingan kaperang dados tiga, inggih menika perangan njawi, perangan tengah lan perangan ing salebeting rongga talingan. Salajengipun inggih menika grana minangka indera pangganda. *Nervus olfaktorius* utawi saraf *kranial pertama* ingkang gayut kaliyan ujung organ pangganda. Raos pangganda dipunrangsang dening gas ingkang dipuntampi. Ganda ingkang dipuntampi minangka ganda arum saha ganda banger.

Gayut kaliyan andharan wonten nginggil, Pearce (1973:310) ugi ngandharaken bilih lidhah gayut kaliyan indera khusus pangecap. Wonten sekawan raos ingkang dipuntampi dening indera: manis, pait, asem lan asin. Supados saged dipunraosaken, sedaya dhaharan kedah dados cairan, saha kedah nempel kaliyan ujung saraf ingkang saged nampi rangsangan ingkang beda. Pangecap ingkang beda ugi nuwuhaken kesan raos ingkang beda. Indera

salajengipun inggih menika kulit minangka indera pangusap. Raos ingkang dipunsebabaken dening rangsangan wonten ing ujung saraf ing salebeting kulit, beda miturut kaliyan ujung saraf ingkang dipunrangsang. Raos benter, adem, sedaya menika dipunraosaken beda.

Sedaya jinis diksi nampi utawi ngandharaken rangsangan saking njawi ingkang beda-beda miturut kaliyan ciri khusus saking indera menika, kadosta indera paningal ingkang arupi kesan, cahya, lan bayangan. Indera pamireng ingkang arupi swanten, indera pangganda inggih menika ingkang arupi ganda utawi *aroma*, indera pangecap inggih menika ingkang dipunraosaken dening lidhah ingkang arupi raos manis, pait, asin, lan sapanunggalipun, lan indera pangusap ingkang arupi suhu lan *sentuhan*. Ananging asring ugi sedaya ingkang kedah dipunraosaken kaliyan salah satunggaling indera ananging ugi dipunraosaken dening indera sanesipun ingkang dipunsebut *sinestesia* amargi caketipun saben indera menika. Sedaya menika gadhah fungsi piyambak-piyambak anggenipun ngandharaken makna kanthi sebuah diksi.

Gayut kaliyan pamanggih wonten nginggil, Hardiyanto (2008:67) ngandharaken bilih gegayutan antawisipun satunggal indera kaliyan indera sanesipun dipunraosaken langkung caket, saengga tembung ingkang kedahipun namung dipunraosaken kaliyan salah satunggaling indera menika ananging dipunraosaken ugi kaliyan indera sanesipun. Gejala ingkang kados menika dipunsebut *sinestesia*. Umpaminipun menapa ingkang dipunraosaken dening indera pangusap dipunraosaken ugi dening indera pamireng. Menika katingal saking ukara ing ngandhap menika.

1. *Dalane kasar banget.*
2. *Omonganmu kok kasar banget.* (Hardiyanto, 2008:68)

Tembung ‘kasar’ ing ukara nomer 1 wonten nginggil kalebet indera pangusap minangka *atribut* utawi *penjelas* tembung ‘dalam’. Tembung ‘kasar’ ing ukara nomer 2 wonten nginggil gayut kaliyan indera pamireng, amargi tembung ‘kasar’ menika minangka *atribut* saking tembung ‘omonganmu’.

Tetembungan ingkang dipunginakaken kangge ngandharaken menapa ingkang dipuntampi dening panca indera inggih menika: paningal (kilat, kelip-kelip, pethak, cemeng, kunng emas, gilap, lan sapanunggalipun), pamireng (ngguyu, klesik-klesik, nyekakak, kemritik, klesik, lan sapanunggalipun), pangganda (wangi, banger, anyir, pesing, lan sapanunggalipun), pangecap (pedhes, pait, asem, asin, manis, lan sapanunggalipun), lan pangusap (adem, panas, kasar, alus, kasap, lan sapanunggalipun).

Salah satunggalipun tugas diksi indria ingkang minangka diksi khusus ingkang gayutipun kaliyan sedaya menapa ingkang saged dipuntampi dening panca indera manungsa kadosta indera paningal, indera pamireng, indera pangganda, indera pangecap lan indera pangusap. Sedaya menika gadhah tugas piyambak-piyambak kangge ngandharaken ide utawi pamanggih ingkang dipunraosaken saha gambaran kahanan ingkang saweg dipunlampahi.

Saking andharan wonten nginggil saged dipunpendhet dudutanipun inggih menika jinising diksi indria wonten gangsal inggih menika diksi indria paningal, diksi indria pamireng, diksi indria pangganda, diksi indria pangecap, lan diksi indria pangusap. Tetembungan indria ngandharaken sipat ingkang mligi saking

sedaya ingkang dipuntampi kaliyan panca indera, saengga anggenipun ngginakaken kedah trep. Kangge ngginakaken tetembungan kanthi trep menika, kedah gadhah wawasan ingkang gayut kaliyan makna ingkang trep lan ugi kedah mangertos bilih saben panca indera gadhah fungsi piyambak-piyambak.

D. Ewahing Makna

Boten sedaya tetembungan ingkang wonten saged ewah maknaipun. Kathah tembung ingkang maknaipun ewah, ananging ugi boten sakedhik tembung ingkang maknaipun boten ewah. Ewahing makna boten namung gayut kaliyan wekdal, ananging papan ugi saged ndadosaken tembung menika saged ewah maknaipun. Miturut Keraf (2005:95-96) tembung ingkang trep kangge makili samukawis utawi tiyang gumantung kaliyan maknaipun, inggih menika relasi bentuk (istilah) kanthi *referenipun*. Ananging beda kaliyan ingkang wonten samenika kalampahan dening tiyang ingkang ngginakaken basa inggih menika bilih makna tembung menika boten asipat *statis*.

Jumbuh kaliyan pangertosan wonten nginggil Chaer (1990:136-145) nyebataken faktor ingkang ndadosaken ewahing makna ing tembung. Ing antawisipun wonten ing ngandhap menika.

1. Pangrembakanipun ing Bidhang Ilmu lan Teknologi

Pangrembakanipun ing bidang ilmu saha majengipun bidhang teknologi saged ndadosaken ewahing makna ing tembung. Tembung ingkang ngemot konsep makna sederhana, taksih dipunginakaken sinaosa konsep makna ing salebetipun sampun ewah minangka akibat saking *pandangan baru*, utawi

teori enggal ing satunggal bidhang ilmu utawi minangka akibat saking pangrembakanipun teknologi.

Ewahing makna tembung sastra saking makna ‘seratan’ dumugi ing makna ‘karya imajinatif’ inggih menika salah satunggaling tuladha pangrembakanipun bidhang ilmu. Teori ingkang enggal ndadosaken tembung sastra ingkang saderengipun gadhah makna ‘buku ingkang sae isinipun saha sae basanipun’ samenika gadhah teges ‘karya ingkang asipat *imaginative* kreatif’. Minangka akibat saking pangrembakanipun teknologi saged katingal saking tembung ‘manuskrip’ ingkang tegesipun ‘seratan (*tulisan tangan*)’. Samenika tembung ‘manuskrip’ taksih dipunginakaken kangge naskah ingkang badhe dipuncithak, sinaosa namung kantun sakedhik naskah ingkang kaserat amargi sampun wonten *mesin tulis*.

2. Pangrembakanipun Sosial lan Budaya

Pangrembakanipun bidhang sosial masarakat saged ndadosaken ewahing makna. Wonten mriki sami kaliyan pangrembakanipun ingkang wonten ing bidhang ilmu saha teknologi, tembung ingkang saderengipun gadhah teges ‘A’, lajeng ewah maknanipun dados ‘B’ utawi ‘C’. Dados, wujud tembungipun sami ananging konsep maknanipun sampun ewah. Umpaminipun tembung ‘sedherek’ wonten ing basa Sansekerta maknanipun ‘*seperut*’ utawi ‘*satu kandungan*’, ananging ing jaman samenika tembung ‘sedherek’ dipunginakaken kangge tiyang sanes utawi sinten kemawon ingkang status sosialipun sami.

Kejawi tembung ‘sedherek’ menika, sedaya tembung utawi istilah *perkerabatan* umpaminipun ‘bapak, ibu, kakak, adik, saha nenek’ ugi dipunginakaken minangka tembung kangge ngaruh-aruhi sinten kemawon ingkang pantes dipunsebut adik saha pantes dipunsebut nenek. Tembung ‘bapak’ lan ‘ibu’ boten namung dipunginakaken kangge nyebutaken tiyang ingkang miturut yuswanipun pantes dipunsebut ‘bapak’ lan ‘ibu’, ananging ugi kangge ngaruh-aruhi tiyang ingkang gadhah status sosial ingkang langkung inggil, sinaosa yuswanipun langkung enem tinimbang yuswanipun tiyang ingkang ngaruh-aruhi.

Tuladha sanesipun saking tembung ingkang maknanipun sampun ewah minangka akibat ewahing sosial masarakat inggih menika tembung ‘sarjana’. Rikala semanten miturut basa Jawa Kuno, tembung ‘sarjana’ menika tegesipun tiyang pinter utawi *cendekiawan*. Samenika tembung ‘sarjana’ tegesipun tiyang ingkang sampun lulus saking *Perguruan Tinggi*, sanajan lulus namung kanthi indeks prestasi ingkang pas-pasan, saha kaprigelanipun boten langkung saking tiyang ingkang boten lulusan *Perguruan Tinggi*. Ananging ing jaman samenika, tiyang pinter (asiling sinau piyambak) menawi boten lulusan *Perguruan Tinggi* boten kasebut ‘sarjana’, lan boten angsal ngginakaken salah satunggaling gelar ‘sarjana’.

3. Bedanipun Bidhang Panganggening Tembung

Tembung ingkang dados kosa kata bidhang tartamtu wonten ing pagesangan saha panganggenipun ing padintenan saged kabiyantu saking bidhangipun saha dipunginakaken ing bidhang sanesipun utawi dados kosa

kata umum. Awit saking menika, tembung menika dados gadhah makna enggal utawi makna sanes kejawi makna aslinipun.

Amargi tetembungan ingkang dipunginakaken wonten ing bidhang sanes, saengga tetembungan menika gadhah teges sanes ingkang boten sami kaliyan teges ing bidhang utawi lingkungan aslinipun. Namung kedah dipuntingali bilih makna enggal tetembungan menika taksih wonten gayutipun kaliyan makna asli ingkang dipunginakaken wonten ing bidhang asalipun. Tetembungan menika dipunginakaken wonten ing bidhang sanes kanthi *metaforis*, utawi kanthi *perbandingan*.

Dudutan ingkang sanes saged dipunpendhet inggih menika bilih makna tembung ingkang dipunginakaken boten ing bidhangipun menika lan makna tembung ingkang dipunginakaken ing bidhang asalipun taksih wonten ing salebeting poliseminipun amargi makna-makna menika taksih wonten gayutipun utawi antawisipun makna satunggal lan sanesipun taksih sami.

4. Wontenipun Asosiasi

Tetembungan ingkang dipunginakaken boten ing salebeting bidhangipun, kadosta ingkang dipunrembag wonten ing nginggil taksih wonten gayutipun kaliyan makna ingkang dipunginakaken ing bidhang asalipun. Wonten bedanipun kaliyan ewahing makna ingkang wonten minangka akibat panganggenipun wonten ing bidhang sanesipun, wonten mriki makna enggal ingkang wonten inggih menika gayutanipun kaliyan prastawa sanes ingkang gayutanipun kaliyan tembung menika.

Umpaminipun tembung amplop ingkang asalipun saking bidhang administrasi utawi *surat-menyurat*, makna asalipun inggih menika ‘*sampul surat*’. Ing salebeting amplop menika boten namung layang ingkang saged dipunlebetaken ananging saged ugi samukawis sanesipun, kadosta arta. Awit saking menika, wonten ing ukara ‘dipunparingi amplop kemawon beres kok’, tembung amplop wonten mriku maknanipun ‘arta’ amargi amplop ingkang dipunkajengaken sanes isinipun layang utawi boten wonten isinipun, ananging isinipun arta minangka sogokan.

5. *Pertukaran Tanggapan Indera*

Indera kita ingkang cacahipun wonten gangsal sejatosipun sampun gadhah tugas tartamtu kangge ngraosaken gejala-gejala ingkang wonten ing donya. Umpaminipun raos pait, getir, lan manis kedah dipunraosaken dening *alat* pengraos lidhah. Raos panas, adhem, lan sejuk kedah dipuntampi dening *alat* pengraos ing kulit. Ingkang gayut kaliyan cahya kadosta padhang, peteng, lan remeng-remeng kedah dipuntampi dening panca indera mripat, wondene sedaya ingkang gayutipun kaliyan mambu kedah dipuntampi dening indera pangganda inggih menika grana.

Ananging, wonten ing panganggenipun basa kathah kasus bedanipun pamanggih antawisipun indera setunggal lan indera sanesipun. Raos pedhes, umpaminipun, ingkang kedahipun dipunraosaken dening indera pangraos inggih menika lidhah, ananging dipunraosaken dening indera pamireng kadosta wonten ing salebeting ukara ‘*kata-katanya cukup pedas*’. Utawi kasar ingkang kedahipun dipunraosaken dening indera pangecap inggih menika

kulit, ananging dipuntampi dening indera paningal inggih menika mripat, kadosta wonten ing ukara '*tingkah lakunya kasar*'. Kahanan ingkang kados menika biasanipun dipunsebut kaliyan istilah *sinestesia*. Istilah menika asalipun saking basa Yunani inggih menika tembung *sun* tegesipun 'sami' lan *aisthetikas* tegesipun 'ketingal'.

6. Bedanipun Pamanggih

Saben unsur leksikal utawi tembung sejatosipun kanthi sinkronis sampun gadhah makna leksikal ingkang ajeg. Ananging amargi wonten ing pagesangan saha ukuran norma pagesangan ing masarakat ingkang beda-neda, saengga kathah tembung ingkang dados gadhah nilai raos ingkang "*rendah*", kirang ngremenaken. Kejawi menika ugi wonten ingkang gadhah nilai raos "*tinggi*", utawi ngremenaken.

Tetembungan ingkang nilainipun kirang asring dipunsebut *peyoratif*, saha ingkang nilainipun langkung inggil dipunsebut *amelioratif*. Tembung '*bini*' minangka *peyoratif*, ananging tembung 'garwa' minangka amelioratif. Nilai raos menika namung asipat *sinkronis*. Kanthi *diakronis* saged ugi ewah. Pangrembakanipun *pandangan hidup* ingkang biasanipun sami kaliyan pangrembakanipun budaya saha masarakat saged ugi ngewahi nilai raos *peyoratif* utawi *amelioratif*ipun tembung.

7. Wontenipun *Penyingkatan*

Ing basa Indonesia wonten tetembungan utawi ungkapan ingkang boten asring dipunginakaken, saengga salajengipun tanpa dipunandharaken utawi dipunserat kanthi sedayanipun tiyang sampun mangertos menapa ingkang

dipunkajengaken. Awit saking menika, salajengipun tiyang langkung kathah ngginakaken singkatan tinimbang tetembungan utawi ukara ingkang jangkep. Tuladhanipun inggih menika menawi wonten ukara ‘Bapak tindak Surabaya niti Garuda’, ingkang dipunkajengaken inggih menika Bapak tindak Surabaya niti montor mabur saking *perusahaan penerbangan garuda*.

Tuladha singkatan sanesipun inggih menika kadosta tembung ‘*dok*’, ingkang dipunkajengaken inggih menika ‘*dokter*’, ‘*lab*’ inggih menika ‘*laboratorium*’, lan wujud sanesipun ingkang dipunsebut *akronim* kadosta *tilang* kangge ‘*bukti pelanggaran*’, *satpam* kangge ‘*satuan pengamanan*’, *mendikbud* kangge ‘*menteri pendidikan dan kebudayaan*’, lan sapanunggalanipun. Sejatosisipun wonten ing kasus singkatan menika sanes prastawa ewahing makna amargi makna utawi konsep menika boten ewah, ananging ewahipun wujud utawi bentuk tembung.

8. *Proses Gramatikal*

Proses gramatikal kadosta *afiksasi*, *reduplikasi*, lan *komposisi (penggabungan kata)* saged ndadosaken ewahing makna. Ananging sejatosipun ingkang ewah sanes makna, amargi wujudipun tembung menika sampun ewah minangka asiling *proses gramatikal*. Menawi bentuk utawi wujudipun ewah saged ndadosaken ewahipun makna, saengga boten saged dipunandharaken bilih ing bab menika sampun wonten ewahipun makna, amargi ingkang wonten inggih menika *proses gramatikal*, saha *proses gramatikal* menika sampun nuwuhaken makna-makna *gramatikal*.

9. Pangrembakanipun *Istilah*

Salah satunggaling cara kangge ngrembakakaken istilah enggal inggih menika kanthi ngginakaken kosa kata basa Indonesia ingkang sampun wonten kanthi cara maringi makna enggal, saged kanthi *menyempitkan* makna tembung menika, ngwiyaraken, saged ugi kanthi maringi teges ingkang enggal. Tuladhanipun tembung papan ingkang wiwitipun ngemu teges '*lempengan kayu* (wesi lan sapanunggalanipun) tipis, samenika dados istilah kangge makna '*perumahan*'.

Wonten ing pangrembakanipun, ewahing makna tembung jalaran wontenipun *pergeseran* langkung saking satunggal bab. Bab menika ndadosaken makna tembung menika ewah gumantung kaliyan konteks panganggenipun. Miturut Keraf (2005: 97-99) jinisipun ewahing makna ingkang wigati inggih menika kados ingkang dipunandharaken wonten ngandhap.

1. *Perluasan Arti*

Inkang dipunkajengaken saking *perluasan arti* inggih menika proses ewahing makna ing tembung ingkang saderengipun ngemu makna ingkang mligi, ananging salajengipun *meluas* saengga nggayuh kelas makna ingkang langkung umum. Wonten ing jaman rumiyin tembung 'bapak' lan 'sedherek' namung dipunginakaken wonten ing *hubungan biologis*, ananging ing jaman samenika sedaya tiyang ingkang langkung sepuh utawi langkung inggil jabatanipun dipunsebut 'bapak', lan sanes-sanesipun kanthi 'sedherek'.

2. *Penyempitan Arti*

Penyempitan arti ing tembung inggih menika proses nalika tembung gadhah makna ingkang dangu langkung wiyar cakupanipun saking makna ingkang enggal. Tembung ‘sarjana’ ingkang rumiyin dipunginakaken kangge sedaya tiyang ingkang *cendekiawan*. Samenika dipunginakaken kangge *gelar universiter*. Tembung ‘ganda’ ingkang saderengipun ngemu teges ingkang langkung wiyar kangge sedaya gas ingkang saged dipuntampi dening indera pangganda. Samenika tembung ‘ganda’ ateges banger (ganda banger).

3. *Ameliorasi*

Ameliorasi inggih menika proses ewahing makna, inggih menika teges ingkang enggal dipunraosaken langkung inggil utawi langkung sae nilainipun saking teges ingkang dangu. Tembung ‘wanita’ dipunraosaken nilainipun langkung inggil saking tembung ‘*perempuan*’; tembung ‘*istri*’ utawi ‘*nyonya*’ dipunraosaken langkung inggil saking tembung ‘*bini*’.

4. *Peyorasi*

Peyorasi inggih menika proses ewahing makna minangka suwalikipun saking *ameliorasi*. Wonten ing *peyorasi* teges ingkang enggal dipunraosaken langkung kirang nilainipun saking teges ingkang dangu. Tembung ‘*bini*’ dipunanggep langkung inggil wonten ing jaman rumiyin, ananging ing jaman samenika dipunraosaken minangka tembung ingkang kasar; tembung ‘*perempuan*’ ing jaman rumiyin boten ngemu nilai ingkang kirang sae, ananging ing jaman samenika nilainipun dipunraosaken sampun kirang.

Peyorasi caket gayutipun kaliyan tata krama ing salebeting masarakat. Wonten tembung ingkang angsal dipunginakaken kanthi cetha, wonten ingkang kedah dipunsingidaken. Tembung ingkang dipunginakaken kangge nyingidaken tembung ingkang kirang sopan menika kedah dipungantos tembung sanesipun. Wonten ing ukara ‘dhateng WC’, saderengipun mangertos basa Inggris menika kita ngginakaken tembung ‘dateng wingking’.

5. *Metafora*

Ewahing makna ingkang dipunsebut *peyorasi*, *ameliorasi*, *menyempit*, saha *meluas* dipuntingali saking nilai raos saha *luas lingkup* makna ingkang rumiyin lan samenika. Kejawi menika ewahing makna saged dipuntingali saking *persepsi kemiripan fungsional* antawisipun kalih objek. *Metafora* inggih menika ewahing makna amargi sami sipatipun antawisipun kalih obyek. Tembung *putri malam* (kangge rembulan), *pulau (empu laut)*, sedaya menika kadamel miturut *metafora*. Salah satunggaling *sub-tipe* saking *metafora* inggih menika *sinestesia*, inggih menika ewahing makna miturut ewahing istilah antawisipun kalih indera, umpaminipun saking indera pangusap dateng indera pangganda. Wonten ing ukara ‘*penciuman yang tajam*’, sinaosa tembung ‘*tajam*’ menika sejatosipun gayut kaliyan indera pangusap.

Wonten ugi *metafora* ingkang taksih cetha minangka lelewaning basa ingkang boten kalebet ing salebeting ewahing makna ingkang sampun paten. Nalika kita mireng tiyang ingkang ngendika, “*saya tidak ingin mendengar serigala berbicara dan berlagak sebagai domba-domba dalam ruangan*”

sidang ini”, menika minangka *metafora* ingkang gayut kaliyan lelewaning basa.

6. *Metomimi*

Metomimi salah satunggaling proses ewahing makna amargi wonten gayutipun antawisipun tetembungan ingkang gadhah makna ingkang sami, saha saged dipunklasifikasikaken miturut papan lan wekdal, miturut gayutipun isi lan kulit, gayutipun antawisipun sebab lan akibat. Tembung ‘kota’ ingkang rumiyin inggih menika susunan sela ingkang dipundamel mubeng wonten ing papan panggenan supados boten wonten serangan saking njawi. Samenika papan panggenan menika dipunsebut ‘kota’.

Pratandha sanesipun ingkang sami kaliyan *metomimi* inggih menika *ellipsis*. Kalih tembung utawi langkung ingkang asring katingal sareng, saged maringi daya pangaribawa kanthi semantik. Menawi salah satunggalipun dipunicalaken, ananging sedaya maknaipun taksih wonten. Umpaminipun: (*surat kabar*) *harian*, (*oratio*) *prosa*, (*lukisan*) *Picasso*, lan sapanunggalipun.

Gayut kaliyan pamanggih wonten nginggil Chaer (1990:135) ngandharaken bilih makna tembung kanthi *sinkronis* boten saged ewah, ananging kanthi *diakronis* saged kemawon ewah. Makna tembung kanthi *sinkronis* saged ewah ngemu teges bilih saben tembung boten sedaya tembung maknaipun kedah utawi saged ewah kanthi *diakronis*. Kathah tembung ingkang maknaipun awit saking jaman rumiyin dumugi jaman samenika boten ewah. Ananging cacahipun langkung kathah tinimbang ingkang ewah utawi sampun nate ewah.

Adhedhasar saking pamanggih wonten nginggil, saged dipunpendhet dudutanipun bilih ewahing makna boten namung gayut kaliyan wekdal, papan saha kahananipun. Ewahing makna saged ugi dipunsebabaken jalaran wontenipun pergeseran bab ingkang langkung saking setunggal lan ndadosaken makna tembung menika ewah gumantung kaliyan konteks panganggenipun.

E. Panganggenipun Diksi Ing Cerkak

Panganggenipun diksi ing salebeting karya sastra kadosta cerkak, minangka samukawis ingkang wigati, amargi minangka piranti kangge ngandharaken gagasan ing salebeting karya sastra. Aminuddin (1995:201) ngandharaken bilih gaya pamilihing tembung utawi tetembungan ing salebeting karya sastra inggih menika cara panganggenipun tembung utawi tetembungan ing salebeting teks sastra minangka piranti kangge medharaken pamanggih saha nilai estetis tartamtu. Kajian ingkang gayut kaliyan panganggenipun asil pamilihing tembung utawi tetembungan menika kanthi unsur-unsur sanes ing salebeting teks.

Gayut kaliyan pamanggih wonten nginggil, Keraf (2005:100) ngandharaken bilih pamilihing tembung inggih menika cara anggenipun milih tembung kanthi sae, saengga ancas utawi gagasan tiyang menika saged dipunmangertosi kanthi trep lan ekonomis. Panganggenipun tembung ingkang trep saged nuwuhaken pamanggih ingkang trep wonten ing imajinasi tiyang ingkang maos utawi panganggit piyambak.

Wonten saperangan tiyang ingkang kosa katanipun wiyar (*perbendaharaan katanya luas*) saengga saged ngandharaken sedaya pamanggihipun, ananging

pamanggih menika boten lajeng dipuntampi dening tiyang sanes. Menika amargi anggenipun milih tembung boten trep kaliyan menapa ingkang badhe dipunandharaken. Salah satunggaling cara kangge njagi supados tembung menika saged trep inggih menika kanthi cara nggatosaken anggenipun milih tembung.

Jumbuh kaliyan pamanggih wonten nginggil, Sudjiman (1993:17-19) ngandharaken bilih kangge nuwuhaken efek estetis, basa puitis kedah dipundeotomatisasi: gayut antawisipun lambang saha makna dipundamel boten otomatis, inggih menika boten trep kaliyan norma basa ingkang umum utawi *konvensional*. *Penyimpangan* menika narik kawigatosanipun tiyang ingkang maos lan dipunanggep minangka *pembaharuan*. Wonten tigang cara nalika ngandharaken ancas ingkang badhe dipungayuh, antawisipun a) ngginakaken paugeran (*kaidah*) basa kanthi tradisional lan *konvensional*, b) ngginakaken kasagedan basa kanthi *inovatif*, c) medal saking *konvensi* ingkang sampun wonten. Cara nemtokaken jinis diksi ingkang badhe dipunginakaken kangge ngandharaken pamanggih supados saged nuwuhaken efek ingkang dipunkajengaken kalampahan kanthi sadar, kanthi nggatosaken asil saha akibatipun.

Saking andharan menika saged dipunpendhet dudutanipun ingkang gayut kaliyan bab panganggenipun diksi ing cerkak. Panganggenipun tembung utawi tetembungan ing salebeting teks sastra minangka pirantos kangge ngandharaken pamanggih inggih menika kanthi cara pamilihing tembung utawi tetembungan ing salebeting karya sastra. Kedah nggatosaken anggenipun milih tembung supados menapa ingkang dados ancas saking pamanggih ingkang dipunandharaken saged

dipuntampi lan dipunmangertosi kanthi trep saha ekonomis. Kangge nuwuhaken efek estetis, basa puitis kedah dipundeotomatisasi, amargi prelunipun *pembaharuan* ing salebeting karya sastra.

F. Fungsi Panganggening Diksi Ing Salebeting Karya Sastra

Tembung minangka perangan saking basa, amargi kanthi tembung menika, makna utawi pamanggih saged kaandharaken kanthi cetha. Keraf (2005:22) ngandharaken bilih pamilihing tembung utawi diksi boten namung dipunginakaken kangge ngandharaken tembung pundi ingkang dipunginakaken kangge ngandharaken pamanggih utawi *gagasan*, ananging ugi dipunginakaken kangge ngandharaken samukawis ingkang gayut kaliyan bab *fraseologi, gaya bahasa, lan ungkapan*. Nurhayati (2009:153) ngandharaken bilih frasa inggih menika satuan tata basa minangka gabungan saking kalih tembung utawi langkung ingkang boten ngemot wasesa kadosdene wonten ing klausa.

Nilai raos ugi saged langkung gampang dipunpahami dening tiyang ingkang maos kanthi tembung ingkang dipunginakaken kanthi trep. Diksi utawi pamilihing tembung minangka piranti kangge ngandharaken gagasan supados saged kaandharaken kanthi sae dhateng tiyang ingkang maos. Nilai raos ugi saged dipungayuh dening tiyang ingkang maos kanthi *pengkhususan* tembung ingkang dipunginakaken kanthi trep. *Pengkhususan* anggenipun milih tembung minangka salah satunggaling cara kangge ngandharaken makna kanthi *detail*.

Salah satunggalipun kanthi peran diksi indria ingkang minangka diksi khusus ingkang gayutipun kaliyan sedaya menapa ingkang saged dipuntampi dening

panca indera manungsa kadosta indera paningal, indera pangusap, indera pamireng, indera pangganda, lan indera pangecap. Sedaya menika gadhah tugas piyambak-piyambak kangge ngandharaken *ide* utawi pamanggih ingkang dipunraosaken saha gambaran kahanan ingkang saweg dipunlampahi.

Adhedhasar pamanggih ingkang gayut kaliyan fungsi saking pamilihing diksi ing salebeting karya sastra, kados ingkang sampun dipunandharaken wonten nginggil. Saged dipunpendhet dudutanipun, bilih fungsi pamilihing diksi ing salebeting antologi cerkak ing antawisipun kados wonten ngandhap menika.

1. Suka daya pangaribawa kaendahan.

Ginanipun pamilihing tembung inggih menika kangge mujudaken daya pangaribawa kaendahan. Miturut Sayuti (1985:33) diksi ugi saged nuwuhaken kaendahan wonten ing salebeting karya sastra. Boten namung ngginakaken tembung, ananging ugi saged dpuntemtokaken kanthi *persamaan bunyi* utawi anggenipun ngendika. Fungsi *bunyi* ing salebeting karya sastra inggih menika kangge nggayuh nilai estetika utawi kaendahan.

2. Mujudaken kesan saha kawontenan mirunggan.

Pamilihing tembung saged mujudaken kesan saha kawontenan mirunggan. Achmadi (1988:156) ngandharaken bilih pamilihing tembung mujudaken kawontenan saha kesan wonten ing penggalhipun panganggit kadosdene kesan ingkang sae, remen, lan awon.

3. Mujudaken makna enggal.

Miturut Chaer (1990:138) tetembungan ingkang dados kosa kata ing bidhang tartamtu ing pangesangan lan panganggenipun ing padintenan ingkang asalipun

saking bidhang sanes utawi dados kosa kata umum saged nuwuhaken makna enggal kejawi makna aslinipun (makna ingkang namung dipunginakaken ing bidhangipun).

4. Nggambaraken kawontenan (kadadosan saha kahanan).

Ginanipun pamilihing tembung saged nggambaraken kawontenan. Miturut Aminuddin (1995:215), fungsi diksi inggih menika nggambaraken kawontenan lan mujudaken kaendahan ingkang gayut kaliyan aspek wujudipun kadosta ingkang dipunkreasikaken tiyang ingkang ngendika.

5. Nggambaraken raos emosi.

Ginanipun pamilihing tembung saged nggambaraken raos emosi. Miturut Keraf (1982:117) sinaosa rangkaian menika sanes rangkaian *kata sifat*, ananging efekipun sami inggih menika nggambaraken watak utawi kahanan saking samukawis menika.

6. Nggesangaken gambaran ukara.

Ginanipun pamilihing tembung inggih menika saged nggesangaken gambaran ukara. Miturut Aminuddin (1995:216), panganggenipun tembung ingkang utami inggih menika kangge nggambaraken cariyos ingkang trep, gesang, lan sugih. Dipungayutaken kaliyan wicantenanipun para paraga.

7. Mujudaken kesan kasar.

Fungsi diksi inggih menika mujudaken pamanggih saking tiyang ingkang maos amargi wonten makna sanes ingkang tuwuh ing salebeting tembung menika (Pradopo,1990:93). Pamanggih saking tiyang menika boten sedaya sae lan saged dipuntampi dening tiyang sanes.

G. Cerita Cekak

Novel lan cerita cekak minangka kalih wujud karya sastra ingkang kasebut fiksi. Kanthi menika, pangertosan fiksi kados ingkang dipunandharaken, ugi dipunginakaken kangge novel. Miturut Abrams (Nurgiyantoro, 2009:9) tembung novel ing basa *Inggris* saha ingkang mlebet ing Indonesia asalipun saking basa *Itali* inggih menika *novella* (ing basa *Jerman: novelle*). Kanthi *harfiah novella* tegesipun ‘minangka samukawis enggal ingkang alit’, lan salajengipun dipuntegesi minangka ‘cerita cekak ingkang awujud prosa’.

Gayut kaliyan pamanggih wonten nginggil Nurgiyantoro (2009:10) ngandharaken bilih novel lan cerkak sami cekakipun, panjangipun cerkak menika *variatif*. Wonten cerkak ingkang cekak (*short short story*), ingkang langkung cekak sanget: kirang langkung 500 tembung; wonten ugi ingkang panjangipun cekapan (*middle short story*), saha wonten ugi cerkak ingkang panjang (*long short story*), ingkang kaperang saking puluhan (utawi saged langkung saking puluhan) ewon tembung. Karya sastra ingkang dipunsebut *novelet* inggih menika karya ingkang langkung cekak saking novel, ananging langkung panjang saking cerkak. Cerkak ingkang panjang ingkang kaperang saking puluhan ewon tembung, mbok bilih saged ugi dipunwastani *novelet*.

Cerita pendek minangka wujud kesusastraan ing Indonesia ingkang taksih enggal. *Cerpen* ugi dipunwastani dening tiyang sasampunipun *Roman*. Wiwitanipun *cerpen* ing Indonesia minangka cariyos ingkang *lucu/penglipur lara*. Cariyos-cariyos *lucu* menika biasanipun cekak-cekak lan boten ngendhut ancas sanesipun, kejawi namung *lelucon* ngajak tiyang ingkang maos gumujeng.

Ananging wonten jaman samenika, *cerpen* dipunginakaken ugi kangge ngandharaken pagesangan lan *keharuan*, saha *kesedihan* manungsa kanthi sastra. Wonten ing *cerpen* ingkang cekak menika, kapendhet wosing cariyosipun. Cekak lan padetipun *cerpen* inggih menika jangkep, *bulat* lan singkat. Miturut Tarigan (1985:175) ‘sedaya perangan saking cerkak kaiket kaliyan *suatu kesatuan jiwa*: cekak, padet, lan jangkep’. *Cerpen* menika cariyos ingkang cekak ananging wosipun jangkep, saged nyariosaken kadadayan kanthi cetha lan *detail*.

Cerpen ing panaliten menika inggih menika asiling karya sastra awujud *cerita pendek* kanthi basa Jawa modern utawi biasa kawastan cerita cekak utawi cerkak. Wosing wacana cerita cekak biasanipun kritik-kritik ingkang gadhah kekajengan supados wonten *perbaikan* dhumateng kahanan ingkang wonten ing sakiwa tengenipun. Semanten ugi kaliyan panaliten dhumateng cerita cekak utawi cerkak ingkang wonten ing antologi cerkak *Senthir* anggitanipun Suwardi Endraswara.

Adhedhasar andharan wonten nginggil, saged dipunpendhet dudutanipun inggih menika cerkak minangka wujud kasusastraan ingkang wonten ing Indonesia ingkang taksih enggal. Cerkak minangka salah satunggaling wujud karya sastra fiksi, inggih menika cariyos ingkang cekak ananging wosipun jangkep, saged nyariosaken kadadayan kanthi cetha lan detail. Wosipun cerkak biasanipun awujud kritik-kritik kangge kahanan sakiwa tengenipun supados saged langkung sae.

H. Panaliten Ingkang Jumbuh

Asiling panaliten ingkang gayut kaliyan panaliten menika, inggih menika panaliten kanthi irah-irahan “*Penggunaan Diksi Indria Pada Novel Ngulandara Dalam Buku Emas Sumawur Ing Baluarti Karya Partini B*” dening Haryanti (2012). Panaliten menika nganalisis novel Ngulandara kanthi madosi tembung ingkang kalebet jinis diksi indria. Jinis diksi indria ingkang kathah dipunginakaken inggih menika diksi indria paningal. Bab menika nedahaken bilih diksi indria paningal minangka jinis diksi indria ingkang gadhah fungsi ingkang wigati wonten ing novel Ngulandara.

Panaliten relevan ingkang kaping kalih inggih menika panaliten ingkang dipuntindakaken dening Kuwatni (2008) kanthi irah-irahan “*Pemilihan Diksi Dalam Kumpulan Cerkak Ajur Karya Akhir Lusono, S. SN*”. Objek panalitenipun inggih menika jinis saha fungsi diksi ingkang wonten ing *Kumpulan Cerkak Ajur*. Panaliten menika nganalisis kempalan *Cerkak Ajur* kanthi pamilihing diksi ingkang awujud *kata konotasi, kata denotasi, kata umum, kata khusus, kata serapan, lan kata selain bahasa Jawa*. Jinis diksi ingkang asring dipunginakaken inggih menika jinis konotasi. Bab menika nedahaken bilih jinis diksi menika gadhah fungsi ingkang wigati ing kempalan *Cerkak Ajur*.

Kalih panaliten wonten nginggil gayut amargi sami ngrembag bab panganggenipun diksi. Ananging saking bab ingkang sami menika ugi wonten bab ingkang beda saking panaliten menika. Awit saking menika badhe dipunandharaken bab ingkang sami lan bedanipun kalih panaliten kalawau wonten ing ngandhap menika.

1. Bab ingkang sami
 - a. Panalitenipun Kuwatni kaliyan panaliten menika sami ngrembag bab diksi. Ananging langkung mligi, inggih menika sami kaliyan panalitenipun Haryanti ingkang ngrembag bab diksi indria.
 - b. Sumber dhata saking Kuwatni kaliyan panaliten menika sami, inggih menika kempalan cerkak.
2. Bab ingkang beda
 - a. Saking subjek lan objek panaliten sampun beda, sinaosa objekipun sami ananging taksih wonten bedanipun inggih menika ing panaliten menika ugi ngrembag bab wujud *satuan lingual* saking panganggenipun diksi indria.
 - b. Wonten ing panalitenipun Haryanti objekipun jinis lan fungsi diksi indria ingkang dipuntingali saking tembung ing salebeting ukara. Ananging wonten panaliten menika nliti wujud *satuan lingual*, jinis saha fungsi diksi indria ingkang dipuntingali saking tembung lan frasa ing salebeting ukara.
 - c. Wonten ing panalitenipun Kuwatni objekipun jinis lan fungsi diksi mliginipun *konotasi, denotasi, kata umum, kata khusus* lan *kata selain berbahasa Jawa*. Ananging wonten panaliten menika langkung mligi inggih menika ngrembag bab wujud *satuan lingual*, jinis saha fungsi diksi indria.
 - d. Sumber dhata saking panalitenipun Haryanti inggih menika novel. Ananging sumber dhata panaliten menika saking antologi cerkak.

Awit saking menika, panaliti nliti malih kanthi topik ingkang sami inggih menika diksi indria, ananging kanthi subjek lan objek ingkang beda. Wonten ing panaliten menika panaliti badhe nliti panganggenipun diksi indria inggih menika tembung lan frasa ingkang dipuntampi dening indera paningal, pamireng, pangganda, pangecap lan pangusap, saha menapa ingkang kedah dipunraosaken dening indera sanes ananging ugi dipunraosaken dening indera sanesipun (*gejala sinestesia/pertukaran tanggapan indera*). Panaliten menika beda kaliyan panalitenipun Haryanti ingkang namung nliti jinis lan fungsi diksi indria ingkang awujud tembung ing novel Ngulandara, ananging panaliten menika nliti bab jinis saha fungsi diksi indria ingkang awujud tembung lan frasa ing entologi cerkak.

I. Nalaring Panaliten

Tembung minangka perangan dhasar kangge ngandharaken *ide* utawi gagasan. Pamilihing lan panganggenipun tembung ingkang sae saha trep minangka sarana nalika nyrampekaken *informasi* ingkang trep lan *efektif*. Kanthi diksi ingkang trep menika *informasi* langkung gampil dipunmangertosi.

Antologi Cerkak *Senthir* anggitanipun Suwardi Endraswara inggih menika kempalan cerkak ingkang sampun terbit wonten ing majalah lan surat kabar. Cerkak menika minangka salah satunggaling jinis karya sastra ingkang awujud seratan ingkang dipunwaos kangge nggayuh ancas tartamtu. Cerkak kasusun saking tembung ingkang kathah ngginakaken diksi saengga nggampilaken tiyang ingkang maos anggenipun mangertosi cariyos saking cerkak menika.

Panaliten kanthi irah-irahan ‘Panganggenipun Diksi Indria Ing Antologi Cerkak *Senthir* Anggitanipun Suwardi Endraswara’ menika *bertitik tolak* ing wujud *satuan lingual*, jinis saha fungsi panganggenipun diksi indria. Analisis ingkang wonten ing panaliten menika ngginakaken analisis deskriptif. Panaliten deskriptif inggih menika panaliten ingkang nggambaraken kahanan utawi kadadosan ingkang wonten lan dipunjumbuhaken kaliyan konteks.

BAB III CARA PANALITEN

A. Jinising Panaliten

Jinising panaliten menika panaliten deskriptif. Panaliten deskriptif inggih menika panaliten ingkang gadhah ancas damel deskripsi (gambaran/uraian) ingkang gayutipun kaliyan kahanan utawi kadadosan-kadadosan ingkang wonten. Kalampahan kados menika amargi sumber dhata wonten panaliten menika awujud teks sastra inggih menika kempalan cerkak. Miturut Suryabrata (1992:18) ancas saking panaliten deskriptif inggih menika kangge damel deskripsi (*pecandraan*) kanthi sistematis, *faktual*, saha akurat ngengingi fakta-fakta lan sipatipun populasi utawi kahanan tartamtu.

Wonten bab menika, panaliti damel deskripsi ingkang gayut kaliyan wujud *satuan lingual*, jinis saha fungsi panganggenipun diksi indria ing antologi cerkak *Senthir* anggitanipun Suwardi Endraswara. Inggih menika kanthi ngginakaken teori *Semantik* supados gampil anggenipun nлити diksi indria ingkang minangka tandha ing salebeting ukara ingkang badhe dipuntliti. Dhata panaliten menika awujud tembung saha *frasa* ingkang kalebet jinis saha fungsi diksi indria.

Metode panaliten deskriptif dipunpilih amargi panaliti ngandharaken bab tetembungan ingkang gayut kaliyan diksi indria. Panaliten menika dipuntindakaken kanthi cara ngempalaken dhata, klasifikasi dhata, lajeng nganalisis dhata kanthi ancas kangge manggihaken lan nggambaraken jinis saha fungsi panganggenipun diksi indria ingkang wonten ing antologi cerkak *Senthir* anggitanipun Suwardi Endraswara.

B. Dhata lan Sumber Dhata Panaliten

Dhata wonten panaliten inggih menika awujud tembung saha *frasa* ingkang kalebet jinis saha fungsi diksi indria ingkang wonten ing salebeting antologi cerkak *Senthir* anggitanipun Suwardi Endraswara. Sumber dhata ing panaliten inggih menika sedaya cerkak ingkang wonten ing antologi cerkak *Senthir* anggitanipun Suwardi Endraswara. Antologi cerkak menika awujud kempalan cerkak ingkang cacahipun 25 cerkak, kanthi 196 kaca ingkang dipunterbitaken dening Narasi rikala taun 2005. Cerita cekak menika antawisipun Sembah, Sukerta, Tawon Endhas, Gelungan, Kuping, Senthir, Dalan, Anggara Kasih, Bathara Kala, Bathang, Blangkon, Satriya Piningit, Lawang Kaca, Dasamuka, Laler, Menara Kristal, Garis, Ratu Adil, Jaran Wadon, Togog Dadi Ratu, X____Y, Semar, Ilusi, Fitroh, saha Untu Emas.

Lajeng sedaya dhata menika dipunanalisis supados saged pikantuk asil ingkang trep kaliyan fokus panaliten. Dhata menika miturut saking pamaosan saha seratan bilih antologi cerkak *Senthir* anggitanipun Suwardi Endraswara menika ngandhut aspek ingkang sami kaliyan fokus panaliten.

C. Cara Ngempalaken Dhata

Cara ngempalaken dhata ingkang dipunginakaken ing panaliten menika inggih menika cara maos lan nyerat. Cara maos kalampahan kanthi cara wonten ngandhap menika.

1. Maos sedaya cerkak ingkang wonten ing antologi cerkak *Senthir* anggitanipun Suwardi Endraswara kanthi cermat, tilit lan boten namung sepisan kangge mangertosi identifikasi data ingkang umum.
2. Paring tandha ing perangan-perangan tartamtu ingkang dados tandha diksi indria ingkang kalebet wujud *satuan lingual*, jinis saha fungsi diksi indria.
3. Paring tandha ing tembung saha tuturan ingkang dados tandha diksi indria ingkang ngandhut jinis saha fungsi diksi indria.
4. Damel deskripsi dhata. Netepaken jinising diksi indria lajeng dipunpadosi fungsipun miturut konteksipun.

Cara nyerat kalampahan ing perangan-perangan ingkang dipunanggep wigatos ugi ingkang ngandhut *indikator* tembung saha tuturan ingkang kalebet wujud *satuan lingual*, jinis saha fungsi diksi indria. Nalika nyerat data kalampahan kanthi cara kados ngandhap menika.

1. Nyerat tembung lan tuturan ingkang kalebet jinis saha fungsi diksi indria ing kertu dhata.
2. Dhata ingkang sampun dipunserat ing kertu dhata lajeng dipunketik wonten ing komputer minangka pirantos kangge nyimpen dhata.
3. Sumber dhata ingkang sampun kempal salajengipun dipundokumentasikaken supados saged dipunpahami minangka sumber informasi kangge mbiyantu lampah salajengipun inggih menika ngandharaken dhata ingkang kalebet ing wujud *satuan lingual*, jinis saha fungsi panganggenipun diksi indria.

D. Instrumen Panaliten

Instrumen wonten panaliten menika inggih menika manungsa (*human instrument*) inggih menika panaliti piyambak, ingkang tegesipun panaliti piyambak ingkang nliti saha dipunbiyantu kaliyan kertu dhata. Panaliti kanthi kesagedanipun ingkang gayut kaliyan wujud *satuan lingual*, jinis saha fungsi diksi indria saengga nalika maos saged mangertos wujud *satuan lingual*, jinis saha fungsi panganggenipun diksi indria ing antologi cerkak *Senthir* anggitanipun Suwardi Endraswara kanthi trep. Panaliti nemtokaken dhata ingkang kalebet diksi indria, ingkang salajengipun dipunkelompokaken miturut wujud, jinis saha fungsipun. Dhata ingkang sampun kempal dipunpilah miturut wujud, jinis, lajeng dipunpilah malih miturut fungsipun. Kejawi menika kangge nggampilaken kagiyatan anggenipun nyerat, ngempalaken saha nganalisis dhata, panaliti ugi ngginakaken pirantos sanes ingkang awujud kertu dhata.

Kertu dhata minangka sarana ingkang ndukung tiyang ingkang nliti kangge nunjang panaliten wujud, jinis saha fungsi diksi indria menika. Kertu menika ginanipun kangge sarana ingkang nggampilaken anggenipun nyerat dhata, ngempalaken dhata, *pengklasifikasian* dhata saha analisis dhata inggih menika wujud *stuan lingual*, jinis saha fungsi panganggenipun diksi indria. Kertu dhata ingkang isinipun dhata ingkang sampun dipunpendhet ingkang gayut kaliyan wujud *satuan lingual*, jinis saha fungsi panganggenipun diksi indria. Kertu analisis data menika dipunparingi cathetan inggih menika nomer urut kertu, kaca, alinea, urutaning ukara, sub irah-irahan cerkak, tuladhanipun dhata ingkang

dipunginakaken, wujud *satuan lingual*, jinising diksi indria, saha fungsi diksi indria.

Tuladha *format* kertu dhata.

No. urut/kaca/alinea/ukara kaping	: 50/39/22/1
Sub irah-irahan	: Kuping
Dhata	: ‘Sing tengen kok namung mireng swanten alus-alusan thok, swara tembang, gamelan’.
Wujud <i>satuan lingual</i>	: <i>frasa</i>
Jinis Diksi Indria	: Diksi indria pamireng (saking indra pangusap dateng indra pamireng).
Fungsi Diksi Indria	: Mujudaken makna enggal.

E. Cara Nganalisis Dhata

Cara nganalisis dhata ingkang dipunginakaken ing panaliten inggih menika cara nganalisis deskriptif, inggih menika cara ngandharaken sedaya dhata miturut jinis saha dipunanalisis miturut ancas panaliten saking tuturan ingkang wonten. Analisis dhata kalampahan kanthi *pengkodean*, *pengkategorisasian*, *penginterpretasian* lan *pendeskripsian*.

Teknik deskriptif menika gadhah ancas kangge ngempalaken sedaya informasi *faktual* ingkang detail saha nggambaraken kahanan ingkang wonten (Suryabrata, 1992:19). Dhata menika dipunanalisis trep kaliyan konteksipun. Ingkang sepisan inggih menika maos kanthi cermat lan teliti, salajengipun *pengkodean*, inggih menika maringi kodhe singkatan wonten ing dhata wujud, jinis saha fungsi diksi indria ingkang wonten ing antologi cerkak *Senthir* anggitanipun Suwardi Endraswara. Dhata ingkang sampun kempal dipunserat ing kertu dhata salajengipun kertu dhata menika dipunkempalaken miturut wujud *satuan lingual*ipun, lajeng miturut jinispun diksi indria. Dhata ingkang sampun

dipunkempalaken miturut wujud lan jinis kalawau lajeng dipunpilah malih miturut fungsipun lajeng dipunanalisis miturut teori ingkang gayut kaliyan wujud, jinis saha fungsi diksi indria ingkang sampun wonten.

Dhata ingkang sampun wonten salajengipun *satu kesatuan konsep* ingkang sami dipundadosaken setunggal kategori ingkang sami, inggih menika wujud *satuang lingual*, jinis saha fungsi diksi indria kangge nyethakaken fokus panaliten ingkang dipunkaji saengga ing pirembaran dhata ingkang kempal dipunparingi tuladha kutipan.

Tabel 1. Format Analisis Dhata

No.	Dhata	Wujud satuan lingual		Jinis Diksi Indria					Fungsi Diksi Indria						Indikator	
		Tmb	Frs	Png	Pmr	Pgg	Prc	Pgs	SDPK	MKKM	MME	NK	NRE	NGU		MKK
1	2			3	4	5	6	7	8	9	10	11	12	13	14	15

Katrangan:

Tmb : Tembung

Frs : Frasa

Png : Paningal

Pmr : Pamireng

Pgg : Pangganda

Pgc : Pangepap

Pgs	: Pangusap
SDPK	: Suka Daya Pangaribawa Kaendahan
MKKM	: Mujudaken Kesan Saha Kawontenan Mirunggan
MME	: Mujudaken Makna Enggal
NK	: Nggambaraken Kawontenan
NRE	: Nggambaraken Raos Emosi
NGU	: Nggesangaken Gambaran Ukara
MKK	: Mujudaken Kesan Kasar

F. Keabsahan Dhata

Keabsahan wonten panaliten menika kapanggihaken kanthi *validitas* saha *reliabilitas*. Kalampahan kangge nggayuh keabsahan asiling panaliten, inggih menika kanthi ngginakaken *validitas* semantik saha triangulasi teori. *Validitas* semantik ingkang dipunginakaken ing panaliten menika inggih menika kanthi cara ngamati dhata. Dhata ingkang sampun dipunamati inggih menika data ingkang saged dipunmaknai miturut konteksipun. Kejawi menika dhata ingkang sampun wonten dipunkonsultasikaken kaliyan ahli ingkang nguwaosi bidhang menika, inggih menika dosen pembimbing kangge nлити dhata ingkang sampun wonten. Aplikasi *validitas* semantik ing antologi cerkak *Senthir* anggitanpun Suwardi Endraswara saged dipuntingali wonten ing tuladha ngandap menika.

- a). 'Sing tengen kok namung mireng *swanten alus-alusan thok, swara tembang, gamelan*'.

Frasa swanten alus-alusan kalebet jinis diksi indria pamireng kanthi fungsi mujudaken makna enggal. Tembung *alus-alusan* ingkang sejatosipun dipuntampi dening indera pangusap ananging wonten ukara menika dipuntampi dening indera pamireng amargi tembung *alus-alusan* minangka katrangan saking tembung *swanten*. *Frasa swanten alus-alusan* namung dipuntampi dening indera pamireng amargi swanten tegesipun inggih menika kedhering hawa ingkang dipuntampi dening indera pamireng saengga boten saged dipuntampi dening indera sanesipun.

Triangulasi inggih menika cara anggenipun ningali keabsahan dhata ingkang ngginakaken samukawis sanesipun saking njawi dhata menika kangge mbandingaken dhata menika (Moleong, 2011:331). Wonten ing panaliten menika, uji keabsahan dhata ngginakaken triangulasi teori, inggih menika kanthi cara madosi dhata ingkang kalebet diksi indria, lajeng netepaken wujud *satuan lingual*, jinis saha fungsipun. Teori ingkang dipunginakaken inggih menika teori Semantik. Dhata menika dipunpilah miturut wujudipun, lajeng miturut jinisipun diksi indria, sasampunipun kempal miturut jinisipun lajeng dhata menika dipunpilah malih miturut fungsipun. Fungsi dhata menika dipuntingali miturut konteksipun, kanthi menika panaliti saged pikantuk dhata ingkang valid.

Reliabilitas dhata ing panaliten menika ngginakaken *reliabilitas* stabilitas. *Reliabilitas* stabilitas minangka *menafsirkan* cara kanthi *reliabil* amargi dipunwaos kanthi tliti supados angsal kasil ingkang sae, trep saha leres. Dhata ingkang badhe dipuntliti dipunwaos kanthi cermat supados pikantuk dhata ingkang cetha babagan perkawis ingkang badhe dipuntliti. Aplikasi *reliabilitas*

stabilitas ing antologi cerkak *Senthir* anggitanipun Suwardi Endraswara saged dipuntingali wonten ing tuladha ngandhap menika.

b). “*Kok panas kaya mawa*”.

Ing tuladha wonten inggil menika kangge nggambaraken dhata ingkang kalebet wujud *satuan lingual*, jinis saha fungsi pangangenipun diksi indria saged dipunpanggihaken kanthi cara ngaplikasikaken *reliabilitas* stabilitas. Inggih menika kanthi cara maos boten namung sepisan ananging dipunambali kanthi pikantuk asil ingkang ajeg, trep saha *reliabel*, saengga pikantuk dhata ingkang awujud tembung lan kalebet diksi indria pangusap saha fungsipun kangge nggambaraken kawontenan kados wonten pethikan nginggil. Tembung *panas* ingkang nggambaraken kawontenan nalika suhu ingkang wonten menika langkung saking normal. Tembung *panas* menika nedahaken bilih sumunar cahya saking srengenge ingkang sumelet ing kulit minangka indera pangusap, saengga tembung *panas* menika boten saged dipuntampi dening indera sanesipun.

Reliabilitas stabilitas dipunpilih saha dipunginakaken ing panaliten menika amargi kanthi *reliabilitas* stabilitas menika wekdal anggenipun nliti saged langkung efektif, amargi stabilitas ingkang dipunmaksud inggih menika boten ewahipun asiling panaliten sinaosa dipuntindakaken ing wekdal ingkang beda.

BAB IV ASILING PANALITEN SAHA PIREMBAGAN

Wonten bab menika badhe dipunandharaken asiling panaliten saha pirembagan ngengingi bab panganggenipun diksi indria ing antologi cerkak *Senthir* anggitanipun Suwardi Endraswara. Asiling panaliten badhe dipunandharaken kanthi wujud tabel saha deskripsi wonten ing pirembagan. Pirembagan asiling panaliten dipunjumbuhaken kaliyan wosing perkawis panaliten inggih menika ingkang gayut kaliyan wujud *satuan lingual*, jinis saha fungsi diksi indria.

A. Asiling Panaliten

Asiling panaliten menika arupi diksi indria ingkang wonten ing antologi cerkak *Senthir* anggitanipun Suwardi Endraswara. Dhata ingkang sampun kapanggihaken salajengipun dipunkelompokaken supados saged nemtokaken wujud *satuan lingual*, jinis saha fungsi panganggenipun diksi indria.

Klasifikasi dhata dipunandharaken kanthi awujud tabel, ancasiipun inggih menika supados gampang anggenipun nganalisis dhata. Dhata ingkang kapanggihaken wonten ing panaliten menika langkung kathah, saengga dipunringkes kanthi prasaja. Dhata ingkang sampun dipunringkes ing tabel dipunandharaken wonten ing pirembagan. Dhata menika dipunandharaken jumbuh kaliyan wujud *satuan lingual*, jinis saha fungsi panganggenipun diksi indria wonten ing antologi cerkak *Senthir* anggitanipun Suwardi Endraswara. Dhata ingkang jangkep bab wujud *satuan lingual*, jinis saha fungsi panganggenipun diksi indria badhe dipunandharaken wonten ing lampiran.

Tabel 2. Wujud Satuan Lingual, Jinis saha fungsi panganggenipun diksi indria ingkang wonten ing antologi cerkak *Senthir* anggitanipun Suwardi Endraswara.

No.	Wujud Satuan Lingual	Jinis Diksi Indria	Fungsi Diksi Indria	Indikator
1	2	3	4	5
1.	Tembung	Diksi Indria Paningal	Suka daya pangaribawa kaendahan	<ul style="list-style-type: none"> - <i>Mosok, seprana-seprene omah iki mung nyandhing senthir kelap-kelip.</i> (D57/43/Str) - Tembung <i>kelap-kelip</i>: kalebet diksi indria paningal. - Suka daya pangaribawa kaendahan: amargi tembung <i>kelap-kelip</i> kalebet tembung dwilingga salin swara, inggih menika minangka salah satunggaling <i>variasi</i> ingkang dipunginakaken dening panganggit ing salebeting ukara kangge nambah kaendahan karya sastra.
			Mujudaken kesan saha kawontenan mirunggan	<ul style="list-style-type: none"> - <i>Alam pangumbaran dawa, dawa banget - sing durung nate dak ambah.</i> (D4/11/Sbh) - Tembung <i>dawa</i>: kalebet diksi indria paningal. - Mujudaken kesan saha kawontenan mirunggan: nedahaken bilih wonten papan pangumbaran ingkang <i>dawa</i> sanget, ingkang dereng nate dipunambah dening manungsa.
			Nggambaraken kawontenan (kadadosan)	<ul style="list-style-type: none"> - “<i>Lho? Kok tekan kene, kuwi apa, kuning, abang, ireng, lan putih kuwi...kuwi?</i>”. (D62/51/Dln) - Tembung <i>kuning, abang,</i>

Tabel salajengipun

1	2	3	4	5
				<p><i>ireng</i> lan <i>putih</i>: kalebet diksi indria paningal.</p> <ul style="list-style-type: none"> - Nggambaraken kawontenan: ingkang dipuntingali inggih menika dalam kanthi warna kuning, abrit, cemeng, lan pethak.
			Nggambaraken raos emosi	<ul style="list-style-type: none"> - <i>Sih ngusung ulat nyuntheng</i>. (D116/103/MK) - Tembung <i>nyuntheng</i>: kalebet diksi indria paningal. - Nggambaraken raos emosi: nggambaraken emosipun pak Sas ingkang lingsem amargi minangka ketua panitia, Pak Sas pekewuh kaliyan peserta ingkang sampun dangu ngentosi <i>pembicara utama</i>.
		Diksi Indria Pamireng	Suka daya pangaribawa kaendahan	<ul style="list-style-type: none"> - <i>Ana klesik-klesik, nyoba nggathukake karo werdine tulisan dhekor sing dha rontog</i>. (D117/104/MK) - Tembung <i>klesik-klesik</i>: kalebet diksi indria pamireng. - Suka daya pangaribawa kaendahan: ngginakaken variasi tembung inggih menika tembung klesik-klesik ingkang mnangka tembung dwilingga padha swara.
			Nggambaraken kawontenan (kadadosan)	<ul style="list-style-type: none"> - <i>Suwaru iku sora, gemonthang</i>. (D1/9/Sbh) - Tembung <i>gemonthang</i>: kalebet diksi indria pamireng. - Nggambaraken

Tabel salajengipun

1	2	3	4	5
				kawontenan: nedahaken wontenipun swanten ingkang sora gemonthang.
			Nggambaraken raos emosi	<ul style="list-style-type: none"> - <i>Lagi nengah-nengahi jibeg, ngolak-alik nalar, golek cara nundhung tawon; seka dalan gedhe sisih kidul keprungu bengoke wong-wong ewon. (D19/22/TE)</i> - Tembung bengoke: kalebet diksi indria pamireng. - Nggambaraken raos emosi: wonten tiyang dhemo ingkang mbengok kanthi raos emosi ing rapat pamilihing bupati.
		Diksi Indria Pangganda	Nggambaraken kawontenan (kadadosan)	<ul style="list-style-type: none"> - <i>“Hemmm! Bathang kewan iki? Leteng, ambune! Jijik!”.</i> (D76/67/Btg) - Tembung leteng: kalebet diksi indria pangganda. - Nggambaraken kawontenan: wonten ganda leteng bathang ing ruwang sidhang Krambil Gadhing.
		Diksi Indria Pangepap	Nggambaraken kawontenan (kadadosan)	<ul style="list-style-type: none"> - <i>Luwih-luwih nggon mangan. Yen kon nelab-neleb dhong tela kaspas, wis krasa sepa.</i> (D163/183/UE) - Tembung sepa: kalebet jinis diksi indria pangepap. - Nggambaraken kawontenan: ing jaman samenika Sarip sampun sukses, menawi dipunaturi dhahar dhong tela sampun krasa sepa.
		Diksi Indria	Nggambaraken	- <i>Ngerti-ngerti papan sing</i>

Tabel salajengipun

1	2	3	4	5
		Pangusap	kawontenan (kadadosan)	<p><i>dak ambah krasa</i> panas, nglothokake kulit. (D59/46/Dln)</p> <ul style="list-style-type: none"> - Tembung panas: kalebet diksi indria pangusap. - Nggambaraken kawontenan: papan ingkang benter sanget ngantos saged nglothokaken kulit.
			Nggambaraken raos emosi	<ul style="list-style-type: none"> - <i>Rukmini manut, kambi ngelap luhe sing</i> anyep. (D72/64/Blk) - Tembung anyep: kalebet diksi indria pangusap. - Nggambaraken raos emosi: Rukmini sedhih ngantos tumetes eluh ing pipinipun, Rukmini ngelap eluhipun ingkang tumetes ing pipinipun. Ngraos bilih piyambakipun sampun nate damel kuciwa ramanipun.
2.	<i>Frasa</i>	Diksi Indria Paningal	Suka daya pangaribawa kaendahan	<ul style="list-style-type: none"> - <i>Dheweke kuwatir yen kleru olehe ngemonah tawon iku, malah</i> bubar mawur-mawurahan. (D18/22/TE) - <i>Frasa</i> bubar mawur-mawurahan: kalebet diksi indria paningal. - Suka daya pangaribawa kaendahan: wonten tetembungan menika ngginakaken variasi anggenipun ngginakaken diksi, inggih menika ngginakaken tembung dwilingga ingkang angsal panambang –an.
			Mujudaken kesan saha	<ul style="list-style-type: none"> - <i>Tratap! Ana pawongan</i> gedhe njlanggrang,

Tabel salajengipun

1	2	3	4	5
			kawontenan Mirunggan	<p><i>nyendhal karepku.</i> (D6/13/Sbh)</p> <ul style="list-style-type: none"> - Frasa <i>gedhe njlanggrang</i>: kalebet diksi indria paningal. - Mujudaken kesan saha kawontenan mirunggan: nedahaken bilih wonten tiyang ingkang ageng sanget.
			Mujudaken makna enggal	<ul style="list-style-type: none"> - <i>Dak grecoki ngono kembaranku, mung mesem kecut.</i> (D66/55/AK) - Frasa <i>mesem kecut</i>: kalebet diksi indria paningal. - Mujudaken makna enggal: tembung kecut ingkang sejatosipun dipuntampi dening indera pangraos ananging amargi tembung kecut minangka katrangan saking tembung mesemsaengga tembung mesem kecut dipuntampi dening indera paningal.
			Nggambaraken kawontenan (kadadosan)	<ul style="list-style-type: none"> - <i>Jaragan sing didhepke ing ngarepku mung barang sumunar kuning gadhing.</i> (D3/11/Sbh) - Frasa <i>kuning gadhing</i>: kalebet diksi indria paningal. - Nggambaraken kawontenan: nedahaken bilih wonten samukawis ingkang warnanipun kuning gadhing.
			Nggesangaken gambaran ukara	<ul style="list-style-type: none"> - <i>Saya nyemburet layung-layung sing nrabas gedheg pawonku.</i> (D55/42/Str) - Frasa <i>nyemburet layung-</i>

Tabel salajengipun

1	2	3	4	5
				<p>layung: kalebet diksi indria paningal.</p> <p>- Ngesangaken gambaran ukara: nedahaken bilih wonten layung-layung ingkang mlebet ing pawonipun Bas.</p>
		Diksi Indria Pamireng	Mujudaken makna enggal	<p>- <i>Bareng sidhang dibukak meneh, suwara langu wutah, ngalor-ngidul.</i> (D81/68/Btg)</p> <p>- <i>Frasa suwara langu</i>: kalebet diksi indria pamireng.</p> <p>- Mujudaken makna enggal: tembung langu ingkang kedahipun dipuntampi dening indera pangganda ananging dipuntampi dening indera pamireng, amargi tembung langu kalawau minangka katrangan saking tembung suwara.</p>
			Nggambaraken kawontenan (kadadosan)	<p>- <i>Njur ana tangis sengguk-sengguk, trenyuh.</i> (D162/182/Frh)</p> <p>- <i>Frasa tangis sengguk-sengguk</i>: kalebet diksi indria pamireng.</p> <p>- Nggambaraken kawontenan: lajeng wonten swanten tiyang ingkang nangis sengguk-sengguk.</p>
			Nggambaraken raos emosi	<p>- <i>Saben suwuk lagune, terus disambung keplok setan.</i> (D27/23/TE)</p> <p>- <i>Frasa keplok setan</i>: kalebet diksi indria pamireng.</p> <p>- Nggambaraken raos</p>

Tabel salajengipun

1	2	3	4	5
				emosi: keplok setan nedahaken raos emosi saking tiyang ingkang dhemu.
			Mujudaken kesan kasar	<ul style="list-style-type: none"> - Wedhus ireng tenan!. (D89/76/Blk) - Frasa wedhus ireng: kalebet diksi indria pamireng. - Mujudaken makna kasar: frasa <i>wedhus ireng</i> ngandhut makna kasar amargi frasa menika dipunginakaken dening Pak Orbasu kangge ndukani Arya Jipang Panolan.
		Diksi Indria Pangganda	Mujudaken kesan saha kawontenan mirunggan	<ul style="list-style-type: none"> - “<i>yen ora, perkara sing disidhangke iki wis ngganda bathang</i>”. (D80/68/Btg) - Frasa ngganda bathang: kalebet diksi indria pangganda. - Mujudaken kesan saha kawontenan mirunggan: miturut jaksa penuntut, ganda bathang menika saking perkawis ingkang badhe dipunsidhangaken, amargi perkawis menika sampun dangu sanget.
			Mujudaken makna enggal	<ul style="list-style-type: none"> - Pakeliran terus ngawul-awul ganda entut, <i>ngluwihi bathang</i>. (D110/95/Dsm) - Frasa ngawul-awul ganda entut: kalebet diksi indria pangganda. - Mujudaken makna enggal: ngawul-awul ingkang sejatosipun saged dipuntampi dening indera

Tabel salajengipun

1	2	3	4	5
				paningal ananging dipuntampi dening indera pangganda amargi wonten katrangan inggih menika ganda entut.
			Nggambaraken kawontenan (kadadosan)	<ul style="list-style-type: none"> - <i>Mesthi wae, ganda entut nduleg irung – ngoyak wong-wong dhasenan.</i> (D12/18/Skr) - <i>Frasa ganda entut :</i> kalebet diksi indria pangganda. - Nggambaraken kawontenan: nedahaken bilih wonten ganda ingkang ngambon-ngamboni tiyang dhasenan wonten kantoripun Pak Sukerta.
			Nggesangaken gambaran ukara	<ul style="list-style-type: none"> - <i>Anehe, saben ana sing ngacung ambune bathang saya ora nguwati, nrabas masker lembut iku.</i> (D83/69/Btg) - <i>Frasa ambune bathang :</i> kalebet diksi indria pangganda. - Nggesangaken gambaran ukara: menawi wonten tiyang ngacung, ganda bathang saged nrabas masker ingkang dipunginakaken tiyang ingkang wonten ing ruwang sidhang menika.
		Diksi Indria Pangusap	Mujudaken kesan saha kawontenan mirunggan	<ul style="list-style-type: none"> - <i>Najan kringet umeb, isih dak togake wae.</i> (D93/79/SP) - <i>Frasa kringet umeb :</i> kalebet diksi indria pangusap. - Mujudaken kesan saha kawontenan mirunggan:

Tabel salajengipun

1	2	3	4	5
				kringet umeb menika kringet ingkang kathah sanget amargi kahanan ingkang benter sanget.
			Nggambaraken kawontenan (kahanan)	<ul style="list-style-type: none"> - <i>Bisa ngedhem swasana panas sumelet, njiwit kulit ngene iki. (D91/78/SP)</i> - <i>Frasa panas sumelet: kalebet diksi indria pangusap.</i> - Nggambaraken kawontenan: kahanan ingkang benter sanget ngantos saged damel kulit sakit.

Adhedhasar tabel panaliten wonten nginggil, kapanggihaken wujud *satuan lingual*, jinis saha fungsi panganggenipun diksi indria ingkang dipunginakaken wonten ing antologi cerkak *Senthir* anggitanipun Suwardi Endraswara. Awit saking menika saged dipunpendhet dudutan bilih panganggenipun diksi indria wonten ing antologi cerkak *Senthir* menika wonten gangsal, inggih menika diksi indria paningal, pamireng, pangganda, pangecap, saha pangusap. Jinising diksi indria ingkang kapanggihaken adhedhasar saking wujud *satuan lingual* inggih menika tembung saha frasa.

Wonten panaliten menika ugi kapanggihaken fungsi saking diksi indria. Fungsi diksi indria ingkang wonten ing antologi cerkak *Senthir* wonten ingkang sami lan wonten ingkang beda gumantung saking konteks ingkang dipunwujudaken. Fungsi diksi indria wonten panaliten menika inggih menika suka daya pangaribawa kaendahan, mujudaken kesan saha kawontenan mirunggan,

mujudaken makna enggal, nggambaraken kawontenan (kadadosan saha kahanan), nggambaraken raos emosi, nggesangaken gambaran ukara, saha mujudaken kesan kasar. Saking maneka warna jinis saha fungsi diksi indria ingkang sampun kapanggihaken, badhe dipunandharaken wonten ing pirembagan ngandhap menika.

B. Pirembagan

Panaliten menika jumbuh kaliyan wosing perkawis inggih menika ngrembag bab diksi indria ingkang gayut kaliyan wujud *satuan lingual*, jinis saha fungsi panganggenipun diksi indria ingkang wonten ing antologi cerkak *Senthir* anggitanipun Suwardi Endraswara. Asiling panaliten menika njlentrehaken bilih wonten ing antologi cerkak kasebat kathah ngginakaken diksi indria. Pirembagan antawisipun wujud *satuan lingual*, jinis saha fungsi panganggenipun diksi indria ing antologi cerkak *Senthir*. Wujud *satuan lingual* ingkang sampun kapanggihaken dipunlajengaken kaliyan jinising diksi indria saha fungsi panganggenipun diksi indria ingkang dipunpadosi miturut konteks panganggenipun diksi kasebat.

Wonten ing pirembagan menika, kawiwitan saking wujud *satuan lingual* dipunlajengaken jinis lan fungsi panganggenipun diksi indria. Pirembagan bab diksi indria ingkang kapanggihaken, badhe dipunandharaken wonten ngandhap menika.

1. Tembung

Diksi indria ingkang wonten ing antologi cerkak *Senthir* anggitanipun Suwardi Endraswara ingkang sepisan inggih menika awujud tembung. Tembung ingkang wonten ing antologi cerkak *Senthir* anggitanipun Suwardi Endraswara saged dipunbedakaken miturut jinising diksi indria ingkang kapanggihaken wonten dhata kados ngandhap menika.

a. Diksi Indria Paningal

Diksi indria ingkang kapanggihaken wonten ing antologi cerkak *Senthir* anggitanipun Suwardi Endraswara, saged dipunperang malih miturut fungsipun. Fungsi diksi indria paningal ingkang awujud tembung inggih menika suka daya pangaribawa kaendahan, mujudaken kesan saha kawontenan mirunggan, nggambaraken kawontenan (kadadosan saha kahanan), saha nggambaraken raos emosi. Panganggenipun diksi indria paningal dipunandharaken miturut fungsipun, saged dipuntingali kados ngandhap menika.

1) Suka daya pangaribawa kaendahan

Dhata ingkang awujud tembung, jinisipun diksi indria paningal. Fungsipun kangge suka daya pangaribawa kaendahan ingkang kapanggihaken wonten ing antologi cerkak *Senthir* anggitanipun Suwardi Endraswara, saged dipuntingali wonten pethikan ngandhap menika.

- a) “*Mosok, seprana-seprene omah iki mung nyandhing senthir kelap--kelip*”.
(D57/43/Str)

Wonten pethikan nginggil tembung *kelap-kelip* kalebet jinis diksi indria paningal amargi saged dipuntingali kanthi ngginakaken indera paningal inggih menika mripat. Tembung *kelap-kelip* nggambaraken bilih wonten dalemipun Bas wiwit jaman semanten ngantos samenika namung wonten senthir ingkang kelap-kelip. *Kelap-kelip* minangka cahya saking senthir ingkang wonten ing dalemipun Bas, saengga tembung *kelap-kelip* namung saged dipuntampi dening indera paningal lan boten saged dipuntampi dening indera sanesipun.

Diksi indria paningal wonten ing ukara menika fungsipun kangge suka daya pangaribawa kaendahan. Wonten pethikan menika tembung *kelap-kelip* kalebet tembung dwilingga salin swara. Tembung menika minangka salah satunggaling *variasi* ingkang dipunginakaken dening panganggit ing salebeting ukara. Wontenipun *variasi* saged nambah kaendahan karya sastra, saengga saged narik kawigatosanipun tiyang ingkang maos.

2) Mujudaken kesan saha kawontenan mirunggan

Dhata ingkang awujud tembung, jinisipun diksi indria paningal. Fungsipun kangge mujudaken kesan saha kawontenan mirunggan ingkang kapanggihaken wonten ing antologi cerkak *Senthir* anggitanipun Suwardi Endraswara, saged dipuntingali wonten pethikan ngandhap menika.

b) Alam pangumbaran dawa, dawa banget-sing durung nate dak ambah.
(D4/11/Sbh)

Wonten pethikan nginggil, tembung *dawa* kalebet jinis diksi indria paningal amargi dipuntampi dening mripat minangka indera paningal. Tembung *dawa* wonten ukara menika nedahaken wonten alam pangumbaran ingkang panjang

sanget. *Dawa* saking basa ngoko kanthi basa kramanipun panjang menika tembung silihan ingkang ngemu surasa nglantrah, rowa lan sapanunggalipun. Tembung *dawa* ugi saged ateges samukawis ingkang dereng utawi sampun dipunmangertosi pungkasanipun, saengga namung saged dipuntampi dening indera paningal lan boten saged dipuntampi dening indera sanesipun.

Diksi indria paningal wonten ing ukara menika fungsipun kangge mujudaken kesan saha kawontenan mirunggan. Tembung *dawa* ingkang dipunambali menika mujudaken kesan bilih papan pangumbaran menika panjang sanget. Wonten pethikan menika panganggit ngginakaken tembung ingkang dipunambali supados tiyang ingkang maos saged mbayangaken bilih wonten papan pangumbaran ingkang panjang sanget lan dereng nate dipunambah dening piyambakipun (paraga).

3) Nggambaraken kawontenan (kadadosan)

Dhata ingkang awujud tembung, jinisipun diksi indria paningal. Fungsipun kangge nggambaraken kawontenan gayut kaliyan kadadosan ingkang kapanggihaken wonten ing antologi cerkak *Senthir* anggitanipun Suwardi Endraswara, saged dipuntingali wonten pethikan ngandhap menika.

c) “*Lho? Kok tekan kene, kuwi apa, kuning, abang, ireng, lan putih kuwi...kuwi?*” (D62/51/Dln)

Wonten pethikan nginggil, tembung *kuning, abang, ireng, lan putih* kalebet jinis diksi indria paningal amargi dipuntampi dening mripat minangka indera paningal. Tembung *kuning, abang, ireng, lan putih* minangka maneka warna, saengga namung saged dipuntampi dening indera paningal. *Kuning* utawi jene

inggih menika warna kadosdene warnanipun kunir, **abang** utawi abrit inggih menika warna kadosdene warnanipun rah, **ireng** utawi cemeng inggih menika warna kadosdene warnanipun areng, lan **putih** utawi pethak inggih menika warna kadosdene warnanipun kapuk.

Diksi indria paningal wonten ing ukara menika fungsipun kangge nggambaraken kawontenan, inggih menika kawontenan ingkang gayut kaliyan kadadosan ingkang dipunalami dening paraga. Tembung **kuning, abang, ireng,** lan **putih** menika nedahaken kawontenan bilih samukawis ingkang dipuntingali paraga inggih menika warnanipun jene, abrit, cemeng, lan pethak. Samukawis menika inggih menika awujud dalan ingkang kedah dipunpilih dening paraga ingkang wonten ing cerkak.

4) Nggambaraken raos emosi

Dhata ingkang awujud tembung, jinisipun diksi indria paningal. Fungsipun kangge nggambaraken raos emosi ingkang kapanggihaken wonten ing antologi cerkak *Senthir* anggitanipun Suwardi Endraswara, saged dipuntingali wonten pethikan ngandhap menika.

d) *Sih ngusung ulat nyuntheng.* (D116/103/MK)

Wonten pethikan nginggil, tembung **nyuntheng** kalebet jinis diksi indria paningal amargi dipuntampi dening mripat minangka indera paningal. **Nyuntheng** menika ulat ingkang dipunketingalaken nalika tiyang menika boten remen kaliyan kadadosan ingkang dipunalami, saengga namung saged dipuntampi dening indera paningal lan boten saged dipuntampi dening indera sanesipun. **Nyuntheng** wonten

ukara menika dipunraosaken dening Pak Sas amargi lingsem kaliyan para rawuh wonten ing Seminar Temu Pengarang Sastra Jawa menika.

Diksi indria paningal wonten ing ukara menika fungsipun kangge nggambaraken raos emosi. Tembung *nyuntheng* nggambaraken raos emosipun Pak Sas ingkang lingsem amargi minangka ketua panitia, piyambakapun pekewuh kaliyan peserta ingkang sampun dangu ngentosi *pembicara utama* ingkang boten rawuh-rawuh. Pak Sas nggambaraken raos emosipun kaliyan *pembicara utama* ingkang boten rawuh-rawuh kanthi ulat *nyuntheng*.

b. Diksi Indria Pamireng

Diksi indria ingkang kapanggihaken wonten ing antologi cerkak *Senthir* anggitanipun Suwardi Endraswara, saged dipunperang malih miturut fungsipun. Fungsi diksi indria pamireng ingkang awujud tembung inggih menika suka daya pangaribawa kaendahan, nggambaraken kawontenan (kadadosan saha kahanan), saha nggambaraken raos emosi. Panganggenipun diksi indria pamireng dipunandharaken miturut fungsipun, saged dipuntingali kados ngandhap menika.

1) Suka daya pangaribawa kaendahan

Dhata ingkang awujud tembung, jinisipun diksi indria pamireng. Fungsipun kangge suka daya pangaribawa kaendahan ingkang kapanggihaken wonten ing antologi cerkak *Senthir* anggitanipun Suwardi Endraswara, saged dipuntingali wonten pethikan ngandhap menika.

- e) Ana ***klesik-klesik***, nyoba nggathukake karo werdine tulisan dhekor sing dha rontog. (D117/104/MK)

Wonten pethikan nginggil, tembung ***klesik-klesik*** kalebet jinis diksi indria pamireng amargi dipuntampi dening talingan minangka indera pamireng. Tembung ***klesik-klesik*** tegesipun guneman ingkang lirih (*bisik-bisik*), saengga namung saged dipuntampi dening indera pamireng lan boten saged dipuntampi dening indera sanesipun. Tegesipun wonten ukara ing nginggil inggih menika para rawuh ingkang ***klesik-klesik*** nggathukaken seratan dhekor ingkang taksih nempel inggih menika Sinar Tenggara Sastra Jawa, inggih taksih wonten gayutpun kaliyan geguritan ingkang dipunwaos seniman kondhang Arista Tulista kanthi irah-irahan Tenggara Sastra Jawa.

Diksi indria pamireng wonten ing ukara menika fungsipun kangge suka daya pangaribawa kaendahan. Tembung ***klesik-klesik*** minangka tembung dwilingga padha swara. Tembung menika nuwuhaken kaendahan amargi minangka *variasi* pamilihing tembung ingkang dipunginakaken panganggit wonten ing ukara ing salebeting karya sastra, saengga saged narik kawigatosan tiyang ingkang maos.

2) Nggambaraken kawontenan (kadadosan)

Dhata ingkang awujud tembung, jinisipun diksi indria pamireng. Fungsipun kangge nggambaraken kawontenan gayut kaliyan kadadosan ingkang kapanggihaken wonten ing antologi cerkak *Senthir* anggitanipun Suwardi Endraswara, saged dipuntingali wonten pethikan ngandhap menika.

- f) *Suwaru iku sora, gemonthang*. (D1/9/Sbh)

Wonten pethikan nginggil, tembung *gemonthang* kalebet jinis diksi indria pamireng amargi dipuntampi dening talingan minangka indera pamireng. Tembung *gemonthang* nedahaken wontenipun swanten ingang sora sanget, saengga namung saged dipuntampi dening indera pamireng lan boten saged dipuntampi dening indera sanesipun. Swanten menika sora sanget ngantos nebak dhadha lan nrabas ayang-ayang ndalu ingkang sepen. Ananging paraga manut kemawon kaliyan swanten kalawau, amargi paraga gadhah keyakinan bilih swanten becik sinaosa boten cetha sangkanipun menika saged mbekta kaendahan lan katentreman.

Diksi indria pamireng wonten ing ukara menika fungsipun kangge nggambaraken kawontenan ingkang gayut kaliyan kadadosan. Tembung *gemonthang* nedahaken bilih wonten swanten ingkang sora lan *gemonthang*, sora sanget ngantos nebak dhadha. Kahanan ingkang sepen lan namung wonten swanten ingkang boten cetha sangkanipun, ananging paraga pitados swanten menika saged mbekta kaendahan amargi ingkang dipunmirengaken menika swanten ingkang becik.

3) Nggambaraken raos emosi

Dhata ingkang awujud tembung, jinisipun diksi indria pamireng. Fungsipun kangge nggambaraken raos emosi ingkang kapanggihaken wonten ing antologi cerkak *Senthir* anggitanipun Suwardi Endraswara, saged dipuntingali wonten pethikan ngandhap menika.

- g) *Legi nengah-nengahi jibeg, ngolak-alik nalar, golek cara nundhung tawon; seka dalam gedhe sisih kidul keprungu bengoke wong-wong ewon.*
(D19/22/TE)

Wonten pethikan nginggil, tembung *bengoke* kalebet jinis diksi indria pamireng amargi dipuntampi dening talingan minangka indera pamireng. Tembung *bengoke* ateges nywanten sora kanthi ancas tartamtu, umumipun amargi wonten kekajengan ingkang dereng kalaksanan, saengga namung saged dipuntampi dening indera pamireng lan boten saged dipuntampi dening indera sanesipun. Wonten ukara menika inggih menika bengokipun tiyang kathah.

Diksi indria pamireng wonten ing ukara nginggil fungsipun kangge nggambaraken raos emosi. Tembung *bengoke* nedahaken raos emosi saking tiyang ingkang dhemo. Tiyang dhemo menika gadhah kekajengan supados rapat bupati menika dipunbatalaken, kados wonten tiyang ingkang ngebosi amargi gadhah kekajengan kangge ngandharaken *aspirasi*.

c. Diksi Indria Pangganda

Diksi indria ingkang kapanggihaken wonten ing antologi cerkak *Senthir* anggitanipun Suwardi Endraswara, saged dipunperang malih miturut fungsipun. Fungsi diksi indria pangganda ingkang awujud tembung inggih menika nggambaraken kawontenan (kadadosan saha kahanan). Panganggenipun diksi indria pangganda dipunandharaken miturut fungsipun, saged dipuntingali kados ngandhap menika.

1) Nggambaraken kawontenan (kadadosan)

Dhata ingkang awujud tembung, jinisipun diksi indria pangganda. Fungsipun kangge nggambaraken kawontenan gayut kaliyan kadadosan

ingkang kapanggihaken wonten ing antologi cerkak *Senthir* anggitanipun Suwardi Endraswara, saged dipuntingali wonten pethikan ngandhap menika.

h) “*Hemmm! Bathang kewan iki? Leteng, ambune! Jijik!*”. (D76/67/Btg)

Wonten pethikan nginggil, tembung *leteng* kalebet jinis diksi indria pangganda amargi dipuntampi dening grana minangka indera pangganda. Tembung *leteng* ateges ganda kadosdene gandaning lisah ingkang sampun wayu, saengga namung saged dipuntampi dening indera pangganda lan boten saged dipuntampi dening indera sanesipun. Wonten ukara menika tembung *leteng* nedahaken ganda bathang ingkang sampun dangu, ngantos gandanipun banger sanget lan njijiki.

Diksi indria pangganda wonten ing ukara nginggil fungsipun kangge nggambaraken kawontenan ingkang gayut kaliyan kadadosan. Tembung *leteng* nedahaken kahanan bilih wonten ganda leteng bathang ing ruwang sidhang Krambil Gadhing ingkang dipunginakaken kangge rapat, ngantos tiyang ingkang rawuh sami mbitheng grananipun.

d. Diksi Indria Pangecap

Diksi indria ingkang kapanggihaken wonten ing antologi cerkak *Senthir* anggitanipun Suwardi Endraswara, saged dipunperang malih miturut fungsipun. Fungsi diksi indria pangecap ingkang awujud tembung inggih menika nggambaraken kawontenan (kadadosan saha kahanan). Panganggenipun diksi

indria pangecap dipunandharaken miturut fungsipun, saged dipuntingali kados ngandhap menika.

1) Nggambaraken kawontenan (kadadosan)

Dhata ingkang awujud tembung, jinisipun diksi indria pangecap. Fungsipun kangge nggambaraken kawontenan gayut kaliyan kadadosan ingkang kapanggihaken wonten ing antologi cerkak *Senthir* anggitanipun Suwardi Endraswara, saged dipuntingali wonten pethikan ngandhap menika.

i) Luwih-luwih nggon mangan. Yen kon nelab-neleb dhong tela kasper, wis krasa sepa. (D163/183/UE)

Wonten pethikan nginggil, tembung *sepa* kalebet jinis diksi indria pangecap amargi dipuntampi dening lidhah minangka indera pangecap. *Sepa* inggih menika tanpa raos, menika dipuntampi kanthi ngginakaken lidhah saengga namung saged dipuntampi dening indera pangecap lan boten saged dipuntampi dening indera sanesipun.

Diksi indria pangecap wonten ing ukara nginggil fungsipun kangge nggambaraken kawontenan ingkang gayut kaliyan kadadosan. Inggih menika kadadosan ingkang dipunalami dening Sarip, bilih ing jaman rumiyin nalika dereng sukses menawi dhahar thewel kemawon kados dhahar empal, ananging jaman samenika nalikaning piyambakipun sampun sukses menawi dipunaturi dhahar dhong tela kasper sampun krasa sepa.

e. Diksi Indria Pangusap

Diksi indria ingkang kapanggihaken wonten ing antologi cerkak *Senthir* anggitanipun Suwardi Endraswara, saged dipunperang malih miturut fungsipun. Fungsi diksi indria pangusap ingkang awujud tembung inggih menika nggambaraken kawontenan (kadadosan), saha nggambaraken raos emosi. Panganggenipun diksi indria pangusap dipunandharaken miturut fungsipun, saged dipuntingali kados ngandhap menika.

1) Nggambaraken kawontenan (kadadosan)

Dhata ingkang awujud tembung, jinisipun diksi indria pangusap. Fungsipun kangge nggambaraken kawontenan gayut kaliyan kadadosan ingkang kapanggihaken wonten ing antologi cerkak *Senthir* anggitanipun Suwardi Endraswara, saged dipuntingali wonten pethikan ngandhap menika.

j) *Ngerti-ngerti papan sing dak ambah krasa panas, nglothokake kulit.*
(D59/46/Dln)

Wonten pethikan nginggil, tembung *panas* kalebet jinis diksi indria pangusap amargi dipuntampi dening kulit minangka indera pangusap. Wonten ukara menika nedahaken bilih sanalika papan ingkang dipunliwati dados benter, ngantos saged nglothokaken kulit. Tembung *panas* ingkang wonten ing ukara menika nggambaraken kadadosan ingkang dipunalami dening paraga saengga namung saged dipuntampi dening indera pangusap lan boten saged dipuntampi dening indera sanesipun.

Diksi indria pangusap wonten ing ukara nginggil fungsipun kangge nggambaraken kawontenan ingkang gayut kaliyan kadadosan ingkang dipunalami

dening paraga. Wonten ing ukara menika tembung *panas* nedahakaen bilih wonten papan ingkang benter sanget ngantos saged nglothokaken kulit. Bab menika nggambaraken kawontenan ingkang gayut kaliyan papan.

2) Nggambaraken raos emosi

Dhata ingkang awujud tembung, jinisipun diksi indria pangusap. Fungsipun kangge nggambaraken raos emosi ingkang kapanggihaken wonten ing antologi cerkak *Senthir* anggitanipun Suwardi Endraswara, saged dipuntingali wonten pethikan ngandhap menika.

k) Rukmini manut, kambi ngelap luhe sing anyep. (D72/64/Blk)

Wonten pethikan nginggil, tembung *anyep* kalebet jinis diksi indria pangusap amargi dipuntampi dening kulit minangka indera pangusap. Tembung *anyep* nggambaraken luh ingkang tumetes ing pipinipun Rukmini nalika ing griya sakit, saengga menika namung saged dipuntampi dening indera pangusap lan boten saged dipuntampi dening indera sanesipun. Piyambakipun manut kaliyan menapa ingkang dados kekajengan ramanipun amargi Rukmini rumangsa sampun nate damel kuciwa ramanipun.

Diksi indria pangusap ingkang wonten ing ukara nginggil fungsipun kangge nggambaraken raos emosi. Tembung *anyep* ingkang wonten ing ukara menika nedahaken raos emosipun Rukmini dhumateng ramanipun. Rukmini ngraos kados dhalang ingkang boten saged utawi gagal ndhodhog kothak, piyambakipun namung manut kaliyan kekajenganipun ramanipun. Rukmini rumangsa dosa dhateng ramanipun, lan sampun nate damel kuciwa ramanipun.

2. *Frasa*

Diksi indria ing antologi cerkak *Senthir* anggitanipun Suwardi Endraswara boten namung ingkang awujud tembung, ananging wonten ugi ingkang awujud *frasa*. *Frasa* saking antologi cerkak *Senthir* anggitanipun Suwardi Endraswara saged dipunbedakaken miturut jinising diksi indria ingkang kapanggihaken wonten dhata kados ngandhap menika.

a. Diksi Indria Paningal

Diksi indria ingkang kapanggihaken wonten ing antologi cerkak *Senthir* anggitanipun Suwardi Endraswara, saged dipunperang malih miturut fungsipun. Fungsi diksi indria paningal ingkang awujud *frasa* inggih menika suka daya pangaribawa kaendahan, mujudaken kesan saha kawontenan mirunggan, mujudaken makna enggal, nggambaraken kawontenan (kadadosan saha kahanan), lan nggesangaken gambaran ukara. Panganggenipun diksi indria paningal dipunandharaken miturut fungsipun, saged dipuntingali kados ngandhap menika.

1) Suka daya pangaribawa kaendahan

Dhata ingkang awujud *frasa*, jinisipun diksi indria paningal. Fungsipun kangge suka daya pangaribawa kaendahan ingkang kapanggihaken wonten ing antologi cerkak *Senthir* anggitanipun Suwardi Endraswara, saged dipuntingali wonten pethikan ngandhap menika.

- 1) *Dheweke kuwatir yen kleru olehe ngemonah tawon iku, malah bubar mawur-mawurahan.* (D18/22/TE)

Wonten pethikan nginggil, *frasa bubar mawur-mawurahan* kalebet jinis diksi indria paningal amargi dipuntampi dening mripat minangka indera paningal. Tembung *mawur-mawurahan* minangka tembung katrangan saking tembung *bubar*. Tembung *bubar mawur-mawurahan* nggambaraken bilih Galib kuwatos menawi klentu anggenipun ngemonah tawon menika saged bubar teng pundi-pundi, saengga menika namung saged dipuntampi dening indera paningal lan boten saged dipuntampi dening indera sanesipun.

Diksi indria paningal wonten ing ukara nginggil fungsipun kangge suka daya pangaribawa kaendahan. *Frasa bubar mawur-mawurahan* kadadosan saking tembung *bubar* lan *mawur-mawurahan*. Tembung *mawur-mawurahan* minangka tembung dwilingga ingkang angsal panambang –an. Ndadosaken endah amargi panganggit ngginakaken *variasi* anggenipun ngginakaken tembung (pamilihing tembung/diksi) ing salebeting ukara. Wonten dhata nginggil, variasi ingkang dipunginakaken inggih menika panganggit ngginakaken tembung dwilingga.

2) Mujudaken kesan saha kawontenan mirunggan

Dhata ingkang awujud *frasa*, jinisipun diksi indria paningal. Fungsipun kangge mujudaken kesan saha kawontenan mirunggan ingkang kapanggihaken wonten ing antologi cerkak *Senthir* anggitanipun Suwardi Endraswara, saged dipuntingali wonten pethikan ngandhap menika.

m) *Tratap! Ana pawongan gedhe njlanggrang, nyendhal karepku.* (D6/13/Sbh)

Wonten pethikan nginggil, *frasa gedhe njlanggrang* kalebet jinis diksi indria paningal amargi dipuntampi dening mripat minangka indera paningal. *Frasa gedhe njlanggrang* kadadosan saking tembung *gedhe* lan *njlanggrang*. Tembung *njlanggrang* minangka katrangan saking tembung *gedhe*. Tembung *gedhe* tegesipun ageng, *njlanggrang* minangka katrangan ingkang nedahaken bilih wonten tiyang ingkang ageng sanget, saengga menika namung saged dipuntampi dening indera paningal lan boten saged dipuntampi dening indera sanesipun.

Diksi indria paningal wonten ing ukara nginggil fungsipun kangge mujudaken kesan saha kawontenan mirunggan. *Frasa gedhe njlanggrang* wonten ing ukara menika nedahaken bilih wonten tiyang ingkang ageng sanget. Mujudaken kesan saha kawontenan mirunggan amargi wonten ukara menika panganggit ngginakaken tembung ingkang saged nyangetaken tiyang ingkang maos, saengga tiyang ingkang maos saged mbayangaken bilih wonten tiyang ingkang ageng sanget.

3) Mujudaken makna enggal

Dhata ingkang awujud *frasa*, jinisipun diksi indria paningal. Fungsipun kangge mujudaken makna enggal ingkang kapanggihaken wonten ing antologi cerkak *Senthir* anggitanipun Suwardi Endraswara, saged dipuntingali wonten pethikan ngandhap menika.

n) *Dak grecoki ngono kembaranku, mung mesem kecut.* (D66/55/AK)

Wonten pethikan nginggil, *frasa mesem kecut* kalebet jinis diksi indria paningal amargi dipuntampi dening mripat minangka indera paningal. *Frasa*

mesem kecut kadadosan saking tembung *mesem* lan *kecut*. Tembung *mesem* tegesipun gumujeng ingkang boten kawedhar. Tembung *kecut* tegesipun raos kadosdene raosipun asem. *Frasa mesem kecut* wonten ing ukara menika dipunketingalaken dening Anggara nalika dipungrecoki dening kembaranipun, inggih menika kasih, saengga menika dipuntampi dening indera paningal.

Diksi indria paningal wonten ing ukara nginggil fungsipun kangge mujudaken makna enggal. Tembung *kecut* ingkang sejatosipun dipuntampi dening indera pangecap ananging wonten ukara menika dipuntampi dening indera paningal amargi tembung *kecut* minangka katrangan saking tembung *mesem*, saengga tembung *mesem kecut* dipuntampi dening indera paningal. Bab ingkang kados menika dipunwastani *sinestesia*, inggih menika kadadosan ingkang sejatosipun dipuntampi dening salah satunggaling indera ananging dipuntampi dening indera sanesipun, saengga ndadosaken makna enggal ing salebeting ukara.

4) Nggambaraken kawontenan (kadadosan)

Dhata ingkang awujud *frasa*, jinisipun diksi indria paningal. Fungsipun kangge nggambaraken kawontenan gayut kaliyan kadadosan ingkang kapanggihaken wonten ing antologi cerkak *Senthir* anggitanipun Suwardi Endraswara, saged dipuntingali wonten pethikan ngandhap menika.

- o) *Jaragan sing didhepke ing ngarepku mung barang sumunar kuning gadhing.*
(D3/11/Sbh)

Wonten pethikan nginggil, *frasa kuning gadhing* kalebet jinis diksi indria paningal. *Frasa kuning gadhing* dipuntampi dening mripat minangka indera paningal. *Kuning gadhing* kadadosan saking tembung *kuning* inggih menika

warna kadosdene warnanipun kunir lan tembung **gadhing** tegesipun siyung gajah. *Frasa kuning gadhing* ingkang dipunkajengaken inggih menika warna kadosdene warnanipun siyung gajah. **Kuning gadhing** minangka salah satunggaling warna, saengga namung dipuntampi dening indera paningal lan boten saged dipuntampi dening indera sanesipun.

Diksi indria paningal ingkang wonten ing ukara nginggil fungsipun kangge nggambaraken kawontenan ingkang gayut kaliyan kadadosan. *Frasa kuning gadhing* ingkang wonten ing ukara menika nedahaken bilih wonten samukawis kanthi warna kuning gadhing ingkang wonten ing sangajengipun paraga ing cerkak menika.

5) Nggesangaken gambaran ukara

Dhata ingkang awujud *frasa*, jinisipun diksi indria paningal. Fungsipun kangge nggesangaken gambaran ukara ingkang kapanggihaken wonten ing antologi cerkak *Senthir* anggitanipun Suwardi Endraswara, saged diputingali wonten pethikan ngandhap menika.

p) *Saya nyemburet layung-layung sing nrabas gedheg pawonku.* (D55/42/Str)

Wonten pethikan nginggil, *frasa nyemburet layung-layung* kalebet jinis diksi indria paningal. *Frasa nyemburet layung-layung* dipuntampi dening mripat minangka indera paningal. **Nyemburet layung-layung** nggambaraken bilih wonten cahya layung-layung kang nyemburet mlebet ing pawonipun Bas kanthi nrabas gedheg, saengga menika namung saged dipuntampi dening indera paningal lan boten saged dipuntampi dening indera sanesipun.

Diksi indria paningal ingkang wonten ing ukara nginggil fungsipun kangge nggesangaken gambaran ukara. Nedahaken bilih wonten cahya layung-layung ingkang mlebet nrabas gedheg pawonipun Bas. Nggesangaken gambaran ukara amargi *frasa nyemburet layung-layung* dipunginakaken dening panganggit supados tiyang ingkang maos langkung gampil anggenipun mangertosi menapa ingkang dipunkajengaken panganggit. *Frasa nyemburet layung-layung* nggesangaken gambaran ukara, saengga pamaos saged ngraosaken menapa ingkang dipunkajengaken panganggit kanthi gambaran ingkang wonten ing ukara.

b. Diksi Indria Pamireng

Diksi indria ingkang kapanggihaken wonten ing antologi cerkak *Senthir* anggitanipun Suwardi Endraswara, saged dipunperang malih miturut fungsipun. Fungsi diksi indria pamireng ingkang awujud *frasa* inggih menika mujudaken makna enggal, nggambaraken kawontenan (kadadosan saha kawontenan), nggambaraken raos emosi, lan mujudaken kesan kasar. Panganggenipun diksi indria pamireng dipunandharaken miturut fungsipun, saged dipuntingali kados ngandhap menika.

1) Mujudaken makna enggal

Dhata ingkang awujud *frasa*, jinisipun diksi indria pamireng. Fungsipun kangge mujudaken makna enggal ingkang kapanggihaken wonten ing antologi cerkak *Senthir* anggitanipun Suwardi Endraswara, saged dipuntingali wonten pethikan ngandhap menika.

- q) *Bareng sidhang dibukak meneh, suwara langu wutah, ngalor ngidul.* (D81/68/Btg)

Wonten pethikan nginggil, *frasa suwara langu* kalebet jinis diksi indria pamireng. *Frasa suwara langu* dipuntampi dening talingan minangka indera pamireng. *Suara langu* dipuntampi dening indera pamireng amargi menika minangka pangandikanipun tiyang kathah lan kelompok peninjau ingkang waton ngendika. Ananging tembungipun mogol amargi ngampet gandanipun bathang, saengga menika namung dipuntampi dening indera pamireng lan boten saged dipuntampi dening indera sanesipun.

Diksi indria pamireng ingkang wonten ing ukara nginggil fungsipun kangge mujudaken makna enggal. Tembung *langu* ingkang sejatosipun dipuntampi dening indera pangganda, wonten ukara menika dipuntampi dening indera pamireng amargi tembung *langu* minangka katrangan saking tembung *suwara*. Bab ingkang kados menika dipunwastani *sinestesia*, inggih menika kadadosan ingkang sejatosipun dipuntampi dening salah satunggaling indera ananging dipuntampi dening indera sanesipun, saengga ndadosaken makna enggal ing salebeting ukara.

2) Nggambaraken kawontenan (kadadosan)

Dhata ingkang awujud *frasa*, jinisipun diksi indria pamireng. Fungsipun kangge nggambaraken kawontenan gayut kaliyan kadadosan ingkang kapanggihaken wonten ing antologi cerkak *Senthir* anggitanipun Suwardi Endraswara, saged dipuntingali wonten pethikan ngandhap menika.

- r) *Njur ana tangis sengguk-sengguk, trenyuh.* (D162/182/Frh)

Wonten pethikan nginggil, *frasa tangis sengguk-sengguk* kalebet jinis diksi indria pamireng amargi dipuntampi dening talingan minangka indera pamireng. *Frasa tangis sengguk-sengguk* kadadosan saking tembung *tangis* lan *sengguk-sengguk*. Tembung *tangis* tegesipun sambatipun tiyang kanthi medalaken luh. *Tangis sengguk-sengguk* wonten ing ukara nedahaken bilih wonten tiyang ingkang nangis ngantos sengguk-sengguk, saengga namung saged dipuntampi dening indera pamireng amargi wonten ukara namung kepireng swanten tiyang nangis ananging boten dipuntingali kanthi langsung.

Diksi indria pamireng ingkang wonten ing ukara nginggil fungsipun kangge nggambaraken kawontenan ingkang gayut kaliyan kadadosan. *Frasa tangis sengguk-sengguk* wonten ing ukara nginggil nedahaken bilih wonten tiyang ingkang nangis amargi trenyuh. *Frasa* menika nggambaraken kadadosan ingkang dipunalami dening paraga ing cerkak menika.

3) Nggambaraken raos emosi

Dhata ingkang awujud *frasa*, jinisipun diksi indria pamireng. Fungsipun kangge nggambaraken raos emosi ingkang kapanggihaken wonten ing antologi cerkak *Senthir* anggitanipun Suwardi Endraswara, saged dipuntingali wonten pethikan ngandhap menika.

s) *Saben suwuk lagune, terus disambung keplok setan.* (D27/23/TE)

Wonten pethikan nginggil, *frasa keplok setan* kalebet jinis diksi indria pamireng amargi dipuntampi dening talingan minangka indera pamireng. *Frasa keplok setan* kadadosan saking tembung *keplok* lan *setan*. Tembung *keplok*

tegesipun nangkepaken asta kalih ngantos medal swanten plok-plok, lan *setan* gadhah teges ingkang kasar. *Keplok setan* kepireng asalipun saking tiyang dhemo lan boten dipuntingali kanthi langsung, saengga menika dipuntampi dening indera pamireng lan boten saged dipuntampi dening indera sanesipun.

Diksi indria pamireng ingkang wonten ing ukara nginggil fungsipun kangge nggambaraken raos emosi. *Keplok setan* nedahaken emosipun tiyang ingkang dhemo. Tiyang dhemo emosi kaliyan tiyang ingkang saweg sidhang pamilihing Bupati. *Keplok setan* nggambaraken raos mangkelipun tiyang dhemo.

4) Mujudaken kesan kasar

Dhata ingkang awujud *frasa*, jinisipun diksi indria pamireng. Fungsipun kangge mujudaken kesan kasar ingkang kapanggihaken wonten ing antologi cerkak *Senthir* anggitanipun Suwardi Endraswara, saged dipuntingali wonten pethikan ngandhap menika.

t) *Wedhus ireng tenan!*. (D89/76/Blk)

Wonten pethikan nginggil, *frasa wedhus ireng* kalebet jinis diksi indria pamireng amargi dipuntampi dening talingan minangka indera pamireng. *Frasa wedhus ireng* kadadosan saking tembung *wedhus*, inggih menika kewan ingkang gadhah suku sekawan kalebet kewan rajakaya. Tembung *ireng* minangka salah satunggaling warna, inggih menika kadosdene warnanipun areng. Ancasipun saking *frasa wedhus ireng* inggih menika nggambaraken bilih paraga Arya Jipang Panolan menika tiyang ingkang rakus kaliyan banda, boten adil lan saged ngewahi kahanan dados menapa ingkang dipunkajengaken piyambakipun. Ukara menika

minangka ukara ingkang dipunucapaken dening Pak Orbasu lan dipunpirengaken dening garwanipun, saengga menika dipuntampi dening indera pamireng lan boten saged dipuntampi dening indera sanesipun.

Diksi indria pamireng ingkang wonten ing ukara nginggil fungsipun kangge mujudaken kesan kasar. *Frasa wedus ireng* ngemu teges kasar amargi wonten ukara menika dipunginakaken dening Pak Orbasu kangge ndukani Arya Jipang Panolan. Inggil ingkang dipunraosaken Pak Orbasu menika bilih Arya Jipang Panolan sampun boten adil, bab menika ingkang damel Pak Orbasu duka kaliyan Arya Jipang Panangsang ngantos ngendika kanthi tetembungan ingkang kasar.

c. Diksi Indria Pangganda

Diksi indria ingkang kapanggihaken wonten ing antologi cerkak *Senthir* anggitanipun Suwardi Endraswara, saged dipunperang malih miturut fungsipun. Fungsi diksi indria pangganda ingkang awujud *frasa* inggih menika mujudaken kesan saha kawontenan mirunggan, mujudaken makna enggal, nggambaraken kawontenan (kadadosan saha kahanan), lan nggesangaken gambaran ukara. Pangangenipun diksi indria pangganda dipunandharaken miturut fungsipun, saged dipuntingali kados ngandhap menika.

1) Mujudaken kesan saha kawontenan mirunggan

Dhata ingkang awujud *frasa*, jinisipun diksi indria pangganda. Fungsipun kangge mujudaken kesan saha kawontenan mirunggan ingkang kapanggihaken wonten ing antologi cerkak *Senthir* anggitanipun Suwardi Endraswara, saged dipuntingali wonten pethikan ngandhap menika.

u) “*Yen ora, perkara sing disidhangke iki wis **ngganda bathang***”. (D80/68/Btg)

Wonten pethikan nginggil, *frasa **ngganda bathang*** kalebet jinis diksi indria pangganda amargi dipuntampi dening grana minangka indera pangganda. Boten wonten ingkang asalipun ganda bathang ingkang wonten ing ruwang sidhang menika. Wonten ugi ingkang ngendika bilih ganda menika asalipun saking rekayasanipun terdhakwa, amargi terdhakwa sampun asring damel perkawis saengga wonten ing sidhang menika terdhakwa damel ganda ingkang kados ganda bathang, saengga menika namung dipuntampi dening indera pangganda amargi boten saged dipuntampi dening indera sanesipun.

Diksi indria pangganda ingkang wonten ing ukara nginggil fungsipun kangge mujudaken kesan saha kawontenan mirunggan. *Frasa **ngganda bathang*** ing ukara nginggil menika dipunginakaken dening panganggit kangge ngandharaken perkawis ingkang sampun dangu boten dipunsidhangaken lan dipungayutaken kaliyan ganda ingkang wonten ing ruwang sidhang menika.

2) Mujudaken makna enggal

Dhata ingkang awujud *frasa*, jinisipun diksi indria pangganda. Fungsipun kangge mujudaken makna enggal ingkang kapanggihaken wonten ing antologi cerkak *Senthir* anggitanipun Suwardi Endraswara, saged dipuntingali wonten pethikan ngandhap menika.

v) *Pakeliran terus **ngawul-awul ganda entut**, ngluwahi bathang*. (D110/95/Dsm)

Wonten pethikan nginggil, *frasa ngawul-awul ganda entut* kalebet jinis diksi indria pangganda amargi dipuntampi dening grana minangka indera pangganda. Wonten ing ukara menika nedahaken bilih wonten ganda sarib ingkang ngebaki pakeliran. Ganda menika langkung saking gandanipun bathang, saengga menika dipuntampi dening indera pangganda. Asalipun ganda menika saking Dasamuka ingkang ngedan, tegesipun boten kados biasanipun.

Diksi indria pangganda ingkang wonten ing ukara nginggil fungsipun kangge mujudaken makna enggal. Tembung *ngawul-awul* ingkang sejatosipun dipuntampi dening indera paningal ananging dipuntampi dening indera pangganda amargi wonten katrangan sanesipun inggih menika tembung *ganda entut*. *Frasa ngawul-awul ganda entut* ndadosaken wontenipun makna enggal amargi wontenipun *sinestesia*, inggih menika raos ingkang sejatosipun dipuntampi dening salah satunggaling indera ugi dipuntampi dening indera sanesipun.

3) Nggambaraken kawontenan (kadadosan)

Dhata ingkang awujud *frasa*, jinisipun diksi indria pangganda. Fungsipun kangge nggambaraken kawontenan gayut kaliyan kadadosan ingkang kapanggihaken wonten ing antologi cerkak *Senthir* anggitanipun Suwardi Endraswara, saged dipuntingali wonten pethikan ngandhap menika.

w) *Mesthi wae, ganda entut nduleg rung – ngoyak wong-wong dhasenan.*
(D12/18/Skr)

Wonten pethikan nginggil, *frasa ganda entut* kalebet jinis diksi indria pangganda amargi dipuntampi dening grana minangka indera pangganda. *Ganda entut* nggambaraken bilih wonten ganda sarib saking Pak Pokal ingkang gadhah

kekajengan supados saged kepanggih kaliyan Pak Sukerta amargi menawi boten kepanggih, padharanipun Pak Pokal mrongkol lan medalaken sarib ingkang gandanipun banger. *Frasa ganda entut* dipuntampi dening indera pangganda amargi menika boten wonten wujudipun ingkang saged dipuntingali utawi dipunraosaken, saengga boten saged dipuntampi dening indera sanesipun.

Diksi indria pangganda ingkang wonten ing ukara nginggil fungsipun kangge nggambaraken kawontenan ingkang gayut kaliyan kadadosan. Tembung *entut* minangka katrangan saking tembung *ganda*. *Frasa ganda entut* ing ukara menika nedahaken bilih wonten ganda ingkang asalipun saking Pak Pokal wonten kantoripun Pak Sukerta. *Frasa* menika nggambaraken kadadosan ingkang dipunalami dening paraga ing cerkak.

4) Nggesangaken gambaran ukara

Dhata ingkang awujud *frasa*, jinisipun diksi indria pangganda. Fungsipun kangge nggesangaken gambaran ukara ingkang kapanggihaken wonten ing antologi cerkak *Senthir* anggitanipun Suwardi Endraswara, saged dipuntingali wonten pethikan ngandhap menika.

x) *Anehe, saben ana sing ngacung ambune bathang saya ora nguwati, nrabas masker lembut iku.* (D83/69/Btg)

Wonten pethikan nginggil, *frasa ambune bathang* kalebet jinis diksi indria pangganda amargi dipuntampi dening grana minangka indera pangganda. Ing ukara menika nedahaken bilih wonten ganda bathang saben wonten tiyang ngacung nalika badhe paring pamanggih utawi pitakenan. *Frasa ambune bathang* namung saged dipuntampi dening indera pangganda amargi *ambu* inggih menika

ingkang dipuntampi dening grana, lan boten saged dipuntampi dening indera sanesipun.

Diksi indria pangganda ingkang wonten ing ukara nginggil fungsipun kangge nggesangaken gambaran ukara. *Frasa ambune bathang* ing ukara menika nedahaken gesangipun gambaran ukara ingkang dipunandharaken bilih ganda bathang menika saged nrabas masker ingkang dipunginakaken dening hakim. Wonten ukara dipungambaraken bilih ganda bathang menika mambet sanget, ngantos tiyang ingkang ngginakaken masker kemawon taksih saged ngraosaken ganda bathang menika.

d. Diksi Indria Pangusap

Diksi indria ingkang kapanggihaken wonten ing antologi cerkak *Senthir* anggitanipun Suwardi Endraswara, saged dipunperang malih miturut fungsipun. Fungsi diksi indria pangusap ingkang awujud *frasa* inggih menika mujudaken kesan saha kawontenan mirunggan, lan nggambaraken kawontenan (kadadosan saha kahanan). Panganggenipun diksi indria pangusap dipunandharaken miturut fungsipun, saged dipuntingali kados ngandhap menika.

1) Mujudaken kesan saha kawontenan mirunggan

Dhata ingkang awujud *frasa*, jinisipun diksi indria pangusap. Fungsipun kangge mujudaken kesan saha kawontenan mirunggan ingkang kapanggihaken wonten ing antologi cerkak *Senthir* anggitanipun Suwardi Endraswara, saged dipuntingali wonten pethikan ngandhap menika.

y) *Najan kringet umeb, isih dak togake wae.* (D93/79/SP)

Wonten pethikan nginggil, *frasa kringet umeb* kalebet jinis diksi indria pangusap amargi dipuntampi dening kulit minangka indera pangusap. Wonten ukara menika *frasa kringet umeb* nedahaken bilih badanipun paraga medal kringet amargi ajrih, ananging paraga taksih wantun lan nglajengaken lakunipun, saengga menika namung dipuntampi dening indera pangusap lan boten saged dening indera sanesipun. *Kringet umeb* dipunraosaken dening paraga amargi kringet ingkang medal lan tumetes wonten kulitipun paraga menika kathah.

Diksi indria pangusap ingkang wonten ing ukara menika fungsipun kangge mujudaken kesan saha kawontenan mirunggan. Ingkang nedahaken bilih ukara menika mujudaken kesan saha kawontenan mirunggan inggih menika *frasa kringet umeb*. *Frasa* menika nedahaken kawontenan mirunggan, amargi kringet ingkang medal kathah sanget wonten ukara menika panganggit ngginakaken tembung *umeb* saengga saged langkung narik kawigatosan tiyang ingkang maos.

2) Nggambaraken kawontenan (kahanan)

Dhata ingkang awujud *frasa*, jinisipun diksi indria pangusap. Fungsipun kangge nggambaraken kawontenan gayut kaliyan kahanan ingkang kapanggihaken wonten ing antologi cerkak *Senthir* anggitanipun Suwardi Endraswara, saged dipuntingali wonten pethikan ngandhap menika.

z) *Bisa ngedhem swasana panas sumelet, njiwit kulit ngene iki.* (D91/78/SP)

Wonten pethikan nginggil, *frasa panas sumelet* kalebet diksi indria pangusap. *Sumelet* minangka tembung katrangan saking tembung *panas*. Tembung *panas* nggambaraken kahanan ingkang suhunipun langkung saking suhu biasanipun.

Tembung *sumelet* ing ukara menika nedahaken bilih kahanan ingkang benter sanget. Awit saking menika *frasa panas sumelet* dipuntampi dening indera pangusap lan boten saged dipuntampi dening indera sanesipun.

Diksi indria pangusap wonten ing ukara nginggil fungsipun kangge nggambaraken kawontenan ingkang gayut kaliyan kahanan. *Panas sumelet* nedahaken bilih wonten papan ingkang benter sanget. Bab nggambaraken kawontenan menika gayut kaliyan kahanan wonten ing salah satunggaling papan. Wonten ukara menika paraga madosi tiyang ingkang luhur budine, saged ngayomi lan saged ngedhem swasana ingkang benter sanget. *Panas sumelet* nedahaken kawontenan ingkang gayut kaliyan kadadosan ingkang dipunalami dening paraga ing cerkak.

BAB V PANUTUP

A. Dudutan

Adhedhasar asiling panaliten saha pirembagan ingkang sampun dipunandharaken wonten bab IV, saged dipunpendhet dudutanipun. Dudutan tumrap panganggenipun diksi indria ing antologi cerkak *Senthir* anggitanipun Suwardi Endraswara dipunandharaken kados ngandhap menika.

1. Wujud *satuan lingual* diksi indria ingkang wonten ing antologi cerkak *Senthir* anggitanipun Suwardi Endraswara menika awujud tembung saha *frasa*.
2. Diksi indria ingkang wonten ing antologi cerkak *Senthir* anggitanipun Suwardi Endraswara cacahipun wonten gangsal inggih menika diksi indria paningal, diksi indria pamireng, diksi indria pangganda, diksi indria pangepap saha diksi indria pangusap. Panganggenipun diksi indria ingkang wonten ing antologi cerkak *Senthir* anggitanipun Suwardi Endraswara menika nggampilaken tiyang ingkang maos anggenipun mangertosi menapa ingkang dipunkajengaken saking cariyos menika.
3. Fungsi diksi indria ingkang wonten ing antologi cerkak *Senthir* anggitanipun Suwardi Endraswara inggih menika kangge suka daya pangaribawa kaendahan, mujudaken kesan saha kawontenan mirunggan, mujudaken makna enggal, nggambaraken kawontenan (kadadosan saha kahanan), nggambaraken raos emosi, nggesangaken gambaran ukara, saha mujudaken kesan kasar. Fungsipun diksi indria ingkang kapanggihaken dipunjumbuhaken kaliyan konteks ingkang dados panjurung.

Karya sastra ingkang awujud cerkak mbetahaken basa ingkang endah, sae, saha *variatif* supados saged narik kawigatosan tiyang ingkang maos. Diksi indria ing antologi cerkak *Senthir* anggitanipun Suwardi Endraswara dipunginakaken panganggit kangge ngandharaken sedaya ingkang dipunkajengaken supados langkung gampang dipunmangertosi dening tiyang ingkang maos.

B. Pamrayogi

1. Panaliten diksi indria prelu dipunlajengaken, boten namung winates ing antologi cerkak kemawon, ananging saking objek panaliten sanesipun umpaminipun saking novel, geguritan, utawi karya sastra sanesipun.
2. Panaliten dhumateng antologi cerkak menika namung nliti salah satunggaling jinis diksi, inggih menika diksi indria. Awit saking menika dipunkajengaken wonten panaliten sanes ingkang gayut kaliyan jinis diksi sanesipun kadosta *jargon*, *slang* lan sapanunggalipun. Panaliten menika boten ical saking kasampurnan satemah prelu panaliten-panaliten ingkang langkung dhumateng antologi cerkak menika, saged mawi analisis ingkang sami utawi ingkang beda.

Miturut pamrayogi wonten inggil mugi-mugi kirangipun ingkang wonten ing panaliten menika saged dipunjangkepi dening panaliten-panaliten salajengipun ingkang langkung detail, cetha lan mligi.

C. Implikasi

Asiling panaliten menika nedahaken bilih ing antologi cerkak *Senthir* anggitanipun Suwardi Endraswara kathah ngginakaken diksi, mliginipun diksi indria. Kangge pamaos saged dipunginakaken minangka wawasan saha

pemahaman ingkang gayut kaliyan diksi mliginipun diksi indria ingkang wonten ing antologi cerkak *Senthir* anggitanipun Suwardi Endraswara. Bab menika saged nggampilaken tiyang ingkang maos anggenipun mangertosi menapa ingkang dipunkajengaken dening panganggit ingkang wonten ing antologi cerkak menika.

Kangge mahasiswa Program Pendidikan Bahasa Jawa, asiling panaliten menika saged dipundadosaken kawruh bab *Semantik* mliginipun ingkang gayut kaliyan panganggenipun diksi utawi pamilihing tembung. Gayutipun kaliyan pasinaon basa mliginipun basa Jawi, asiling panaliten menika saged dipunginakaken kangge bahan materi pasinaon ingkang gayut kaliyan karya sastra. Asiling panaliten menika dipunkajengaken saged dipunginakaken kangge *referensi* ing panaliten sanesipun, ingkang wonten gayutipun kaliyan ngelmu basa lan sastra ingkang kajianipun awujud diksi ing salebeting antologi cerkak.

KAPUSTAKAN

- Achmadi, Muchsin. 1988. *Materi Dasar Pengajaran Komposisi Bahasa Indonesia*. Jakarta: DEPDIBUD.
- Aminuddin. 1995. *Stilistika: Pengantar Memahami Bahasa dalam Karya Sastra*. Semarang: IKIP Semarang Press.
- Chaer, Abdul. 1990. *Pengantar Semantik Bahasa Indonesia*. Jakarta: Rineka Cipta.
- Endraswara, Suwardi. 2005. *Antologi Cerkak Senthir*. Yogyakarta: Narasi.
- Enre, Fachrudin Ambo. 1988. *Dasar-dasar Keterampilan Menulis*. Jakarta: DEPDIBUD.
- Hardiyanto. 2008. *Leksikologi (Sebuah Pengantar)*. Yogyakarta: Kanwa Publisher.
- Haryanti. 2012. *Penggunaan Diksi Indria Pada Novel Ngulandara Dalam Buku Emas Sumawur Ing Baluarti Karya Partini B*. Skripsi S1 Jurusan Pendidikan Bahasa Jawa. Yogyakarta: FBS UNY.
- Keraf, Gorys. 1982. *Eksposisi Dan Deskripsi*. NTT: Nusa Indah.
- , 2005. *Diksi Dan Gaya Bahasa*. Jakarta: PT Gramedia Pustaka Utama.
- Kuwatni. 2008. *Pemilihan Diksi Dalam Kumpulan Cerkak Ajur Karya Akhir Lusono, S. SN*. Skripsi S1 Jurusan Pendidikan Bahasa Jawa. Yogyakarta: FBS UNY.
- Moleong, L.J. 2011. *Metode Penelitian Kualitatif*. Bandung: Remaja Rosdakarya.
- Mulyana. 2009. *Linguistik Umum*. Yogyakarta: Fakultas Bahasa dan Seni UNY.
- Nurdiyantoro, Burhan. 2009. *Teori Pengkajian Fiksi*. Yogyakarta: Gajah Mada University Press.
- Nurhayati, Endang & Siti Mulyani. 2006. *Linguistik Bahasa Jawa Kajian Filologi, Morfologi, Sintaksis Dan Semantik*. Yogyakarta: Bagaskara.

- Parera, J.D. 2004. *Teori Semantik*. Jakarta: Erlangga.
- Pateda, Mansoer. 1989. *Semantik Leksikal*. NTT: Nusa Indah.
- Pearce, Evelyn. 1973. *Anatomi Dan Fisiologi Untuk Paramedis*. Jakarta: PT. Gramedia.
- Poerwadarminta, W.J.S. 1939. *Baoesastra Djawa*.
- Pradopo, Rachmat Djoko. 1990. *Pengkajian Fiksi*. Yogyakarta: Gajah Mada University Press.
- Sayuti, Suminta A. 1985. *Puisi Dan Pengajarannya*. Semarang: IKIP Semarang Press.
- Sudjiman, Panuti. 1993. *Bunga Rampai Stilistika*. Jakarta: PT. Pustaka Utama Grafiti.
- Suryabrata, Sumadi. 1992. *Metodologi Penelitian*. Jakarta: PT. Raja Grafindo.
- Tarigan, Henry Guntur. 1985. *Pengajaran Semantik*. Bandung: Angkasa.

LAMPIRAN

Tabel 3. Analisis Wujud Satuan Lingual, Jenis saha Fungsi Diksi Indria ing Antologi Cerkak Senthir Anggitanipun

Suwardi Endraswara.

No.	Dhata	Wujud Satuan Lingual		Jinis Diksi Indria					Fungsi Diksi Indria						Indikator	
		Tmb	Frs	Png	Pmr	Pgg	Pgc	Pgs	SDPK	MKKM	MME	NK	NRE	NGU		MKK
1	2	3	4	5	6	7	8	9	10	11	12	13	14	15	16	17
1.	Sembah. (D1/9/Sbh)	√		√								√				<ul style="list-style-type: none"> -Tembung: <i>Sembah</i>. -Diksi indria paningal: dipuntampi dening mripat minangka indera paningal. -Nggambaraken kawontenan (kadadosan): <i>sembah</i> minangka samukawis ingkang dipunlampahi dening manungsa kangge ngormati menapa ingkang dados kapitadosanipun.
2.	Suwara iku	√			√							√				<ul style="list-style-type: none"> -Tembung:

Tabel salajengipun

1	2	3	4	5	6	7	8	9	10	11	12	13	14	15	16	17
	sora, gemonthang . (D2/9/Sbh)															<ul style="list-style-type: none"> - <i>Gemonthang</i>. - Diksi indria pamireng: dipuntampi dening talingan minangka indera pamireng. - Nggambaraken kawontenan (kadadosan): <i>gemonthang</i> nedahaken bilih wonten swanten ingkang sora sanget.
3.	Apa merga aku nglali? Njur pacoban pait godhong kates iki kudu tumama menyang anakku sing ora utawa	√					√				√					<ul style="list-style-type: none"> - Tembung: <i>pait</i>. - Diksi indria pangecap: dipuntampi dening lidhah minangka indera pangecap. - Mujudaken makna enggal: <i>pait</i> ingkang biasanipun dipuntampi dening indera pangraos,

Tabel salajengipun

1	2	3	4	5	6	7	8	9	10	11	12	13	14	15	16	17
	durung ngerti dosa. (D3/10/Sbh)															ananging wonten ukara menika dipungambaraken kangge ngandharaken kahanan ingkang boten sae ingkang kedah dipunraosaken dening putranipun.
4.	Jaragan sing didhepke ing ngarepku mung barang sumunar kuning gadhing. (D4/11/Sbh)		√	√								√				- <i>Frasa: sumunar kuning gadhing.</i> - Diksi indria paningal: dipuntampi dening mripat minangka indera paningal. - Nggambaraken Kawontenan (kadadosan): nggambaraken bilih samukawis ingkang wonten ing ngajengipun inggih menika awujud

Tabel salajengipun

1	2	3	4	5	6	7	8	9	10	11	12	13	14	15	16	17
																barang ingkang sumunar kuning gadhing.
5.	Alam pangumbaran dawa , dawa banget - sing durung nate dak ambah. (D5/11/Sbh)	√		√						√						<ul style="list-style-type: none"> - Tembung: <i>Dawa</i>. - Diksi indria paningal: dipuntampi dening mripat minangka indera paningal. - Mujudaken kesan saha kawontenan mirunggan: tembung <i>dawa</i> nedahaken bilih wonten papan ingkang dawa sanget.
6.	Kanggo nalenit tekadku, sing kudu mblasak-mblasak – ngambah alas gung		√	√					√							<ul style="list-style-type: none"> - <i>Frasa: Alas gung liwang-liwang.</i> - Diksi indria paningal: dipuntampi dening mripat minangka indera paningal. - Suka daya

Tabel salajengipun

1	2	3	4	5	6	7	8	9	10	11	12	13	14	15	16	17	
	liwang- liwung. (D6/12/Sbh)																pangaribawa kaendahan: saking tetembungan <i>alas gung liwang- liwung</i> katingal wonten variasi panganggenipun diksi, amargi boten ngginakaken tetembungan ingkang biasa, kadosta, alas kang gedhe banget.
7.	Tratap! Ana pawongan gedhe njlanggrang , nyendhal karepku. (D7/13/Sbh)		√	√						√							- <i>Frasa: Gedhe njlanggrang.</i> - Diksi indria paningal: dipunampi dening mripat minangka indera paningal. - Mujudaken kesan saha kawontenan mirunggan: nedahaken bilih wonten pawongan

Tabel salajengipun

1	2	3	4	5	6	7	8	9	10	11	12	13	14	15	16	17
																(kanca) ingkang ageng sanget pawakanipun.
8.	Tiwas turah idu, bisa asat gorokane, ora digape. (D8/15/Skr)	√						√					√			- Tembung: <i>Asat</i> . - Diksi indria pangusap: dipuntampi dening kulit minangka indera pangusap. - Nggambaraken raos emosi: nedahaken raos emosinipun Pak Pokal ingkang dipungambaraken kanthi diksi indria pangusap. Asat gorokane nedahaken bilih menawi Pak Pokal ngendika kathah ngantos garing gorokanipun ugi boten dipungape.
9.	Emane,	√		√								√				- Tembung: <i>Suwung</i> .

Tabel salajengipun

1	2	3	4	5	6	7	8	9	10	11	12	13	14	15	16	17
	nalika Pak Pokal menceti cenel, suwung. (D9/16/Skr)															<ul style="list-style-type: none"> - Diksi indria paningal: dipuntampi dening mripat minangka indera paningal. - Nggambaraken kawontenan (kahanan): nedahaken bilih cenel ingkang wonten ing tv menika suwung amargi boten wonten pawartosipun Pak Sukerta.
10.	“Brotttt!” Tekan ngarep kantore Pak Sukerta, ana suwara njebrot seka bokonge Pak Pokal.	√			√							√				<ul style="list-style-type: none"> - Tembung: <i>“Brotttt!”</i> lan <i>njebrot</i>. - Diksi indria pamireng: diputampi dening talingan minangka indera pamireng. - Nggambaraken

Tabel salajengipun

1	2	3	4	5	6	7	8	9	10	11	12	13	14	15	16	17
	(D10/18/Skr)															kawontenan (kadadosan): swanten njebrot nedahaken bilih wonten ngajeng kantoripun Pak Sukerta wonten swanten njebrot saking pocongipun Pak Pokal.
11.	Ganda ampeg bathang iku ngebaki kantore Pak Sukerta. (D11/18/Skr)		√			√						√				- <i>Frasa: Ganda ampeg bathang.</i> - Diksi indria pangganda: dipuntampi dening grana minangka indera pangganda. - Nggambaraken -kawontenan (kadadosan): nedahaken bilih wonten ganda ampeg bathang ingkang ngebaki kantoripun Pak

Tabel salajengipun

1	2	3	4	5	6	7	8	9	10	11	12	13	14	15	16	17
																Sukerta.
12.	Nganti nyuwara hekkk! Njur ndhutt , bokonge ngebul meneh. (D12/18/Skr)	√			√							√				<ul style="list-style-type: none"> - Tembung: <i>Hekkk!</i> lan <i>ndhutt</i>. - Diksi indria pamireng: dipuntampi dening talingan minangka indera pamireng. - Nggambaraken kawontenan (kadadosan): wonten swanten sarib ingkang medal saking pocongipun Pak Pokal.
13.	Mesthi wae, ganda entut nduleg irung – ngoyak wong-wong dhasenan. (D13/18/Skr)		√			√						√				<ul style="list-style-type: none"> - <i>Frasa: Ganda entut.</i> - Diksi indria pangganda: dipuntampi dening grana minangka indera pangganda. - Nggambaraken kawontenan

Tabel salajengipun

1	2	3	4	5	6	7	8	9	10	11	12	13	14	15	16	17
																(kadadosan): nedahaken bilih wonten ganda ingkang ngambon- ngamboni tiyang dhasenan wonten kantoriipun Pak Sukerta.
14.	Ngumbar ganda uleng- ulengan, ngluwahi bathang. (D14/19/Skr)		√			√						√				- <i>Frasa: Ganda uleng-ulengan.</i> -Diksi indria pangganda: dipunampi dening grana minangka indera pangganda. -Nggambaraken kawontenan (kadadosan): gandanipun uleng- ulengan, nglangkungi gandanipun bathang.
15.	Tawon Endhas.		√	√								√				- <i>Frasa: Tawon Endhas.</i>

Tabel salajengipun

1	2	3	4	5	6	7	8	9	10	11	12	13	14	15	16	17
	(D15/20/TE)															<ul style="list-style-type: none"> -Diksi indria paningal: dipuntampi dening mripat minangka indera paningal. -Nggambaraken kawontenan (kadadosan): <i>tawon endhas</i> minangka salah satunggaling jinis kewan kadosdene kumbang,
16.	<p>Ning gara-gara tawon iku, awakmu bisa dipecat seka gedhong magrong-magrong iki.</p> <p>(D16/20/TE)</p>		√	√						√						<ul style="list-style-type: none"> -<i>Frasa: Gedhong magrong-magrong.</i> -Diksi indria paningal: dipuntampi dening mripat minangka indera paningal. -Mujudaken kesan saha kawontenan mirunggan: <i>gedhong magrong-magrong</i> ingkang

Tabel salajengipun

1	2	3	4	5	6	7	8	9	10	11	12	13	14	15	16	17
																dipunmaksud inggih menika kantor anggenipun Galib nyambut damel, dipungambaraken bilih kantoripun ageng sanget.
17.	Soale, komandhan iku meksa Galib kudu mrantasi gawe – numpes tapis omah tawon sing gedhene sak weteng gajah. (D17/20/TE)		√	√						√						- <i>Frasa: Gedhene sak weteng gajah.</i> -Diksi indria paningal: dipuntampi dening mripat minangka indera paningal. -Mujudaken kesan saha kawontenan mirunggan: nedahaken bilih wonten omah tawon ingkang ageng sanget.
18.	Gek neng ngarep rai sisan le	√		√								√				-Tembung: <i>Nggedhendhol.</i> -Diksi indria

Tabel salajengipun

1	2	3	4	5	6	7	8	9	10	11	12	13	14	15	16	17
	nggedhendhol. (D18/21/TE)															paningal: dipunampi dening mripat minangka indera paningal. -Nggambaraken kawontenan (kahanan): omah tawon ingkang nggedhendhol, ageng ingkang wonten ing nginggil konten menika metengi mripat, tegesipun netegi mripat.
19.	Yen diogreh-ogreh, boten kudu tawon, cacing kemawon jare nggronjal yen kepidak. (D19/21/TE)	√						√				√				-Tembung: <i>Nggronjal</i> . -Diksi indria pangusap: dipunampi dening kulit minangka indera pangusap. -Nggambaraken kawontenan (kadadosan):

Tabel salajengipun

1	2	3	4	5	6	7	8	9	10	11	12	13	14	15	16	17
																nedahaken bilih boten namung tawon ingkang nggronjal, ananging cacing menawi dipunpidak ugi nggronjal.
20.	Dheweke kuwatir yen kleru olehe ngemonah tawon iku, malah bubar mawur-mawurahan . (D20/22/TE)		√	√					√							- <i>Frasa: Bubar mawur-mawurahan.</i> -Diksi indria paningal: dipuntampi dening mripat minangka indera paningal. -Suka daya pangaribawa kaendahan: wonten tetembungan menika ngginakaken <i>variasi</i> anggenipun ngginakaken diksi, inggih menika ngginakaken

Tabel salajengipun

1	2	3	4	5	6	7	8	9	10	11	12	13	14	15	16	17
																tembung dwilingga ing kang angsal panambang –an ing kang wonten ing tembung <i>mawur- mawurahan</i> .
21.	Lagi nengah- nengahi jibeg, ngolak-alik nalar, golek cara nundhung tawon; seka dalam gedhe sisih kidul keprungu bengoke wong-wong ewon. (D21/22/TE)	√			√								√			-Tembung: <i>Bengoke</i> . -Diksi indria pamireng: dipunlampi dening talingan minangka indera pamireng. -Nggambaraken raos emosi: wonten tiyang dhemo ing kang mbengok kanthi raos emosi ing rapat pamilihing bupati.
22.	Sak bergada, nganggo blangkon mondholan .		√	√								√				-Frasa: <i>Blangkon mondholan</i> . -Diksi indria paningal:

Tabel salajengipun

1	2	3	4	5	6	7	8	9	10	11	12	13	14	15	16	17
	(D22/23/TE)															dipuntampi dening mripat minangka indera paningal. -Nggambaraken kawontenan (kadadosan): nedahaken bilih wonten bergada ingkang ngginakaken blangkon mondholan.
23.	Nganggo surjan abang ati , jarike parangkusu ma, lan macak Jawa ganep. (D23/23/TE)		√	√								√				- <i>Frasa: Abang ati.</i> -Diksi indria paningal: dipuntampi dening mripat minangka indera paningal. -Nggambaraken kawontenan (kadadosan): tembung <i>abang ati</i> lan <i>parangkusuma</i> nedahaken bilih surjan lan jarik

Tabel salajengipun

1	2	3	4	5	6	7	8	9	10	11	12	13	14	15	16	17
																ingkang dipunagem bergada menika surjan abang ati lan jarik parangkusuma.
24.	Raine dibengesi abang getih. (D24/23/TE)		√	√								√				- <i>Frasa: Abang getih.</i> -Diksi indria paningal: dipuntampi dening mripat minangka indera paningal. -Nggambaraken kawontenan (kadadosan): nedahaken bilih pasuryanipun bergada menika dipunpacak kanthi warna abrit.
25.	Kabeh kompak nglaras lelagon. (D25/23/TE)		√		√							√				- <i>Frasa: Nglaras lelagon.</i> -Diksi indria pamireng: dipuntampi dening

Tabel salajengipun

1	2	3	4	5	6	7	8	9	10	11	12	13	14	15	16	17
																talingan minangka indera pamireng. -Nggambaraken kawontenan: nedahaken bilih bergada menika nglaras lelagon sedaya kanthi kompak.
26.	Sing sak bergada meneh, blangkongan dhempes. (D26/23/TE)		√	√								√				- <i>Frasa: Blangkongan dhempes.</i> -Diksi indria paningal: dipuntampi dening mripat minangka indera paningal. -Nggambaraken kawontenan (kadadosan): nedahaken bilih bergada ingkang satunggalipun ngginakaken blangkon dhempes.
27.	Nganggo	√		√								√				-Tembung: <i>Gadhing</i>

Tabel salajengipun

1	2	3	4	5	6	7	8	9	10	11	12	13	14	15	16	17
	beskap gadhing , jarikan lurik , lan macak Jawa ganep. (D27/23/TE)															lan <i>lurik</i> . -Diksi indria paningal: dipunampi dening mripat minangka indera paningal. -Nggambaraken kawontenan (kadadosan): nedahaken bilih beskap lan jarik ingkang dipunagem bergada sanesipun inggih menika beskap gadhing lan jarik lurik.
28.	Raine dibengesi putih kambi nyengkengak e lelagon. (D28/23/TE)	√		√								√				-Tembung: <i>putih</i> . -Diksi indria paningal: dipunampi dening mripat minangka indera paningal. -Nggambaraken kawontenan (kadadosan):

Tabel salajengipun

1	2	3	4	5	6	7	8	9	10	11	12	13	14	15	16	17
																pasuryanipun bergada sanesipun dpunpacak kanthi warna pethak.
29.	Saben suwuk lagune, terus disambung keplok setan. (D29/23/TE)		√		√								√			- <i>Frasa: Keplok setan.</i> -Diksi indria pamireng: dipuntampi dening talingan minangka indera pamireng. -Nggambaraken raos emosi: keplok setan nedahaken raos emosi saking tiyang ingkang dhemo.
30.	Anehe, wayang kasebut ora dhapur ireng, ning diprada kuning emas, lan disungging		√	√									√			- <i>Frasa: kuning emas.</i> -Diksi indria paningal: dipuntampi dening mripat minangka indera paningal. -Nggambaraken

Tabel salajengipun

1	2	3	4	5	6	7	8	9	10	11	12	13	14	15	16	17
	ngremit. (D30/23/TE)															raos emosi: wayang ingkang dipunbekta tiyang ingkang dhemo menika sanes warna cemeng ananging kuning gadhing lan dipunsungging kanthi ngatos-atos.
31.	Kareben pikirane wong-wong ting brengok , kebak tuntutan iku ajer, Satpam gage mbiwaraka ke nganggo corong. (D31/24/TE)	√			√								√			-Tembung: <i>Brengok</i> lan <i>mbiwarakake</i> . -Diksi indria pamireng: dipuntampi dening talingan minangka indera pamireng. -Nggambaraken raos emosi: emosinipun tiyang ingkang dhemo, ting brengok amargi tiyang kathah ingkang paring pamrayogi kangge calon

Tabel salajengipun

1	2	3	4	5	6	7	8	9	10	11	12	13	14	15	16	17
																bupati.
32.	Sedhela meneh, ora nganti sak asate idu ing lebu, ketua dhewan saguh mrepegi wong-wong iku. (D32/24/TE)	√						√					√			-Tembung: <i>Asate</i> . -Diksi indria pangusap: dipuntampi dening kulit minangka indera pangusap. -Nggambaraken raos emosi: amargi kathah anggenipun ngendika saengga dipungambaraken ing tembung ' <i>asate idu</i> ', menika nedahaken raos emosi saking tiyang ingkang dhemo.
33.	Njur ting cekikik , ngampet ambyare esem, ben ora wutah dadi guyu	√			√							√				-Tembung: <i>Cekikik</i> . -Diksi indria pamireng: dipuntampi dening talingan minangka indera pamirneg. -Nggambaraken

Tabel salajengipun

1	2	3	4	5	6	7	8	9	10	11	12	13	14	15	16	17
	sinis. (D33/24/TE)															kawontenan (kadadosan): nedahaken bilih kathah tiyang ingkang ting cekikik amargi ngampet ngguyu.
34.	Delengen! Sabèn arep mlebu gedhung, tawon kae ting srengung, liyane ngremoyo k ing omahe nggilani. (D34/25/TE)	√		√								√				-Tembung: <i>Ngremoyok.</i> -Diksi indria paningal: dipunampi dening mripat minangka indera paningal. -Nggambaraken kawontenan (kadadosan): nedahaken bilih wonten tawon ingkang ngremoyok, kathah sanget.
35.	“Hiiii..., haaaa...haaa a!” wong-		√		√						√					- <i>Frasa: Bedhah guyune lan ambrol bengoke.</i>

Tabel salajengipun

1	2	3	4	5	6	7	8	9	10	11	12	13	14	15	16	17
	wong iku bedhah guyune. Ambrol bengoke. (D35/25/TE)															<ul style="list-style-type: none"> -Diksi indria pamireng: dipuntampi dening talingan minangka indera pamireng. -Mujudaken makna enggal: <i>bedhah</i> ingkang sejatosipun saged dipuntampi dening indera paningal ananging amargi wontenipun tembung <i>penjelas</i> inggih menika <i>guyune</i>, saengga tetembungan kalawau dipuntampi dening indera pamireng. Tembung <i>ambrol</i> ingkang sejatosipun dipuntampi dening indera paningal

Tabel salajengipun

1	2	3	4	5	6	7	8	9	10	11	12	13	14	15	16	17
																ananging amargi wontenipun tembung <i>bengoke</i> minangka tembung <i>penjelas</i> saengga tetembungan menika dipunraosaken dening indera pamireng.
36.	<p>“Huajihhh ... huajiihhh!” Emane, legi wae tisu ditempelke meh spontan dha nggebres-nggebres. (D36/25/TE)</p>	√			√							√				<p>-Tembung: <i>“Huajihhh... huajiihhh!”</i> lan <i>nggebres-nggebres.</i> -Diksi indria pamireng: dipuntampi dening talingan minangka indera pamireng. -Nggambaraken kawontenan (kadadosan): nedahaken bilih tiyang ingkang wonten ing mriku</p>

Tabel salajengipun

1	2	3	4	5	6	7	8	9	10	11	12	13	14	15	16	17
																wahing sasampunipun nempelaken tisu ing pasuryanipun.
37.	Wong-wong liyane terus ting braok , nguntabke ketua dhewan arep mlebu ruwang sidhang. (D37/26/TE)		√		√								√			- <i>Frasa: Ting braok.</i> -Diksi indria pamireng:dipuntam pi dening talingan minangka indera pamireng. -Nggambaraken raos emosi: raos emosinipun tiyang ingkang dhemo dumateng ketua dhewan.
38.	“ Tawon dhegleng! ” Suwara kasar, ting blesar. (D38/27/TE)		√		√										√	- <i>Frasa: “Tawon dhegleng!”.</i> -Diksi indria pamireng: dipuntampi dening talingan minangka indera pamireng. -Mujudaken kesan kasar: tetembungan

Tabel salajengipun

1	2	3	4	5	6	7	8	9	10	11	12	13	14	15	16	17
																menika mujudaken kesan kasar amargi sanes tembung ingkang kedahipun dipunucapaken wonten ing ngajengipun tiyang kathah.
39.	<p>“wunggggg ...winngggg !” Tawon-tawon iku gemrunggu ng neng njeron ruwang. (D39/28/TE)</p>	√			√							√				<p>-Tembung: “wungggg...winngggg!” lan <i>gemrungung</i>.</p> <p>-Diksi indria pamireng: dipuntampi dening talingan minangka indera pamireng.</p> <p>-Nggambaraken kawontenan (kadadosan): nedahaken bilih tawon ingkang wonten ing salebetipun ruwang sidhang mubal lan</p>

Tabel salajengipun

1	2	3	4	5	6	7	8	9	10	11	12	13	14	15	16	17
																gemrungung.
40.	“Haaaa.....h aaaa!” Ana suwara guyu gerok , persis raseksa Bona Naakasura kalah karo Gathutkaca, jaman rebutan Wahyu Senapati. (D40/28/TE)		√		√								√			- <i>Frasa: guyu gerok.</i> -Diksi indria pamireng: dipunampi dening talingan minangka indera pamireng. -Nggambaraken raos emosi: gumujengipun nedahaken raos emosi saking dhalang, inggih menika raos puas.
41.	Wartawan gage nggrudug dhewan sing ngguyu kemba, ora bisa ndhungkluk, kejebur jugangan sampah.		√	√								√				- <i>Frasa: Kejebur jugangan.</i> -Diksi indria paningal: dipunampi dening mripat minangka indera paningal. -Nggambaraken kawontenan (kadadosan): dhewan ingkang

Tabel salajengipun

1	2	3	4	5	6	7	8	9	10	11	12	13	14	15	16	17
	(D41/28/TE)															boten saged ndhungkluk amargi dipunantup tawon menika dhawah ing jugangan sampah.
42.	Merga sirahe ditanduri racun dening tawon, njalari abuh kepu-kepu ing raine. (D42/28/TE)		√	√						√						- <i>Frasa: Abuh kepu-kepu.</i> -Diksi indria paningal: dipuntampi dening mripat minangka indera paningal. -Mujudaken kesan saha kawontenan mirunggan: nedahaken bilih tiyang ingkang dipunantup tawon menika pasuryanipun abuh kathah lan ageng-ageng.
43.	Mula ora aneh, yen wong-wong		√		√								√			- <i>Frasa: Ngguyu sarosane.</i> -Diksi indria

Tabel salajengipun

1	2	3	4	5	6	7	8	9	10	11	12	13	14	15	16	17
	sing dha nyuwarakake aspirasi ing njaban regol ngguyu sarosane. (D43/28/TE)															pamireng: dipuntampi dening talingan minangka indera pamireng. -Nggambaraken raos emosi: nggambaraken raos remenipun tiyang ingkang dhemo amargi ketua dhewan kalawau pasuryanipun abuh lajeng dhawah ing jugangan sampah.
44.	Gelungan. (D44/30/Gln)	√		√										√		-Tembung: <i>Gelungan.</i> -Diksi indria paningal: dipuntampi dening mripat minangka indera paningal. -Nggesangaken gambaran ukara: <i>gelungan</i> minangka tatananipun rikma

Tabel salajengipun

1	2	3	4	5	6	7	8	9	10	11	12	13	14	15	16	17	
																	ing kang dipuntaleni lan dipunukel dados setunggal.
45.	Sawuran suwara mentah, mblasah ting ceblung , kadhangkala ngoroki kuping . (D45/31/Gln)		√		√					√							- <i>Frasa: Ting ceblung lan ngoroki kuping.</i> -Diksi indria pamireng: dipuntampi dening talingan minangka indera pamireng. -Mujudaken kesan saha kawontenan mirunggan: tegesipun saking swanten ing kang ting ceblung lan ngoroki kuping inggih menika ukara-ukara ing kang boten sae ing kang dipunmirengaken saengga mbrebegi

Tabel salajengipun

1	2	3	4	5	6	7	8	9	10	11	12	13	14	15	16	17
																talingan.
46.	“Jeng Setress, raine babak belur, wilur-wilur . Rambute modhal-madhul . Raine tatu parut. Sajake dikrawus macan”. (D46/31/Gln)	√		√					√							-Tembung: <i>Wilur-wilur</i> lan <i>modhal-madhul</i> . -Diksi indria paningal: dipuntampi dening mripat minangka indera paningal. -Suka daya pangaribawa kaendahan: amargi ngginakaken tembung dwilingga, <i>wilur-wilur</i> minangka tembung dwilingga padha swara, lan <i>modhal-madhul</i> minangka tembung dwilingga salin swara.
47.	Getih lambah-lambah,		√	√						√						- <i>Frasa: Getih lambah-lambah.</i> -Diksi indria

Tabel salajengipun

1	2	3	4	5	6	7	8	9	10	11	12	13	14	15	16	17	
	ngundang laler lan asu. (D47/32/Gln)																paningal: dipuntampi dening mripat minangka indera paningal. -Mujudaken kesan saha kawontenan mirunggan: <i>getih lambah-lambah</i> nggambaraken bilih wonten rah ingkang kathah sanget.
48.	Seka njero tase, nyomot barang watu putih mengkilat. (D48/32/Gln)		√	√								√					- <i>Frasa: Watu putih mengkilat.</i> -Diksi indria paningal: dipuntampi dening mripat minangka indera paningal. -Nggambaaken kawontenan (kadadosan): wonten mriku jeng Setres mundhut sela ingkang warna

Tabel salajengipun

1	2	3	4	5	6	7	8	9	10	11	12	13	14	15	16	17
																pethak saking lebet tasipun.
49.	Sing dha krungu ting klesik. (D49/34/Gln)		√		√								√			- <i>Frasa: Ting klesik.</i> -Diksi indria pamireng: dipuntampi dening talingan minangka indera pamireng. -Nggambaraken raos emosi: tiyang ingkang nggatosaken jeng setres mundhut sela pethak saking tasipun menika sami penasaran.
50.	Kuping. (D50/35/Kpg)	√		√								√				-Tembung: <i>Kuping.</i> -Diksi indria paningal: dipuntampi dening mripat minangka indera paningal. -Nggambaraken kawontenan (kadadosan):

Tabel salajengipun

1	2	3	4	5	6	7	8	9	10	11	12	13	14	15	16	17
																<i>kuping</i> utawi talingan minangka piranti ingkang dipunginakaken kangge mirengaken.
51.	Klebu suwara klesik-klesik ing hotel-hotel, losmen, kantor-kantor, lan sapiturute. (D51/37/Kpg)	√			√				√							-Tembung: <i>Klesik-klesik</i> . -Diksi indria pamireng: dipuntampi dening talingan minangka indera pamireng. -Suka daya pangaribawa kaendahan: tembung <i>klesik-klesik</i> kalebet tembung dwilingga kanthi teges guneman kanthi swanten liri.
52.	Umume, sing dirungu suwara-		√		√						√					- <i>Frasa: Suwara-suwara reged.</i> -Diksi indria

Tabel salajengipun

1	2	3	4	5	6	7	8	9	10	11	12	13	14	15	16	17
	suwara reged. (D52/37/Kpg)															-pamireng: dipunampi dening talingan minangka indera pamireng. Mujudaken makna enggal: tembung <i>reged</i> ingkang sejatosipun dipunampi dening indera pangusap ananging dipunampi dening indera pamireng amargi tembung <i>reged</i> minangka katrangan saking tembung <i>suwara- suwara</i> .
53.	Kuping iku mili getih abang , campur putih. (D53/39/Kpg)		√	√								√				- <i>Frasa: Getih abang.</i> -Diksi indria paningal: dipunampi dening mripat minangka indera paningal.

Tabel salajengipun

1	2	3	4	5	6	7	8	9	10	11	12	13	14	15	16	17
																-Nggambaraken kawontenan (kadadosan): rah menika mili saking talinganipun Pak Gedheg nalika badhe dipunoperasi.
54.	Sing tengen kok namung mireng swanten alus- alusan thok, swara tembang, gamelan. (D54/39/Kpg)		√		√						√					- <i>Frasa: Swanten alus-alusan.</i> -Diksi indria pamireng: dipuntampi dening talingan minangka indera pamireng. -Mujudaken makna enggal: tembung <i>alus-alusan</i> ingkang sejatosipun dipuntampi dening indera pangusap ananging wonten ukara menika dipuntampi dening

Tabel salajengipun

1	2	3	4	5	6	7	8	9	10	11	12	13	14	15	16	17
																indera pamireng amargi tembung <i>alus-alusan</i> minangka katrangan saking tembung <i>swanten</i> .
55.	Ingang kiwa kok boten purun, malah suwanten tiyang nangis thok. (D55/39/Kpg)		√		√							√				- <i>Frasa: Swanten</i> <i>tiyang nangis.</i> -Diksi indria pamireng: dipuntampi dening talingan minangka indera pamireng, -Nggambaraken kawontenan (kadadosan): sasampunipun Pak Gedheg operasi talinganipun, ingkang kiwa namung mireng. <i>swanten</i> tiyang nangis kemawon.
56.	Senthir.	√		√								√				-Tembung: <i>Senthir.</i>

Tabel salajengipun

1	2	3	4	5	6	7	8	9	10	11	12	13	14	15	16	17
	(D56/41/Str)															<p>-Diksi indria paningal: dipuntampi dening mripat minangka indera paningal.</p> <p>-Nggambaraken kawontenan (kadadosan): <i>senthir</i> inggih menika diyan alit ingkang ngginakaken uceng-uceng (sumbu). <i>Senthir</i> minangka piranti ingkang dipunginakaken kangge pepadhang nalika peteng.</p>
57.	Katon yen ana jarit-jarit , gumun. (D57/41/Str)	√		√								√				<p>-Tembung: <i>Jlarit-jlarit</i>.</p> <p>-Diksi indria paningal: dipuntampi dening mripat minangka</p>

Tabel salajengipun

1	2	3	4	5	6	7	8	9	10	11	12	13	14	15	16	17
																indera paningal. -Nggambaraken kawontenan (kadadosan): nedahaken bilh wonten samukawis ingkang <i>jarit-jlarit</i> ingkang dipunpendhet Bas saking jugangan sampah, damel simbokipun gumun.
58.	Sapa sing ora mak klukuk, weruh sega turahan molor. (D58/42/Str)	√		√								√				-Tembung: <i>Molor.</i> -Diksi indria paningal: dipuntampi dening mripat minangka indera paningal. -Nggambaraken kawontenan (kadadosan): nedahaken bilih sekul turahan menika molor

Tabel salajengipun

1	2	3	4	5	6	7	8	9	10	11	12	13	14	15	16	17
																amargi sampun dangu.
59.	Gek petenge nduleg. (D59/42/Str)		√	√						√						- <i>Frasa: Petenge nduleg.</i> -Diksi indria paningal: dipuntampi dening mripat minangka indera paningal. -Nuwuhaken kesan saha kawontenan mirunggan: tembung <i>petenge nduleg</i> nedahaken bilih ing griyanipun Bas menika peteng sanget.
60.	Saya nyemburet layung-layung sing nrabas gedheg pawonku. (D60/42/Str)		√	√										√		- <i>Frasa: Nyemburet layung-layung.</i> -Diksi indria paningal: dipuntampi dening mripat minangka indera paningal. -Nngesangaken

Tabel salajengipun

1	2	3	4	5	6	7	8	9	10	11	12	13	14	15	16	17
																gambaran ukara: nedahaken bilih wonten layung- layung ingkang mlebet ing pawonipun Bas.
61.	Ing kono ana padhang- padhang, melik. (D61/43/Str)	√		√								√				-Tembung: <i>Padhang- padhang.</i> -Diksi indria paningal: dipunlampi dening mripat minangka indera paningal. -Nggambaraken kawontenan (kadadosan): nedahaken bilih wonten ing pawonipun bas wonten sumunar padhang-padhang, melik.
62.	Mosok, seprana- seprene	√		√					√							-Tembung: <i>Kelap- kelip.</i> -Diksi indria

Tabel salajengipun

1	2	3	4	5	6	7	8	9	10	11	12	13	14	15	16	17	
	omah iki mung nyandhing senthir kelap-kelip. (D62/43/Str)																paningal: dipunlampi dening mripat minangka indera paningal. -Suka daya pangaribawa kaendahan: wontenipun variasi panganggenipun diksi ing salebeting ukara, inggih menika tembung <i>kelap-kelip</i> minangka dwilingga salin swara.
63.	Ora mung mendak- mendik, mbruweti mripat. (D63/44/Str)	√		√					√								-Tembung: <i>mendak- mendik.</i> -Diksi indria paningal: dipunlampi dening mripat minangka indera paningal. -Suka daya pangaribawa

Tabel salajengipun

1	2	3	4	5	6	7	8	9	10	11	12	13	14	15	16	17
																kaendahan: wontenipun variasi panganggening diksi ing ukara inggih menika tembung <i>mendak- mendik</i> ingkang minangka tembung dwilingga salin swara.
64.	Dalan. (D64/46/Dln)	√		√								√				-Tembung: <i>Dalan.</i> -Diksi indria paningal: dipunlampi dening mripat minangka indera paningal. -Nggambaraken kawontenan (kahanan): <i>Dalan</i> utawi margi minangka papan ingkang dipunnginakaken kangge dipunambah.

Tabel salajengipun

1	2	3	4	5	6	7	8	9	10	11	12	13	14	15	16	17
65.	Ngerti-ngerti papan sing dak ambah krasa panas , nglothokake kulit. (D65/46/Dln)	√						√				√				-Tembung: <i>Panas</i> . -Diksi indria pangusap: dipuntampi dening kulit minangka indera pangusap. -Nggambaraken kawontenan (kahanan): papan ingkang benter sanget ngantos saged nglothokaken kulit.
66.	Sriwing-sriwing dheweke mbisikake wangsulan. (D66/48/Dln)	√			√							√				-Tembung: <i>Sriwing-sriwing</i> . -Diksi indria pamireng: dipuntampi dening talingan minangka indera pamireng. -Nggambaraken kawontenan (kadadosan): nedahaken bilih wonten swanten

Tabel salajengipun

1	2	3	4	5	6	7	8	9	10	11	12	13	14	15	16	17
																ingkang mangsuli pitakenan ananging namung swanten alus-alusan lan liri.
67.	Kaya dene mori putih tanpa ana dlemok-dlemoke. (D67/48/Dln)	√		√								√				-Tembung: <i>Putih</i> lan <i>dlemok-dlemoke.</i> -Diksi indria paningal: dipuntampi dening mripat minangka indera paningal. -Nggambaraken kawontenan (kadadosan): nedahaken bilih margi lokil kados mori ingkang taksih putih resik.
68.	“Lho? Kok tekan kene, kuwi apa, kuning, abang,	√		√								√				-Tembung: <i>Kuning, abang, ireng</i> lan <i>putih.</i> -Diksi indria paningal:

Tabel salajengipun

1	2	3	4	5	6	7	8	9	10	11	12	13	14	15	16	17
	ireng , lan putih kuwi...kuwi ?". (D68/51/Dln)															dipuntampi dening mripat inangka indera paningal. -Nggambaraken kawontenan (kadadosan): ingkang dipunpriksani inggih menika margi kanthi warna kuning, abrit, cemeng, lan pethak.
69.	Tegese manut mituruta marang mendhak- mendhukul, menggak- menggok, mbrenjal- mbrenjul, lan kasar- aluse dalam	√						√	√							-Tembung: <i>Mbrenjal-mbrenjul,</i> <i>kasar</i> lan <i>aluse</i> . -Diksi indria pangusap: dipuntampi dening kulit minangka indera pangusap. -Suka daya pangaribawa kaendahan: wontenipun variasi

Tabel salajengipun

1	2	3	4	5	6	7	8	9	10	11	12	13	14	15	16	17	
	kuwi. (D69/52/Dln)																anggenipun ngginakaken diksi, inggih menika tembung <i>mbrenjal- mbrenjul</i> minangka tembung dwilingga salin swara, lan tembung <i>kasar aluse</i> minangka tembung camboran wudhar.
70.	Mung kari pawongan nganggo sandhangan ijo-ijo , pangkahe ting trempel , mandeng – tembus jantungku. (D70/52/Dln)	√		√								√					-Tembung: <i>Ijo-ijo</i> lan <i>trempel</i> . -Diksi indria paningal: dipunlampi dening mripat minangka indera paningal. -Nggambaraken kawontenan (kadadosan): nedahaken bilih wonten tiyang ingkang ngginakaken

Tabel salajengipun

1	2	3	4	5	6	7	8	9	10	11	12	13	14	15	16	17
																sragam warna ijem lan kathah pangkahipun.
71.	Aku lan kembaranku terus bisa mlaku lan ngrasakake panase donya. (D71/54/AK)	√						√				√				-Tembung: <i>Panase</i> . -Diksi indria pangusap: dipuntampi dening kulit minangka indera pangusap. -Nggambaraken kawontenan (kahanan): nedahaken bilih Anggara lan Kasih saged ngraosaken kahanan ingkang benter ing alam donya.
72.	Dak grecoki ngono kembaranku, mung mesem kecut . (D72/55/AK		√	√							√					-Frasa: <i>Mesem kecut</i> . -Diksi indria paningal: dipuntampi dening mripat minangka indera paningal.

Tabel salajengipun

1	2	3	4	5	6	7	8	9	10	11	12	13	14	15	16	17
)															<p>-Mujudaken makna enggal: tembung <i>kecut</i> ingkang sejatosipun dipuntampi dening indera pangecap ananging amargi tembung <i>kecut</i> minangka katrangan saking tembung <i>mesem</i> saengga tembung <i>mesem kecut</i> dipuntampi dening indera paningal.</p>
73.	Rambute kembaranku semu abang menges , aku ireng angus , tur brintik. (D73/55/AK)		√	√								√				<p>-<i>Frasa: Abang menges, ireng angus.</i> -Diksi indria paningal: dipuntampi dening mripat minangka indera paningal. -Nggambaraken kawontenan</p>

Tabel salajengipun

1	2	3	4	5	6	7	8	9	10	11	12	13	14	15	16	17
																(kadadosan): nedahaken blih rikmanipun Anggara warna abrit lan Kasih cemeng tur brintik.
74.	Pyarrrr, dadi sewalang- walang. (D74/60/AK)	√		√								√				-Tembung: <i>Sewalang-walang.</i> -Diksi indria paningal: dipunampi dening mripat minangka indera paningal. -Nggambaraken kawontenan (kadadosan): nedahaken bilih pangilon ingkang pecah menika agengipun sewalang-walang (ajur).
75.	Meruhi kahanan ngeres		√	√						√						- <i>Frasa: Adus getih.</i> -Diksi indria paningingal:

Tabel salajengipun

1	2	3	4	5	6	7	8	9	10	11	12	13	14	15	16	17
	ngono, aku lan Gondhang gage nubruk ibu sing wis adus getih , bebarengan. (D75/60/AK)															dipuntampi dening mripat minangka indera paningal. -Mujudaken kesan saha kawontenan mirunggan: <i>adus getih</i> ingkang dipunkajengaken saking ukara menika inggih menika rahipun ibu ingkang kathah sanget ngantos sabadanipun.
76.	Bareng diuculi buntele mencorot, njerone isih diwungkus mori putih . (D76/63/BK)		√	√								√				- <i>Frasa: Mori putih.</i> -Diksi indria paningal: dipuntampi dening mripat minangka indera paningal. -Nggambaraken kawontenan (kadadosan): nggambaraken kadadosan ingkang

Tabel salajengipun

1	2	3	4	5	6	7	8	9	10	11	12	13	14	15	16	17
																dipunalami dening Pak To angsal hadiah ingkang dipunwungkus mori pethak.
77.	Isih keworan kembang semboja nggambret ambune. (D77/63/BK)		√		√							√				- <i>Frasa: Nggambret ambune.</i> -Diksi indria pangganda: dipuntampi dening talingan minangka indera pangganda. -Nggambaraken kawontenan (kadadosan): hadiah ingkang dipuntampi Pak To menika wonten ganda sekar semboja.
78.	Rukmini manut, kambi ngelap luhe sing anyep.	√						√					√			-Tembung: <i>Anyep.</i> -Diksi indria pangusap: dipuntampi dening kulit minangka

Tabel salajengipun

1	2	3	4	5	6	7	8	9	10	11	12	13	14	15	16	17
	(D78/64/BK)															<ul style="list-style-type: none"> indera pangusap. -Nggambaraken raos emosi: Rukmini sedhih ngantos tumetes eluh ing pipinipun, Rukmini ngelap eluhipun ingkang tumetes ing pipinipun.
79.	Lagi nengah-nengahi Bathara Kala mithing Bambang Jatusmati, ana dhemonstran ewon cacaheting brengok. (D79/65/BK)	√			√								√			<ul style="list-style-type: none"> -Tembung: <i>Brengok.</i> -Diksi indria pamireng: dipuntampi dening talingan minangka indera pamireng. -Nggambaraken raos emosi: dhemonstran ingkang emosi nuntut dhalangipun supados saged ngajar Bathara Kala.

Tabel salajengipun

1	2	3	4	5	6	7	8	9	10	11	12	13	14	15	16	17
80.	Njur njupuk slendhang abang lan tisu kuning , gage nyedhaki bos dhemonstran . (D80/65/BK)	√		√								√				-Tembung: <i>Abang</i> lan <i>kuning</i> . -Diksi indria paningal: dipuntampi dening mripat minangka indera paningal. -Nggambaraken kawontenan (kadadosan): sindhen lajeng mendhet slendhang abrit lan tisu kuning lajeng dipuntempelaken teng bos dhemonstran supados mendel.
81.	Mrodhol ususe, godras getih. (D81/66/BK)	√		√								√				-Tembung: <i>Mrodhol</i> . Diksi indria paningal: dipuntampi dening mripat minangka indera paningal.

Tabel salajengipun

1	2	3	4	5	6	7	8	9	10	11	12	13	14	15	16	17
																-Nggambaraken kawontenan (kadadosan): Pak To nrobos kelir lajeng nunjem senjata padharanipun lan mrodhol ususipun, rahipun kathah sanget.
82.	Bathang. (D82/67/Btg)	√		√								√				-Tembung: <i>Bathang.</i> -Diksi indria paningal: dipuntampi dening mripat minangka indera paningal. -Nggambaraken kawontenan (kadadosan): <i>Bathang</i> inggih menika samukawis ingkang sampun bubrah. <i>Bathang</i> menika awujud

Tabel salajengipun

1	2	3	4	5	6	7	8	9	10	11	12	13	14	15	16	17
																samukawis ingkang saged dipuntingali dening mripat.
